


FÒMASYON SOU ZAFÈ SANTE SEKSYÈL POU TIFI "ESPAS PA'M YO"



NAP APRANN KONN KÒ NOU AK KÈK KONPETANS
POU NOU JERE
SANTE SEKSYÈL NOU PI BYEN



KISA KI NAN MODIL LA



DIRE : 27 è

Tit

PREZANTASYON INISYATIV LA

1. Kontèks ak Objektif inisyativ la
2. Òganizasyon dokiman an ak Metòd fòmasyon an
3. Òganizasyon fòmasyon an

KONTNI MODIL LA

0. Entwodiksyon fòmasyon an – 1è
1. Map prezante w yon ti zanmi m – 1è ak 30 minit
2. Etap devlopman timoun - 1è
3. Enpòtans aksè ak enfòmasyon – 30 minit
4. Lasante – 1è
5. Sante seksyèl – 1è
6. Pati nan kò nou pa betiz – 1è
7. Pati seksyèl nan Kò tifi ki gen pou wè ak sante seksyèl – 1è
8. Pati seksyèl nan kò ti gason ki gen pou wè ak sante seksyèl- 1è
9. Pibète kay tifi – 1è
10. Pibète kay ti gason – 1è
11. Zafè Règ la : Ki sa Règ la ye – 1è
12. Zafè Règ la : Sik manstriyèl – 1è
13. Lijyèn : ki sa lijiyèn ye ak enpòtans li - 1è
14. Lijyèn pati seksyèl kay tifi – 1è
15. Lijyèn pati seksyèl kay tifi lè pa gen dlo – 30 minit
16. Seksyalite – 1è
17. Renmen yon moun – 1è
18. Aktivite Seksyèl: – 45 minit
19. Vyolans Seksyèl– 45 minit
20. Chwa seksyèl – 1è ak 30 minit
21. Gwosès – 1è ak 30 minit
22. Responsabilite nan zafè fè pitit – 1è
23. Planin : Metòd natirèl, Metòd modèn – 2è
24. Maladi moun ka pran nan aktivite seksyèl – 1è ak 30 minit
25. Negosiyasyon pou pran bon jan desizyon – 1è ak 30 minit

2

FÒMASYON SOU ZAFÈ SANTE SEKSYÈL POU TIFI “ESPAS PA’M YO”





1. KONTÈKS AK OBJEKTIF INISYATIV LA

Rezo ti fi adolesan nan peyi Ayiti ki gen ti non jwèt li HAGN se yon kowalisyon ki gen ladan'l òganizasyon imanité ki te kreye pa AmeriCares epi Populations Council. Rezo a angaje'l nan pwoteje epi ranfòse kapasite tifi vilnerab yo ki gen 10 pou rive 19 lane nan peyi Ayiti. Objektif prensipal li se ankouraje pwogram dirab ki pou sipòte devlopman sosyal, ekonomik epi bon jan lasante pou ti fi adolesan ayisyen. Rezo sa a chita nan **YWCA Ayiti** nan moman sa a.

An peyi Ayiti, sitistasyon fanm ak tifi difisil anpil. Malgre yo reprezante plis pase 52 % popilasyon peyi an, dapre sondaj Enstiti Estatistik Ayisyen an (IHSI) nan lane 2003, fanm se yon pati enpòtan nan ekonomi peyi a epi yo kontribye anpil nan estabilite fanmi yo. Anpil pwovèb ayisyen demontre enpòtans yo nan sosyete a: " Fanm Poto Mitan se ", se yon trezò presye: " Fanm se Kajou ", yo adapte yo epi yo gen anpil kouraj: " Fanm se rozo ", yo pliye men yo pap kase. Men, lavi a pa fasil pou fanm ayisyen an ki malerezman gen pou'l fè fas a tout kalite defi nan lavi chak jou yo. Non sèlman yo dwe goumen pou yo jwenn aksè ak resous ki limite, men yo gen pou fè fas ak divès kalite fòm diskriminasyon ak vyolans. Ledikasyon an ki tradisyonèl anpil pa bay ti fi yo zouti ki apwopriye pou yo viv nan sosyete a. Avèk sipò ki nesesè yo, yo ka devlope nouvo estrateji ki kapab amelyore lavi yo. Nan lespri sa, rezo a te mande "**enpak**" devlope yon pwogram fòmasyon, kap pèmèt tifi adolesan yo, gen enfòmasyon yo gen bezwen pou jere la vi yo pi byen epi pran bon jan desizyon ki bon pou yo. "**enpak**" se yon òganizasyon ayisyen kap travay selon apwòch dwa moun. Pou devlope modil sa, enpak konsilte tifa k mantò espas pa'm yo epi gade lòt materyèl ki devlope nan domèn la nan peyi Ayiti ak lòt peyi tou.

Pwogram fòmasyon sa a ap pèmèt Mantò Espas Pa'm yo gen bon jan zouti pou yo akonpaye tifi yo.

2. ÒGANIZASYON DOKIMAN AN AK METÒD FÒMASYON AN

Kaye fòmasyon sa gen ladan'l 2 gwo pati:

1. Entwodiksyon fòmasyon Mantò
2. Kontni Modil Sante Seksyèl

Kaye a òganize sou fòm sekans. Li gen 25 sekans. Mantò yo ap ka itilize modil sa, san kras pwoblèm. Tout enfòmasyon sou ki jan pou yo fè ak kisa pou yo di ekri ladan'l. Li gen jwèt, aktivite, chante pou Mantò yo epi pou timoun yo. Gen kèk aktivite ki pou Mantò yo sèlman kap pèmèt yo pi byen prepare pou yo travay ak ti fi yo. Gen lòt aktivite ki pou Mantò yo ak tifi yo, yo gen yon ti koulè **Vèt Pal**. Tout sa ki pou Mantò yo sèlman gen yon koulè **Ble Pal**. Nan aktivite ki pou tifi yo, gen ladan yo ki pou gwoup 10-14 lane epi gen lòt pou gwoup 15-19 lane. Rezime aprantisaj ki nan sekans yo gen yon ti koulè **Roz**.

Chak sekans gen plizyè pati ladan'l. Nap jwenn:

1. Pretès
2. Jwèt pou patisipan yo amize yo anvan seyans la
3. Yon istwa, yon jwèt, yon desen, oswa yon tèks, kap pèmèt patisipan yo fè diskisyon sou eksperyans pa yo, reflechi, epi gen nouvo enfòmasyon sou yon sijè
Pati sa a gen yon seri kesyon kap pèmèt tifi yo rantre nan ka a epi reflechi sou kèk solisyon oswa altènativ
4. Rezime aprantisaj la ak nosyon ki enpòtan yo

5. Yon seri aktivite refleksyon kap pèmèt patisipan yo mete an pratik sa yo aprann apre seyans fòmasyon an
6. Postès

Fòmasyon sa ap itilize metòd patisipatif k'ap pèmèt patisipan yo brase lide sou yon tèm nan yon tan ki kout, aprann pandan y'ap jwe, fè eksperyans ak pwòp dekouvèt yo. Patisipan yo ap gen pou travay sou aktivite refleksyon ak aprantisaj fasilite a pral ba yo nan fen chak jou. Avan sesyon an fini, fasilite ap ede patisipan yo fè yon ti rapèl sou tout sa yo te wè pandan jounen an.

Chak fwa fasilite a pral entwodwi yon lòt sekans, l'ap ankouraje patisipan yo fè yon ti retounen pou sonje sa yo te wè avan yo, paske tout sekans nan modil sa makonnen youn ak lòt. Kidonk li enpotan pou tout leson nan sekans ki fèt deja yo klè avan fasilite a avanse ak pwochen sekans yo. Se yon mwayen tou pou fasilite a tout fikse tout sa ki pat fin klè pou patisipan yo.

Pre tès ak Pòs tès

Avan Mantò a antre nan chak sekans yo, l'ap jwenn yon gid ki rele **“Pre tès”** ki se yon lis kesyon pou teste konesans timoun yo avan li fè sekans la. Ti tès sa ka pèmèt li wè kòman pou 'l adapte kontni sekans la si sa nesesè. Fasilite ap fòme ti gwoup 5 moun pou fè pretès la. Menm jan tou, lè Mantò a fin wè tout kontni sekans la ak timoun yo, l'ap repoze menm kesyon yo ankò **“Pòs tès”** yon jan pou 'l wè kisa timoun yo sonje vre kom konesans ak pratik. Lap toujou asire menm tigwoup 5 ki fè pretès la, se yo menm ki pou fè postès la yon jan poul ka swiv pwogrè patisipan yo.

3. ÒGANIZASYON FÒMASYON AN

Dire fòmasyon an

Kaye an devlope pou'l fèt sou yon peryòd 27 èd tan pou pi piti. Li ka fèt sou plizyè jou. Mantò a ka fè yon sekans nan espas reyinyon ak tifi yo, sou 1 oswa 2 zèd tan pou pi plis. Men li pa konseye pou Mantò a ta kite twòp tan pase ant 2 sekans. Mantò a pa bezwen òganize yon fòmasyon espesyal pou sa. Li ka sèvi ak espas rankont Espas Pa'm yo pou reyalize fòmasyon an pou tifi yo. Sekans yo dwe fèt nan lòd.

Espas fòmasyon an

Fòmasyon an ka fèt nan nenpòt kote ki gen espas ki an sekirite epi ki pa gen gason. Li enpòtan pou patisipan yo alèz pou yo travay nan gwoup. Se pa yon lekòl kap fèt. Fòmasyon an gen kèk jwèt kap mande patisipan yo deplase nan espas la. Li ka fèt nan yon lakou, nan yon sal ki pa trò piti, nan yon legliz...

Kantite patisipan

Pwogram fòmasyon sa a fèt pou tifi ki patisipe nan pwogram Espas Pa'm yo. Nou konseye Mantò yo pa fè fòmasyon sa a pou yon gwoup ki ta depase 15 tifi. Sa ap pèmèt tifi yo pi byen patisipe epi Mantò a ap ka gen plis kontwòl sou aprantisaj chak grenn tifi.

Preparasyon mantò a

Li enpòtan anpil pou Mantò a prepare sekans li davans. Lap pèmèt li pi alèz fas ak patisipan yo epi jere tan an pi byen.

Rankont ak Paran oswa moun ki responsab timoun yo

Pa rapò ak sijè ki pral debat nan fòmasyon sa, li enpòtan anpil pou Mantò yo rankontre paran yo anvan, de kwa pou yo ka diskite ak paran yo sou sijè fòmasyon an. Gen kèk nan sekans yo, Mantò yo ka fè pou paran yo oswa moun ki responsab tifi yo. Demach sa ap pèmèt yo konprann pi byen enpòtans fòmasyon an pou ti fi yo epi sipòte inisyativ la. Men kèk sekans nou rekòmande pou Mantò fè ak paran yo :

- Etap devlopman timoun
- Enpòtans aksè ak enfòmasyon
- Sante seksyèl
- Pibète kay tifi
- Pibète kay ti gason
- Seksyalite
- Chwa seksyèl

Nan kòmansman an nou li enpòtan pou Mantò a prezante pake fòmasyon an pou paran yo epi li istwa ki esplike sa yo pral jwenn nan fòmasyon an. Sonje itilize enfòmasyon ki ekri nan pati « enfòmasyon pou mantò a » pou paran yo. Objektif la se fè yo konprann enpòtans fòmasyon sa a pou ti fi yo ka fè chwa ki bonpou yo nan la vi yo.

Materyèl nap bezwen nan kad modil sa

Nan lis sa, gen kèk materyèl ki enpòtan pou Mantò yo genyen lè yap fè fòmasyon ak tifi yo. Gen kèk lòt, Mantò yo ka adapte selon resous yo genyen. Nou envite Mantò a pou li itilize imajinasyon li pou li ranplase materyèl li pa genyen ak lòt pandan lap respekte lespri sa ki nan sekans la.

- | | |
|--|---------------------|
| • Gwo fèy papye blan (flipchat) | • Fisèl |
| • Bristòl, Bwat katon osinon almanak ki pase | • Marèl 28 kare |
| • Makè | • Sizo |
| • Blad (balon) fòm wonn ak long | • Gwo poupe plastik |
| • Alonj (fo cheve rèd) | • Sèvièt (kotèks) |
| • Kòl ak tep (tape) | • Fo kòk |
| • Ti sache sòs tomat | • Fo bouboun |
| | • Mouchwa |

- Penti ak penso
- Dlo
- Savon
- Bikabonat (pou sèvi kòm dezodoran epi pat)
- Yon ti moso twal oubyen eponj
- Sèvyèt pou siye kò
- Bròs pou dan
- Planch desen ògan seksyèl tifi ak ti gason
- Ti kivèt
- Grenn pou fè kolye
- Kapòt Fi
- Kapòt gason
- Yon ti moso leman ak bouchon kola.

SEKANS 0



| | |
|-----------------|---|
| Tit | ENTWODIKSYON FÒMASYON AN |
| Objektif | <i>Ede patisipan yo konprann objektif fòmasyon an epi pataje atant yo</i> |
| Dire | 1 èd tan |

1- AKÈY PATISIPAN YO

Fasilitatè yo ap akeyi patisipan yo. Y'ap swete yo byenvini nan espas fòmasyon an. Yo ap distribye materyèl yo te prepare pou patisipan yo epi asire patisipan yo byen chita.

2- KONTÈKS AK OBJEKTIF FÒMASYON AN

Mantò a ap eksplike patisipan yo rezon ak objektif fòmasyon an. Fòk yo fè sa klè yon jan pou patisipan yo santi yo byen alèz pou pataje atant yo.

3- PATISIPAN YO AP PATAJE ATANT YO EPI TABLI RÈG JWÈT LA

AKTIVITE 0 – PATISIPAN YO AP PATAJE ATANT YO EPI TABLI RÈG JWÈT LA – JWÈT SALAD FWI

Fasilitatè a ap mande patisipan yo fòme yon wonn. Tout moun ap chita. Fasilitatè an ap ret kanpe nan mitan wonn nan. Lap mande yo chwazi twa fwi yo konnen, epi chak patisipan ap chwazi yonn nan fwi yo. Chak moun dwe reprezante yon fwi. Pou kòmanse jwèt la, lap rele yon non fwi, tout moun ki gen non sa ap deplase al chita sou yon lòt chèz.

Fasilitatè a ap tou pwofite al chita nan yonn nan chèz yo. Moun ki pa rive chita a ap tou rete nan mitan wonn nan, lap pran plas fasilitatè a epi lap tou pataje ak rès gwoup la atant li epi yon règ jwèt. Pandan tan sa yon lòt fasilitatè ap ekri sa patisipan yo di sou yon fèy flip chat. Lap kontinye rele non yon lòt fwi. Aktivite ap repete jiskaske tout moun

FÒMASYON SOU ZAFÈ SANTE SEKSYÈL POU TIFI "ESPAS PA'M YO"



fin bay atant yo ak yon règ. Lè yo rele salad fwi tout moun ap kanpe pou danse. Konsa tout moun ap chofe, pare pou kòmanse ak aktivite yo.

4- YON KOUT JE SOU AJENDA AK KONTNI MODIL LA

Fasilitatè a ap prezante patisipan yo gran tèm ki nan ajenda fòmasyon an. Li toujou pi enteresan lè fasilitatè yo pataje ajenda detaye a chak jou, jou apre jou. Lè sa a li toujou pi fasil pou fasilitatè a adapte ajenda a selon jan li wè fòmasyon an prale a. Li enpòtan tou nan moman sa pou fasilitatè a eksplike patisipan yo, pral gen anpil aktivite patisipatif nan kad fòmasyon sa, yon jan pou yo pa sezi. Tout aktivite ki pral fèt yo Mantò yo ap kapab fè yo ak timoun nan Espas Pa'm yo. Lè yon moun ap travay ak tifi, fòk li ka mete'l nan yon anbyans ki enterese tifi yo pale epi patisipe tout bon vre.

Modil la sa fèt sou sante seksyèl. Pou eksplike kontni modil la, fasilitatè ap mande youn nan patisipan yo fè lekti ti istwa nou wè ki vini apre a. Istwa sa ap pèmèt patisipan yo wè tout estasyon yo pral jwenn nan modil la. Chak estasyon ap reprezante yon sekans k'ap gen anpil bagay pou patisipan yo aprann sou yon tèm ki gen rapò ak sante seksyèl ki se tèm prensipal Modil la.

5- ISTWA VWAJAJ TIFI ESPAS PA'M YO

Yon jou, Lizèt, yon Mantò Espas Pa'm "**Mwen renmen lavi**", tap fè yon ti pale ak yon ekip tifi. Ti medam yo tap poze'l yon seri kesyon sou bagay ki konsène tifi ak ti gason, zafè ti mennaj elatriye. Timoun yo ak Lizèt te nan gwo konvèsasyon. Timoun yo te sanble yo te enterese anpil ak sijè a. Se konsa, Lizèt di yo "Pandan map pale ak nou, sa fèm panse nou te ka òganize yon ti vwajaj nan yon kominote ki rele - "**Kominote Tifi Vanyan**". Se yon kominote ki chaje tifi ki byen prepare, ki gen enfòmasyon ki pèmèt yo jere lavi yo. Se yon kominote kote tifi yo renmen konnen...menm jan ak nou menm nan Espas Pa'm "Mwen renmen la vi". Sa nou di? Eske nou anvi fè vwajaj sa? Tout tifi yo reponn alawonnbadè «wiii nou vle». Lizèt di yo, demen lap voye yon lèt pou enfòmè paran yo ak moun ki responsab tifi yo pou jwenn otorizasyon fè vwayaj sa ak yo. Lizèt mande chak timoun envite yon ti zanmi yo genyen pou vinn nan vwayaj la ak yo.

Kèk jou apre, tout timoun yo rasanble devan Espas Pa'm « Mwen renmen lavi » kote yo monte nan bis yon chofè ki rele Roza. Yo pare pou yo fè bèl vwayaj sa nan kominote sa a kote yo tande tifi yo vanyan anpil.

Anvan yo monte bis la, Lizèt montre timoun yo chimen yo pral swiv la ak lis tout lokalite yo pral vizite nan kominote Tifi Vanyan. Lokalite sa yo tout gen bèl non tankou: Map prezante w yon ti zanmi m ; Anvan Pòs Kominote Tifi Vanyan (pre-tès); Devlopman timoun ; Enpòtans aksè ak enfòmasyon ; Lasante, Sante seksyèl; Pati nan kò nou pa betiz; Pati kò yon tifi; Pati kò yon ti gason ; Moman pibète kay tifi yo; Moman pibète kay ti gason yo; Zafè règ la; Sik manstriyèl kay tifi ; Lijyèn kò kay tifi; Poukisa tifi yo dwe pran swen kò yo; Kòman ak nan ki moman tifi yo dwe pran swen kò yo sitou pati seksyèl yo; Kòman tifi ka pran swen kò yo nan moman ki pa gen dlo; Kisa seksyalite ye; Renmen yon moun; Aktivite Seksyèl; Vyolans Seksyèl; Chwa seksyèl; Gwosès; Responsablite nan zafè fè pitit ; Planin : Metòd natirèl, Metòd modèn; Enfeksyon moun ka pran nan fè bagay; Fason pou pwoteje tèt ; Negosiyon pou pran bon jan desizyon, Eske'w pare pou'w tounen lakay ou (Pòs/tès osinon evalyasyon) ?

Tout timoun yo kontan yo monte nan bis la, yap chante, yap pale. Youn nan tifi yo di Lizèt “Kè'm cho, mwen santi mwen ta dwe rive nan kominote Tifi Vanyan sa deja”. Roza asire'l tout tifi byen chita epi li derape bis la....

SEKANS 1

Montre m zanmi w,
kijan'l rele?



SEKANS 1



| | |
|-----------------|--|
| Tit | PREZANTASYON TI ZANMI'M |
| Objektif | <i>1. Lap pèmèt patisipan yo prezante tèt yo epi konn yonn lòt 2. Lap pèmèt patisipan yo pi alèz pou yo pataje lide yo sou tout sa yo konprann, prezante oubyen eksplike kèk pwoblèm epi pataje preyokipasyon yo genyen ki gen rapò ak sijè k'ap diskite yo.</i> |
| Dire | 1 ÈD TAN AK 30 MINIT |



Kisa Nap bezwen (lis materyèl):

- Bristòl
- Sizo
- Kreyon
- Imaj Sekans # 1

Tout tifi yo rasanble devan bis la, yo pare pou yo fè vwayaj la. Mantò Lizèt mande chak tifi Espas Pa'm prezante ti zanmi yo te envite a kap akonpaye yo pandan tout vwayaj la. Aktivite sa se pou timoun yo men nap fè'l ak Mantò yo pou yo ka pratike'l epi pou yo ka fè'l ak tifi yo.

KESYON POU TESTE KONESANS PATISIPAN YO

- Lè ou gen yon pwoblèm osinon yon sitiasyon ou bezwen konsèy, kòman ou fè sa ?
- Pataje fason ou itilize pou eksplike yon lòt moun sa ?

AKTIVITE 1 – MAP PREZANTE W YON BON ZANMI'M – 1ÈD TAN AK 35 45 MINIT

Fasilitatè a ap bay chak patisipan yon fèy bristòl pou yo reprezante lonbray yon moun. Lap mande yo fè desen yon tifi kap reprezante yon ti zanmi yo genyen ki pral patisipe nan vwayaj la (fòmasyon an) ak yo. Lè yap fè desen an yap reponn ak kesyon sa yo :

- Ki jan li rele ? Ki laj li ?

- Kisa li renmen ? Kisa li pa renmen ?

Lè patisipan yo fini yap vin prezante travay yo pandan yap tou prezante tèt yo konsa: Mwen rele XY (non pa yo), map prezante nou ti zanmi mwen an.

Lè tout patisipan prezante desen yo, fasilite a ap envite yo kole desen yo sou yon mi.

Aprè fasilite a ap envite patisipan pou yo kanpe pou yo chante yon ti chante ki rele “montre ‘m zanmi ‘w.”

PREZANTASYON TI ZANMI’M- MONTRE’M ZANMI OU

1- Montre’m zanmi’w (2 fwa)

Apa l te laaa (2fwa).
Pase men nan kou li
Monte bis ak li ,
Apa l te la (2 fwa)

2- Montre’m zanmi’w (2 fwa)


Apa l te laaa (2fwa).
Kijan l rele, ki laj li genyen ,
kisa’l renmen, sa l pa renmen

3- Montre’m zanmi’w (2 fwa)

Apa l te laaa (2fwa).
Kote l soti, Mwen renmen la vi
Kote l prale ti fi vanyan

ENFÒMASYON POU MANTÒ A : An jeneral, li konn difisil pou anpil moun pale oubyen pataje lide yo sou kèk sijè sensib ki gen a wè ak yo dirèkteman. Sa valab pou timoun yo tou. Konsa li toujou pi fasil pou timoun yo lè yap pale de yon twazyèm moun ki pa yo menm, menm lè yap pataje pwòp eksperyans pa yo. Lè sa yo pi alèz pou yo eksplike sa yo vle di a. Konsa, pandan vwayaj nan bis la, timoun yo pwofite poze kesyon, rakonte istwa yo tande oubyen yo viv, pataje preyokipasyon yo ak mantò a epi ak lòt ti zanmi yo te fèk rankontre nan bis la.

SEKANS 2



SEKANS 2



| | |
|-----------------|---|
| Tit | ETAP DEVLOPMAN TIMOUN |
| Objektif | 1. Aktivite sa pèmèt mantò yo dekouvri diferan etap devlopman lakay timoun yo |
| Dire | 1 èd tan |



Kisa Nap bezwen (lis materyèl):

- Gwo fèy papye blan
- Makè
- Imaj Sekans #2-1 ; 2-2



Konsiy :

Pou fòm gwoup travay yo, fasilite a ap envite patisipan yo kanpe. Lap di yo imajine yo nan yon "peyi kote moun pa itilize ni siy, ni la pawòl, ni ekriti, ni desen" pou kominike. Mande yo fòm yon liy soti nan moun ki gen pi piti laj la pou rive nan moun ki gen pi gwo laj la. Yap fè sa, san yo pa pale, san yo pa fè okenn siy. Moun ki pi piti a ta dwe nan kòmansman liy lan epi moun pi gran an nan finisman liy lan. Ba yo 5 minit pou yo òganize tèt yo. Asire w yo pa pale. Apre fasilite a ap mande patisipan yo fòm 4 gwoup pandan yo yonn dèyè lòt pou yo fè pwochen egzèsis la.

Fasilite a ap di patisipan yo, yo pral travay sou devlopman timoun depi yo fèt jis lè yo rive nan 19 lane. Nan moman Mantò a pral fè ti rezime a pou Ti fi yo, li ka adapte sa lap di a ak gwoup la.

Anvan fasilite a rantre nan sijè a, lap envite patisipan yo fòm gwoup 5 moun pou reponn ak kesyon pretès yo.

KESYON POU TESTE KONESANS PATISIPAN YO

- Sa nou konnen sou devlopman kay
- ki moman nan vi timoun nan nou

16

FÒMASYON SOU ZAFÈ SANTE SEKSYÈL POU TIFI "ESPAS PA'M YO"



| | |
|------------------------------------|--------------------|
| timoun? • Kòman timoun devlope? | wè plis chanjman ? |
|------------------------------------|--------------------|

AKTIVITE POU TOUT GWROUP

Mantò a ap montre timoun yo imaj sekans # 2-1, 2-2 lè yo fin fè aktivite yo anvan sentèz la

AKTIVITE 2 : DEVLOPMAN TIMOUN – 30 MINIT

Pandan yo nan bis la Roza ap kondwi, Lizèt envite patisipan yo jwe yon jwèt yo rele “renmen konnen” kote lap poze yo kèk kesyon pou yo reponn.

Di nou kisa w konnen sou zafè devlopman kay timoun pou chak gwoup laj sa yo?

1. Gwoup 1 an gen timoun ki gen 0 -9 lane
2. Gwoup 2 ap gen timoun ki gen 10 – 14 lane
3. Gwoup 3 ap gen timoun ki gen 15- 17 lane
4. Gwoup 4 ap gen jèn ki gen 18- 19 lane

Lè patisipan yo fin fè travay la, fasilite a ap fè ti rezime sa pandan lap poze yo kèk kesyon yon fason pou fè sentèz sou aktivite a.

REZIME: DEVLOPMAN TIMOUN

- **Kisa sa vle di devlopman timoun**

Nan chak peryòd lavi yon timoun, li bezwen de bagay espesyal pou'l byen devlope epi pou'l viv byen. Anpil espesyalis fè anpil etid sou sa. Yo dekouvri genyen anpil chanjman ki fèt nan kò (fizik ak fizyolojik), nan tèt (sikolojik ak sosyal) ak nan kè (emosyonèl). Moun sa yo divize pwosesis devlopman lakay timoun yo pa peryòd sou baz gwo chanjman sa yo epi fè rapò ak sa timoun bezwen nan chak moman. Chak peryòd mache ak transfòmasyon pa'l ki enpòtan anpil pou timoun yo.

- **Kisa ki pase nan peryòd 0-9 lane nan lavi yon timoun?**

Nan laj sa timoun nan bezwen : Batistè, vaksinasyon, lèt manman 'l, bon jan manje sitou nan laj 0-5 lane, lanmou manman'l ak papa'l oswa moun ki gen responsablite pou okipe'l la, bon jan pwogram pou reveye lespri'l, tan pou'l jwe, konn dwa'l, ale lekòl, pou'l dekouvri anviwònman'l se nan moman dekouvèt sa li kòmanse aprann viv ak moun elatriye. Nan moman sa se paran yo ki referans pou timoun lan. Nan premye mwa timoun nan paka kenbe tèt li pou kont li. Lè li gen 1 mwa timoun nan vire tèt li lè li tande yon bri oubyen vwa li rekonèt, li tete. Nan laj 6 mwa li leve tèt li lè li kouche sou vant, li eseye manyen tout sa ki pandye anlè tèt li, li kenbe yo epi souke yo, li roule de bò, li chita si yo ede'l, li mete tout bagay nan bouch li, li kòmanse chare tout son li tande ak tout ekspresyon vizaj li wè. Lè yo rele'l li kòmanse rekonèt non li. Nan laj 12 mwa li chita san yo pa ede'l, li rale li ka mache tou, li kanpe pandan l'ap kenbe, li kòmanse fè ti mache poukont li, li repete tout mo ak son li tande, li renmen bat bravo, li fè jès pou atire tout moun, li ramase tout sa li jwenn, mete tout bagay nan bouch li. Nan laj 2 zan li mache, li kouri, li rekonèt kèk ògan nan kò li, li montre ògan yo lè moun site yo, li pale, li fè majdigridi si li gen yon kreyon. Nan laj 3 zan, li mache li kouri, li bay non li, li konn koulè ak non li, li manje poukont li, li renmen montre afeksyon li pou moun.

- **Kisa ki pase nan peryòd 10-14 lane nan lavi yon timoun**

Peryòd sa se yon moman konplike kay timoun, kote li kòmanse santi anpil bagay nouvo. Li bezwen bon jan manje pou'l grandi byen, bon jan ledikasyon, konn dwa'l, lanmou manman'l ak papa'l oswa moun ki gen responsablite pou okipe'l, li kòmanse bezwen ti endepandans li, chèche idantite'l, li bezwen espas pèsònèl li pou afime tèt li, li enterese ak zanmi epi renmen konnen sa yo panse de li, li kòmanse ap fòme karaktè'l ak pèsònalite'l pa rapò ak sèks li, kwasans li fèt yon jan pi rapid, li kòmanse ap poze tèt li kesyon, dekouvri lòt sèks la, se peryòd kote li konn gen premye ti eksperyans renmen, li gen kèk enkyetid oswa preyokipasyon pa rapò ak aparans fizik li, sa li sanble, kò li, li kòmanse dekouvri seksyalite'l. Pafwa yo fè ti eksperyans seksyèl tou. Moman sa konn difisil tou pou paran yo, ki souvan pa rann yo kont timoun yo ap grandi yo pa piti ankò. Se moman pou paran bay atansyon sou tout pwèn nouvo sa yo ki vini kay timoun yo.

- **Kisa ki pase nan peryòd 15-17 lane nan lavi yon timoun**

Kwasans la kontinye men li yon ti kras mwen rapid nan moman sa. Timoun nan konn

gentan fè anpil ti eksperyans, li kòmanse reflechi ak lavi granmoun, li ka gen mennaj, l'ap panse ak lè li vinn granmoun ak kisa l'a pral aprann lè li vini gran, souvan yo konn vin pran lekòl pi oserye oubyen ki kòmanse travay.

- **Kisa ki pase nan peryòd 18-19 lane nan lavi yon timoun?**

Moman sa se dènye etap tranzisyon adolesans pou rive nan laj granmoun. Se le moman la lwa rekonèt timoun la pa timoun ankò, li se yon granmoun ki ka pran yon seri responsablite epi poze yon seri aksyon.

ENFÒMASYON POU MANTÒ A: Enfòmasyon sa yo enpòtan anpil paske y'ap pèmèt mantò a konprann byen sa k'ap pase sitou nan lavi timoun yo, yon fason pou yo ka ba yo pi bon ankadreman. Paske sa ka rive gen timoun ki pa jwenn okenn sipò lakay yo. Pa bliye fòmasyon sa konsène timoun ki nan peryòd adolesans (10 pou rive 19).

Aprè rezime a fasilite ap itilize menm kesyon pretès yo ak menm ti gwoup yo pou fè pòstès la.

REFLEKSYON POU PATISIPAN YO

Nan kiyès nan etap sa yo ou ye? Eske ou rekonèt ou nan sa ki diskite pandan aktivite a? Poukisa?

SEKANS 3



SEKANS 3



| | |
|-----------------|--|
| Tit | ENPÒTANS AKSÈ AK ENFÒMASYON |
| Objektif | <ol style="list-style-type: none">1. Egzèsis sa ap pèmèt Mantò yo pran konsyans kòman li enpòtan pou tifi yo gen aksè ak enfòmasyon pou jere lavi yo pi byen.2. Mantò yo ap pi byen konprann wòl yo nan ESPAS PA'MYO nan sa ki gen pou wè ak pataje bon jan enfòmasyon.3. Lap pèmèt Mantò yo santi yo pi alèz pou yo akonpaye tifi yo. |
| Dire | 30 MINIT |

Kisa Nap bezwen (lis materyèl):

- Yon Moso twal osinon yon mouchwa
- Imaj sekans # 3



Konsiy: Envite patisipan yo kanpe epi fè yon wonn. Di yo ou ta renmen jwenn yon volontè pou fè aktivite a.

AKTIVITE POU TOUT GWOUPE

Mantò a ap montre timoun yo imaj sekans # 3

AKTIVITE 3– LIY DWAT – 10 MINIT

- 1) Volontè a dwe bande je li ak yon mouchwa, soti nan yon pozisyon “A” pou rive nan yon pozisyon “B”. Fè volontè a vire tounen plizyè fwa avan li kòmanse mache, pandan tout lòt patisipan yo ap fè silans (san bay konsèy, ni bay direksyon). Lè volontè a rive, retire mouchwa a, mande’l konpare pozisyon kote li

rive a, ak kote li te dwe rive a. Mande li kòman li te santi li, lè li pat jwenn pèsòn pou ba'l konsèy.

- 2) Envite volontè a, mete mouchwa a ankò pou refè menm egzèsis la, men fwa sa l'ap soti nan pozisyon "A" pou rive pozisyon "B" ak konsèy, oryantasyon lòt patisipan yo, san yo pa touche'l.
- 3) Pou fini, fè egzèsis la ankò, men fwa sa, lòt patisipan yo ap touche, pale ak volontè a pou ede'l byen rive nan pozisyon B.

Retire mouchwa a pandan w'ap mande volontè a kòman li te santi'l nan chak etap yo. Mande patisipan yo èske dapre yo gen yon diferans pami 3 etap yo ? Kòman yo te santi yo nan chak etap yo. Repete egzèsis la ak yon lòt patisipan. Mande patisipan yo ki leson yo tire nan egzèsis sa ? Kòman yo ka aplike leson sa nan wòl yo nan Espas Pa'm.

Lè volontè a fin pataje eksperyans li, fasilite a ap mande kèk lòt patisipan di kisa yo te konprann nan aktivite sa. Lè patisipan yo fin pataje lide yo, fasilite a ap fè ti rezime sa.

Lè patisipan yo fin fè travay la, fasilite a ap fè ti rezime sa pandan lap poze yo kèk kesyon yon fason pou fè sentèz sou aktivite a.

REZIME : AKSÈ AK BON JAN ENFÒMASYON

❖ Kisa enfòmasyon ye nan lavi yon moun?

Enfòmasyon se yon bagay ki enpòtan nan lavi yon moun. Lè yon moun gen bon jan enfòmasyon, li ka pran desizyon li jije ki bon pou li ak tout konsyans li. Aksè ak bon jan enfòmasyon kap pèmèt tifi ak jèn Espas Pa'm yo pi byen jere lavi yo. Mantò a la pou'l konseye, li pa la pou'l di 'l di tifi yo kisa pou yo fè.

❖ Kisa nou ka aprann de egzèsis sa?

Lè yon moun pa gen okenn enfòmasyon, li difisil pou'l konn koman pou'l vanse, epi ki desizyon pou'l pran. Desizyon lap pran yo ka pa bon pou li. Lè yon moun jwenn enfòmasyon, ak ankadreman li vanse oswa li pran desizyon ak plis asirans. Li fè tèt li plis konfyans. Li ka pran pi bon desizyon kap pèmèt li rive kote li te bezwen ale san kras

danje pou tèt li.

❖ **Ki wòl mantò yo ?**

Yon mantò pa yon pwofesè, se pa yon zanmi, ni yon paran, ni yon fanmi. Se yon fi ki kredib (moun ka fè konfyans, konfidans elatriye) epi ki la pou bay tifi yo sipò ak konsèy.

ENFÒMASYON POU MANTÒ A : Mantò a ka fè egzèsis sa ak tifi Espas Pa'm yo. Lap pèmèt yo konprann li toujou enpòtan pou yo gen bon jan enfòmasyon pou yo ka pran bon jan desizyon.

REFLEKSYON POU TIFI YO

- Reflechi ak yon aksyon ou te poze san ou pat gen enfòmasyon. Panse jounen jodi a si ou te gen enfòmasyon eske ou tap poze aksyon an menm jan.

SEKANS 4



SEKANS 4



| | |
|-----------------|--|
| Tit | KISA SA VLE DI SANTE |
| Objektif | <i>1. Aktivite sa yo ap pèmèt patisipan yo konprann kisa lasante ye epi konprann a pati konesans ak eksperyans yo kisa sa vle di jwi yon bon sante seksyèl. Nap pati de eksperyans ak obsèvasyon pa yo pou nou rive nan kèk definisyon ki adopte</i> |
| Dire | 1 èd tan |



Kisa Nap bezwen (lis materyèl):

- Gwo fèy papye blan
- Makè
- Imaj sekans # 4



Konsiy : Pou fè egzèsis la, fasilitatè a pral fè yon ti jwèt ki rele TITANIK. Fasilitatè a ap mande patisipan yo fòmè yon wonn epi kenbe men pandan y'ap balanse. Fasilitatè a ap eksplike patisipan yo, yo sou yon bato ki gen difikilte sou lanmè. Lap di yo se li ki kòmandan bato a. Yo dwe fè sa kòmandan an di yo fè epi yo dwe fè sa byen vit pou bato a pa koule ak yo. Lap di pasaje yo, "Kapitèn bato a di fòmè gwoup 2 moun". Repete menm egzèsis la apre yo fin fòmè gwoup yo ak 5 moun. Apre wap kontinye egzèsis lan epi wap di yo "Kapitèn bato a di fòmè gwoup selon si nou gen rad oswa pantalon. Fasilitatè a ap kontinye egzèsis la jis li rive di yo fòmè yon gwoup ak kantite moun li vle a (selon kantite patisipan yo). Pa ta dwe gen plis pase 6 moun nan gwoup la. Bat pou gen yon chif ki pè nan kantite gwoup wap fòmè a tankou 2, 4, 6 pou fè egzèsis la.

Lè yo fin fòmè gwoup yo fasilitatè a ap mande patisipan yo al chèche desen ti zanmi, yo te fè a epi chita nan gwoup pou yo fè pwochen egzèsis la.

Anvan fasilitatè a rantre nan sijè a, lap envite patisipan yo fòmè gwoup 5 moun pou reponn ak kesyon pretès yo.

KESYON POU TESTE KONESANS PATISIPAN YO AVAN AK APRE SEKANS LA

- Kilè yon moun gen bon jan lasante?

ENFÒMASYON POU MANTÒ YO: Selon Oganizasyon Mondyal Lasante (OMS) gen yon seri maladi ak konpòtman adolesan yo genyen ki afekte sante yo. Mòtalite matènèl, sitou lè yo gen gwosès anvan lè epi yo pa jwenn bon jan sèvis sante ki adapte ak bezwen yo, maladi moun ka pran nan fè bagay san pwoteksyon. Nan laj sa yo, OMS reyalize yo ekspoze anpil ak kèk konpòtman ki riske tankou: bwè alkòl, fimen, konsome lòt pwodi ak sibstans tankou dwòg ki ka fè yo pèdi kontwòl tèt yo elatriye epi afekte sante yo.

AKTIVITE POU TOUT GWROUP

Mantò a ap montre timoun yo imaj sekans # 4 lè yo fin fè aktivite yo anvan sentèz la

- LASANTE

AKTIVITE 4: ZANMI M LAN GEN LASANTE – ZANMI’M LAN PA GEN BON LASANTE / 45 MINIT –

Fasilitatè a ap di patisipan yo “Pandan tifi yo nan bis la, yap vanse pou yo rive nan pwochen kominote a ki rele “Sante”, Mantò a pwofite poze yo kèk kesyon sou lasante. Li mande patisipan yo reflechi sou 2 sitiyasyon sa yo epi pataje tout enfòmasyon posib:

1. Lè zanmi m lan gen lasante men ki jan li ye
2. Lè zanmi’ m lan pa gen bon lasante men ki jan li ye

Si gen 4 gwoup, 2 ap travay sou premye pwen an epi 2 lòt yo ap travay sou lòt pwen an.
Si gen 6 gwoup, 3 ap travay sou premye pwen an epi 3 lòt yo ap travay sou lòt pwen an.

Lè patisipan yo fin travay fasilite a ap envite yonn nan gwoup ki te travay sou premye pwen an vin prezante travay li epi lap mande lòt yo ki te travay sou menm pwen an konplete.

Après lap envite yonn nan gwoup ki te travay sou dezyèm pwen an vin prezante travay li epi lap mande lòt yo ki te travay sou menm pwen an konplete.

Lè patisipan yo fin fè travay la, fasilite a ap fè ti rezime sa pandan lap poze yo kèk kesyon yon fason pou fè sentèz sou aktivite a. Fasilite a ap montre patisipan imaj ki koresponn ak sekans 4 la.

REZIME : LASANTE

- **Ki sa sa vle di yon tifi ki gen bon jan lasante?**

Se lè yon tifi pa gen kras pwoblèm maladi, men se pa sèlman lè yon moun pa gen maladi ki vle di moun la gen bon jan lasante. Yon tifi ki gen bon jan lasante se yon tifi ki santi'l byen nan kò'l, nan nan'm li, nan tèt li, nan sosyete a. Li ka al lekòl, aprann byen, travay, jwe elatriye. Òganizasyon Mondyal Lasante di bonjan lasante se yon eta byennèt fizik, mantal, sosyal total, san maladi. Sante yon moun se yon resous ki gen anpil valè. Nou dwe byen pwoteje sante nou.

- **Ki diferans ki genyen ant yon moun ki gen bon jan lasante ak yon moun ki pa jwi yon bon lasante?**

Yon moun ki pa jwi yon bon sante se yon moun ki pa byen nan lespri'l, nan kò'l, nan nanm li. Se yon moun ki souffri yon maladi ki ka anpeche'l jwi lavil'l byen, jwe, travay,

apwann elatriye.

Aprè rezime a fasilite ap itilize menm kesyon pretès yo ak menm ti gwoup yo pou fè pòstès la.

MWEN TA SANTI'M PI KONTAN

1- Mwen ta santim pi kontan, pi kontan , pi kontan

Mwen ta santim pi kontan, lè nap viv ansanm ,
Zanmi mwen se zanmi ou , Zanmi ou se zanmi mwen ,
Mwen ta santim pi kontan le nap viv ansanm

2- Mwen ta santim pi kontan, pi kontan , pi kontan

Mwen ta santim pi kontan, lè'm byen enfòmè
Zanmi mwen se zanmi ou , Zanmi ou se zanmi
mwen ,
Mwen ta santim pi kontan lè'm byen enfòmè

3- Mwen ta santim pi kontan, pi kontan , pi kontan

Mwen ta santim pi kontan lè'm gen lasante
Zanmi mwen se zanmi ou, zanmi ou se zanmi
mwen,
Mwen ta santim pi kontan lè'm gen lasante.

REFLEKSYON POU TIFI YO

- Identifye yon bagay ou konn fè ou panse ki ka mete sante w an danje. Kòman ou ta ka pwoteje sante w pi byen?

SEKANS 5

Ak bon jan
enfòmasyon,
mwen gen bòn sante



SEKANS 5



| | |
|-----------------|---|
| Tit | KISA SA VLE DI SANTE SEKSYÈL |
| Objektif | 1. Aktivite sa yo ap pèmèt patisipan yo konprann kisa sante seksyèl ye epi konprann a pati konesans ak eksperyans yo kisa sa vle di jwi yon bon sante seksyèl. Nap pati de eksperyans ak obsèvasyon pa yo pou nou rive nan kèk definisyon ki adopte |
| Dire | 1èd tan |



Kisa Nap bezwen (lis materyèl):

- Gwo fèy papye blan
- Makè
- Imaj Sekans # 5



Konsiy : Pou fè egzèsis la, fasilitatè a ap envite patisipan yo fòme menm gwoup yo te genyen an. Fasilitatè a ap envite patisipan yo fè pwochen aktivite a ki sou sante seksyèl ki se tèm modil fòmasyon an.

Fasilitatè a ap mande mantò : Sa sa vle di sante seksyèl pou yo epi poukisa li enpòtan pou pale de sa ak tifi yo.

Anvan fasilitatè a rantre nan sijè a, lap envite patisipan yo fòme gwoup 5 moun pou reponn ak kesyon pretès yo.

KESYON POU TESTE KONESANS PATISIPAN YO

- Kisa sa vle di yon bon sante seksyèl ?

ENFÒMASYON POU MANTÒ YO: Nan tan lontan zafè sante seksyèl te pawòl granmoun sèlman. Alèkile, gen anpil jefò kap fèt pou entegre sante seksyèl nan lekòl, nan asosiyasyon kap travay ak timoun, pou sila yo jwenn bon jan enfòmasyon kap pèmèt yo jere la vi yo pi byen. Pa bay timoun yo enfòmasyon sou sante seksyèl pa vle di timoun yo pap gen aktivite seksyèl oswa yo pap jwenn enfòmasyon. Non sèlman timoun yo gen dwa pou yo jwenn enfòmasyon men tou li pi bon pou sosyete a lè timoun yo gen aksè ak bon jan enfòmasyon, li pèmèt yo aji yon jan ki pa mete yo an danje, menm jan nou te wè sa nan egzèsis liy dwat la.

AKTIVITE POU TOUT GWOUP

Mantò a ap montre timoun yo imaj sekans # 5 lè yo fin fè aktivite yo anvan sentèz la.

- **SANTE SEKSYÈL**

AKTIVITE 5: ZANMI M LAN JWI YON BON SANTE SEKSYÈL - 45 MINIT

Patisipan yo ap fòme 2 gwoup pou yo travay sou yon aktivite sou zafè sante seksyèl pandan yap sèvi ak kesyon sa yo pou yo devlope lide yo:

1. Sa sa vle di yon moun ki jwi yon bon sante seksyèl?
2. Dapre nou kisa yon tifi bezwen pou l jwi yon bon sante seksyèl?

Fasilitatè a ap envite patisipan yo prezante rezilta travay yo, swa sou fòm jwèt wòl, oswa ti chante oswa lòt fason kreyatif ki enterese yo.

Lè patisipan yo fin fè travay la, fasilitatè a ap fè ti rezime sa pandan lap poze yo kèk kesyon yon fason pou fè sentèz sou aktivite a.

REZIME : SANTE SEKSYÈL

- **Kisa Sante seksyèl yon moun ye?**

Sante Seksyèl se yon pati nan sante epi nan byennèt yon moun. Se lè yon moun santi'l

byen nan tèt li, nan kòl, lè li santi'l alèz nan sosyete a nan tout sa ki gen pou wè ak seksyalite'l.

- **Kòman nou konprann lè yo di yon moun jwi yon bon sante seksyèl?**

Sante seksyèl vle di lè yon moun byen viv aktivite seksyèl pou kont li oswa ak yon lòt moun li pran plezi ladan'l, san kè sote, san kè kase, se lè dwa moun respekte nan sa ki gen pou wè ak aktivite seksyèl li, ak chwa seksyèl li. Jwi yon bon sante seksyèl vle di lè yon moun pa trape okenn maladi yon moun ka pran nan aktivite seksyèl, se lè li egzèse aktivite seksyèl li libe libè san kras presyon ak vyolans, yon jan ki responsab. Se lè tou moun nan deside pa gen aktivite seksyèl epi li santi l byen an po'l.

- **Kisa yon moun bezwen pou'l jwi yon bon sante seksyèl?**


Pou yon tifi oswa yon jèn fi ka jwi yon bon sante seksyèl fòk li gen aksè ak bon jan enfòmasyon k'ap pèmèt li konn kò'l, konn tèt li byen, pran swen kò'l epi jwenn bon jan sèvis. Lè sa l'ap ka fè chwa kap bon pou li, pou'l pwoteje tèt li epi ki pap mete la vi'l an danje.

Aprè rezime a fasilite ap itilize menm kesyon pretès yo ak menm ti gwoup yo pou fè pòstès la.

REFLEKSYON POU TIFI YO

- Poukisa dapre ou li enpòtan pou w gen bon jan enfòmasyon sou zafè sante seksyèl? Eske ou panse sa konsène w?

SEKANS 6



SEKANS 6



| | |
|-----------------|---|
| Tit | PATI NAN KÒ PA BETIZ |
| Objektif | 1. Aktivite sa yo ap pèmèt Mantò yo santi yo pi alèz pou yo pale de pati nan kò ki gen pou wè ak sante seksyèl yo |
| Dire | 1 èd tan |



Kisa Nap bezwen (lis materyèl):

- Okenn materyèl
- Imaj sekans # 6



Konsiy : Fasilitatè a ap bay patisipan yo yon moso papye ki gen ladan'l yon lis mo ki gen pou wè ak pati nan kò. L'ap mande patisipan yo ap fòme gwoup 2 moun. Si patisipan yo panse gen mo ki pa la, fasilitatè a ka mande yo ajoute yo.

Pou fòme gwoup yo, fasilitatè a ap ekri nimero 1 sou yon papye, epi nimero 2 sou yon lòt papye. L'ap mande chak patisipan pran youn. Apresa, fasilitatè a ap mande chak moun ki gen nimero 1 chèche yon lòt moun ki gen nimero 2 yon jan pou fè gwoup 2 moun nan. Nan ka gen yon moun ki pa gen parèy fasilitatè a ka ranplase parèy la.

ENFÒMASYON POU MANTÒ A: Moun toujou gen difikilte nan lang kreyòl pou yo pale de pati nan kò ki gen pou wè ak sante seksyèl oswa seksyalite. Yonn nan rezon ki fè moun konn santi yo jennen se paske gen moun lè yap joure nan lang kreyòl la yo sèvi ak mo sa yo kòm jouman. Nap viv nan yon sosyete ki chita anpil sou pouvwa gason. Malerèzman vyolans kap fèt sou fanm fèt diferan manyè, menm nan sèvi ak non pati kò fi pou joure yo. Yon Mantò dwe santi'l alèz pou site mo sa yo paske si li pa alèz tifi yo ak jèn yo pap santi yo alèz pou yo pale de sa. Li enpotan pou Mantò a fè tifi yo ak jèn yo konprann se pa betiz yo ye se mo ki pou idantifye pati nan kò epi pa gen okenn lawonte lè yo di mo sa yo. Bètiz se lè yo mete yon lòt mo deyè premye mo a pou kalifye premye mo a. Egzanp : koko santi.

Mantò a ap montre timoun yo imaj sekans # 6 lè yo fin fè aktivite yo anvan sentèz la.

AKTIVITE POU TOUT GWROUP

AKTIVITE 6 : NAP SITE PATI NAN KÒ NOU SAN NOU PA GEN KRAS PWOBLÈM- 45 MINIT

Bis la rive nan yon kominote ki rele “Pati nan kò w pa betiz”. Roza, chofè bis la blije kanpe paske te ge yon gwo baryè ki fèmen epi pa gen pyès moun ki pou louvri’l. Lè Lizèt desann bis la pou lal gade sa kap pase li wè yo ekri sou baryè a “Pou baryè a ka louvri, fòk chak moun site pou pi piti, an kreyòl, 5 pati nan kò fi ak nan kò gason ki gen pou wè ak sèks”.

Fasilitatè a ap envite patisipan yo kanpe yonn anfas lòt epi chak gwoup 2 moun ap fè ti egzèsis sa. Yon moun ap kòmanse ak yon mo epi lòt la gen pou’l reponn yon lòt mo. Patisipan yo ap fè aktivite sa pandan 20 minit.

Yap repete mo sa yo: Tete, pwent tete, Krèk, tèt krèk, fèy krèk, bouboun, chouhoune, bòbòt, Koko, langèt, tèt langèt, twou langèt, anba langèt, pwèl, zozo, tèt zozo, kòk, pijon, tèt kòk, boul grenn, Gwo bwa, Twou bouda elatriye.

Lè yo fini baryè ap louvri, patisipan yo monte bis la pou yo kontinye ale nan yon lòt kominote.

Pandan yo nan bis la Mantò (Fasilitatè a) a mande yo:

1. Kòman nou te santi nou?
2. Kisa ki ka anpeche nou di mo sa yo?

SEKANS 7



SEKANS 7



| | |
|-----------------|--|
| Tit | PATI NAN KÒ TIFI KI GEN RAPÒ AK SANTE SEKSYÈL |
| Objektif | 1. Aktivite sa yo ap pèmèt patisipan yo konn pati nan kò tifi yo ki gen pou wè ak sante seksyèl. |
| Dire | 1 èd tan |



Kisa Nap bezwen (lis materyèl):

- Desen ti zanmi patisipan yo
- Sizo
- Kòl
- Imaj Sekans # 7-1, 7-2, 7-3



Konsiy : Fasilitatè a ap mande patisipan yo fòme gwoup 4 moun pou yo fè aktivite sa. Men chak patisipan ak travay sou ti zanmi pa yo.

Anvan fasilitatè a rantr nan sijè a, lap envite patisipan yo fòme gwoup 5 moun pou reponn ak kesyon pretès yo.

KESYON POU TESTE KONESANS

- Dapre nou ki pati nan kò tifi ki antre nan koze sante seksyèl li

AKTIVITE POU TOUT GWROUP

Mantò a ap montre timoun yo imaj sekans #7-1, 7-2, 7-3 lè yo fin fè aktivite yo anvan sentèz la.

AKTIVITE 7 : KÒ TIFI – DESEN – 25MINIT

Fasilitatè a ap fòme gwoup 4 moun, l'ap mande chak moun pran desen ti zanmi fi yo a, pou yo mete tout pati yo konnen ki gen rapò ak sante seksyèl. Fasilitatè a ap ba yo

materyèl ki deja prepare k'ap pèmèt yo mete pati yo. Lè patisipan yo fin travay, chak gwoup ap prezante youn nan desen yo.

Lè patisipan yo fin fè travay la, fasilite a ap fè ti rezime sa pandan lap poze yo kèk kesyon yon fason pou fè sentèz sou aktivite a. Lap sèvi ak imaj sekans yo pou'l fè sentèz la.

REZIME : PATI NAN KÒ TIFI KI GEN POU WÈ AK SANTE SEKSYÈL

- **Ki diferan pati ki genyen nan ògan seksyèl yon tifi?**

Tifi yo gen ògan seksyèl ki anndan kidonk moun pa ka wè epi yo gen kèk ògan tou deyò kò a, nou ka wè.

- **Ògan seksyèl kay tifi**

Pati nou wè ak je a, yo rele'l plizyè jan: Bouboun, bòbòt, chouchoun, foufoun, koko elatriye. Ladann gen plizyè pati:

- **Do koko (Pibis)** : ki genyen fòm yon triang tèt anba ki kouvri ak plim (pwèl),
- **Krèk (klitoris)** : ki se pati ki gen fòm yon ti pwent lang. Se yon ògan ki sansib anpil lè yo manyen l, li bay anpil plezi paske gen anpil nè ki pase ladann.
- **2 gran lèy yo:** se 2 bò bouboune..., li gen plim sou pati deyò a
- **2 ti lèy :** Wòl yo se pwoteje Krèk la
- **Twou kanal pipi :** se fant kote pipi a soti
- **Twou koko :** Se twou kote anpil bagay ka antre/soti (tankou san, kòk gason, pitit, timoun, medikaman).

Pati ki anndan kò a : Nou jwenn preske tout ògan ki sèvi pou fè pitit yo anndan kò a. Nou ka site :

- **2 Ovè yo :** Youn a gòch lòt la a dwat. Se sa ki kenbe ze yo, chak mwa youn ladan yo lage yon ze. Se sa yo rele ovilasyon. Ovè yo konn resevwa lòd nan men sèvo a pou fabrike kèk ti eleman yo rele òmon tankou : estimilan-folikil, estrojèn, projesteròn, liteyinisant elatriye. Bagay sa yo konn jwe gwo wòl kèk

moman nan sik manstriyèl kay yon fi.

- **Twomp yo** : Se 2 ti wout/chimen ki kole nan youn nan ovè yo pou rive nan matris la. An jeneral se la ze gason an konn ale kontre ak ze fi a pou bay yon ze kwaze, se sa nou rele fegondasyon.
- **Matris (iteris)** : Se tankou yon gwo sak ki gen fòm yon kòn bèf. Chak mwa li pare pou resevwa yon ze kwaze.
- **Vajen**: Li gen fòm yon antonwa. Li elastik anpil, se sak fè kòk gason an ka antre ladann li man moman rapò seksyèl, epi yon ti bebe ka soti tou ladann nan moman akouchman an.
- **Imèn** : Se ti manbran (vwal) ki nan pòt vajen an, li gen yon ti twou nan mitan'l kote san soti lè tifi a gen règ. An jeneral ti vwal sa dechire lè tifi a gen premye rapò seksyèl.
- **Glann batolen**: ki ede fi a swente pou fasilite rapò seksyèl. Sa ki evite fi an gen doulè pandan rapò seksyèl yo

- **Lòt ògan ak pati nan kò tifi ki gen rapò ak sante seksyèl :**

Tete, Pwent tete, zorèy, po kò a (ki sansib anpil lè moun touche dousman), bouch, lonbrik, je, twou dèyè, anba kou, anba pye, dwèt, lang, dan, zòtèy, men ak pye, elatriye.

Aprè rezime a fasilite ap itilize menm kesyon pretès yo ak menm ti gwoup yo pou fè pòstès la.

SEKANS 8



SEKANS 8



| | |
|-----------------|---|
| Tit | PATI NAN KÒ TI GASON KI GEN RAPÒ AK SANTE SEKSYÈL |
| Objektif | 1. Aktivite sa yo ap pèmèt tifi yo konn pati nan kò ti gason yo ki gen pou wè ak sante seksyèl. |
| Dire | 1 èd tan |



Kisa Nap bezwen (lis materyèl) :

- Bristòl
- Sizo
- Kòl
- Imaj Sekans # 8-1, 8-2



Konsiy : Fasilitatè a ap mande patitipan yo fòm gwoup 4 moun pou yo fè aktivite sa.

Anvan fasilitatè a rantre nan sijè a, lap envite patisipan yo fòm gwoup 5 moun pou reponn ak kesyon pretès yo.

KESYON POU TESTE KONESANS PATISIPAN YO

- Dapre nou ki pati nan kò ti gason ki antre nan koze sante seksyèl li

AKTIVITE POU TOUT GWROUP

Mantò a ap montre timoun yo imaj sekans # 8-1, 8-2 lè yo fin fè aktivite yo anvan sentèz la.

AKTIVITE 8: KÒ TI GASON – JWÈT PASYANS – 20 MINIT

Fasilitatè a ap fòm gwoup 4 moun, l'ap envite chak gwoup fè yon lonbray ti gason epi ya'p ekri tout pati nan kò ti gason yo panse ki gen pou we ak santé seksyèl yo. Lè patisipan yo fin travay, chak gwoup ap prezante youn nan desen yo.

Lè patisipan yo fin fè travay la, fasilite a ap fè ti rezime sa pandan lap poze yo kèk kesyon yon fason pou fè sentèz sou aktivite a pandan lap sèvi ak imaj sekans 8 yo

REZIME : PATI NAN KÒ TI GASON KI GEN POU WÈ AK SANTE SEKSYÈL

- **Ki diferan pati ki genyen nan ògan seksyèl yon ti gason?**

Ti gason yo gen ògan seksyèl ki anndan kidonk moun pa ka wè epi yo gen kèk ògan tou deyò kò a, nou ka wè.

- **Ògan seksyèl kay gason :**

Pati nou wè ak je :

- **Kòk (koulout, gigit, zozo, pijon) :** Se ògan prensipal seksyèl kay gason yo.
 - **Irèt :** ki se yon ti kanal kote pipi ak dechay pase
 - **Pwent kòk la (glan) :** Li gen yon fòm klòch, se yon pati ki trè sansib lakay gason an.
 - **Prepis :** Se ti po ki kouvri pwent kòk la. Se li yo retire lè y'ap sikonsi gason yo. Lè kòk la bande, pwent la dekouvri epi ti po sa rete deyò. Nan rapò seksyèl yo li ede kòk la nan mouvman antre soti yo sa ki bay gason an anpil plezi.
 - **Twou kòk la :** Kòk la gen yon ti twou nan bèk li, se la pipi ak dechay soti.
- **Boul grenn yo:** Se 2 yo ye, yo anndan yon ti sak ki rele eskrotom. Se nan boul grenn yo ze gason an (espèmatozoyid) fòme. Yo pwodwi kèk òmon nou jwenn kay gason yo.

Pati ki anndan kò a :

- **Vesikil seminal :** Se yon ti glann kote ze gason yo vin estoke. Li pwodwi yon likid ki vin melanje ak ze yo se sa ki vin bay sa nou rele dechay la.
- **Prostat :** Se yon ti glann ki devlope kay ti gason yo nan moman pibète. Li pwodwi yon likid ki non selman la pou nourri ze yo men tou pou delye dechay la yon jan pou rann li pi likid. Li jwe yon gwo wòl tou nan plezi gason an nan moman pleze rapò seksyèl (ògas)la.
- **Kanal deferan yo:** Se 2 yo ye, yo chak relye ak yon boul grenn. Se nan kanal sa yo

ze yo ki rive a matirite yo pase pou ale estoke nan vesikil seminal la.

Lòt ògan ak pati nan kò tigason ki gen rapò ak sante seksyèl :

Pwent tete, zorèy, po kò a (ki sansib anpil lè moun touche dousman), lang, dan, bouch, lonbrik, je, twou dèyè, anba kou, anba pye, dwèt, zòtèy, mena k pye elatrye.

SEKANS 9



SEKANS 9



| | |
|-----------------|--|
| Tit | PIBÈTE AK ADOLESANS KAY TI FI YO |
| Objektif | 1. Aktivite sa ap pèmèt patisipan yo konprann pi byen sa kap pase lakay yon timoun (kò li ak lespri li) nan moman pibète ak adolesans. |
| Dire | 1 èd tan |

Kisa Nap bezwen (lis materyèl):

- Desen ti zanmi patisipan yo
- Sizo Lakòl ak tep (tape)
- Blad (balon) fòm wonn ak long
- Ti sache sòs tomat
- Alonj grenn (fo cheve)
- Fisèl
- Imaj sekans # 9-1, 9-2



Konsiy :Nan aktivite sa n’ap jwenn konsiy pou 2 gwoup moun :

- Mantò yo
- Gwoup timoun 10 – 14 lane ak Gwoup timoun 15- 19 lane

AKTIVITE POU MANTÒ YO

AKTIVITE 9: KI CHANJMAN NOU SONJE NOU TE WÈ NAN KÒ NOU LÈ NOU TE NAN LAJ 10-14 LANE. – Pou Mantò yo sèlman – 15 MINIT

Objektif : Egzèsis la ap pèmèt Mantò yo fè yon ti reflechi sou lè yo menm yo te nan laj pibète. Nan brase lide patisipan yo ap fè yon ti retounen nan tèt yo nan peryòd kote yo te gen laj 10-14 lane epi y’ap reponn ak twa kesyon.

Fasilitatè a ap mande mantò rete an gran gwoup pou fè egzèsis sa.

- Kòman yo te pase peryòd sa epi ki pi gwo enkyetid yo sonje yo te viv ?

- Pataje ak nou kèk kwayans ak tabou ki gen rapò ak peryòd adolesans la.
- Ki difikilte yo panse yo ka rankontre nan eseye fè timoun yo konprann sa k'ap pase yo nan moman sa a.

ENFÒMASYON POU MANTÒ A: Tan alèkile yo pa menm ak tan lontan. Anpil bagay chanje. Nan tan lontan timoun yo te gen aksè ak mwens enfòmasyon, epi menm granmoun yo tou pat konn pale ak timoun sou tout chanjman yo wè nan kò yo (zafè règ, ansent, mennaj, sante seksyèl, seksyalite elatriye. Jounen jodia, ak koze telefòn, entènèt, televizyon, zanmi nan lekòl/legliz/klèb elatriye lespri timoun vin pi ouvè. Yo enfliyanse pa anpil bagay y'ap gade epi tandè, sa ki konn fè yo poze plis kesyon, reflechi plis, epi vin pi kiyrè, vle fè eksperyans a pati de sa yo wè epi tandè yo. Sitou lè yo nan peryòd adolesans la kote menm nan kò yo, y'ap gade chanjman ap fèt.

Anvan fasilite a rantre nan sijè a, lap envite patisipan yo fòme gwoup 5 moun pou reponn ak kesyon pretès yo.

| KESYON POU TESTE KONESANS PATISIPAN YO | |
|---|--|
| <ul style="list-style-type: none"> • Kisa pibète ye ? • Kisa adolesans ye ? | <ul style="list-style-type: none"> • Ki chanjman ou konn wè nan peryòd sa ? |

AKTIVITE POU TIFI YO

Mantò a ap montre timoun yo imaj sekans # 9-1, 9-2 lè yo fin fè aktivite yo anvan sentèz la.

 **Konsiy :**

Fasilite a ap divize patisipan yo nan 2 gwoup pou yo ka travay sou egzèsis la. L'ap lanse pwochen egzèsis la kote patisipan yo pral rantre pi fon nan zafè kwasans timoun pandan yap konsantre sou peryòd adolesans lan. Fasilite a ap mande patisipan yo al chèche

desen ti zanmi yo te fè a sou moso bristòl la. L'ap di yo, nan moman sa jodia, ti zanmi yo a nan laj 10 pou rive 14 lane. Y'ap itilize materyèl fasilite ap ba yo a pou montre sou desen a, tout chanjman yo wè ki fèt lakay ti zanmi sa nan laj sa. Fasilite a ap bay patisipan yo materyèl tankou blad, alonj, penti, elatriye.

AKTIVITE POU TOUT GWROUP

AKTIVITE 10- KI CHANJMAN NOU WÈ NAN KÒ YON TIFI NAN MOMAN PIBÈTE AK ADOLESANS. – 45 MINIT

Fasilite a ap di patisipan yo:

1. Pran ti desen ti zanmi fi yo te fè a.
2. Konplete desen sa ak blad yo epi alonj yo ak lòt materyèl ki disponib pou demontre chanjman yo wè nan kò yon tifi nan peryòd laj sa epi ki gwo enkyetid yo panse tifi yo genyen nan moman sa.
3. Mete tout sa yo konnen tifi yo genyen lè yo kòmanse ti jèn fi. Lè yo fini yap eksplike sa yo konprann nan chanjman sa yo.

Aprè sa fasilite a ap envite patisipan yo vin prezante rezilta travay yo.

Lè patisipan yo fin fè travay la, fasilite a ap fè ti rezime sa pandan lap poze yo kèk kesyon yon fason pou fè sentèz sou aktivite a.

REZIME : PIBÈTE AK PERYÒD ADOLESANS KAY TIFI YO?

- **Ki lè pibète a kòmanse ?**

Pibète a kòmanse nan peryòd adolesans lan ki vle di nan peryòd 10 pou rive 14 lane, menm 16 lane.

- **Kisa yo rele pibète ?**

Se peryòd kote anpil chanjman fizik ak fizyolojik ap fèt lakay timoun yo. Se yon peryòd ki enpòtan nan lavi tifi paske gen anpil chanjman ki fèt nan kò yo, nan lespri yo ak nan kò

yo. Fòk nou sonje lè tifi a fèt, pami ògan seksyèl yo se sèl klitoris la(krèk) ki fonksyone. Se nan moman pibète a nou wè tout lòt ògan seksyèl yo vin fonksyone.

- **Ki chanjman ki genyen pandan peryòd sa?**

Nan moman sa nou wè kèk chanjman tankou: tete yo pouse, senti/basen yo vin pi laj, plim yo kòmanse pouse anba bra yo ak sou bouboun yo, cheve ak po tifi a vin pi gra. Ti bouton konn kòmanse parèt nan figi yo tou, yo swe plis sa ki bayo lodè fò, epi yo konn gen ti likid blanch ki soti nan bouboun yo. Pandan chanjman sa yo ap fèt deyò, genyen ki fèt anndan kò a tou : ovè yo kòmanse fonksyone yo lage ze, se konsa tifi a vin genyen premye règ li. Atirans pou lòt moun.

ENFÒMASYON POU MANTÒ A: Anpil granmoun pa bay tifi yo enfòmasyon sou sa, sa ki fè tifi yo konn pa byen viv peryòd sa. Nan moman sa, granmoun ki responsab tifi yo vin pi sevè, yo kenbe yo pi di paske yo pè pou yo pa gwòs. Paske tifi yo gen premye règ yo, yo gen risk pou yo ansent. Se nan peryòd sa, yo fè pi gwo diferans nan jan yo trete tifi pa rapò ak jan yo trete ti gason sa ki gen anpil enfliyans nan lavi tifi yo epi nan sosyete a. Peryòd sa difisil pou granmoun yo tou, anpil fwa nan peyi nou, granmoun yo pa gen bon enfòmasyon sou transfòmasyon emosyonèl ak sikolojik yo se sa ki konn fè se konsa yo aji ak tifi yo.

Aprè rezime a fasilite ap itilize menm kesyon pretès yo ak menm ti gwoup yo pou fè pòstès la.

REFLEKSYON POU TIFI YO

Gwoup 10-14 lane: Eske ou rekonèt tèt ou nan chanjman sa yo nou tap diskite yo?

Kòman enfòmasyon sa yo ap pèmèt ou viv pi byen?

Gwoup 15-19 lane: Si w te gen enfòmasyon sa yo lè ou te gen laj sa, kisa ou panse sa tap chanje nan vi'w?

SEKANS 10



SEKANS 10



| | |
|-----------------|--|
| Tit | PIBÈTE AK ADOLESANS KAY TI GASON YO |
| Objektif | 1. Aktivite sa ap pèmèt patisipan yo konprann pi byen sa kap pase lakay yon ti gason (kò li ak lespri li) nan moman pibète ak adolesans. |
| Dire | 1 èd tan |



Kisa Nap bezwen (lis materyèl):

- Desen ti zanmi gason yo an
- Sizo Lakòl ak tep (tape)
- Blad (balon) fòm wonn ak long
- Fisèl
- Alonj grenn (fo cheve)
- Imaj sekans # 10-1, 10-2, 10-3



Konsiy : Fasilitatè a ap mande patisipan yo fòme gwoup 5 moun. Fasilitatè a ap mande patisipan yo si yo konn obsève ti gason ki nan laj 10 -15 lane. Kisa yo konn obsève? Lap bayo yon bristòl di pou yo fè desen yon ti gason ki ta gen 10 pou rive 14 lane. Fasilitatè a ap bay patisipan yo blad, alonj ak lòt materyèl tou pou yo mete nan desen an tout chanjman yo wè ki fèt kay ti gason an.

Anvan fasilitatè a rantrè nan sijè a, lap envite patisipan yo fòme gwoup 5 moun pou reponn ak kesyon pretès yo

KESYON POU TESTE KONESANS PATISIPAN YO

- Ki chanjman ou konn wè nan peryòd sa ?

AKTIVITE POU TOUT GWROUP

Mantò a ap montre timoun yo imaj sekans # 10-1, 10-2, 10-3 lè yo fin fè aktivite yo anvan sentèz la.

**AKTIVITE 11: KI CHANJMAN NOU WÈ NAN KÒ YON TI GASON LÈ YO GEN LAJ 10-15
LANE – 45 MINIT**

Patisipan yo ap fè yon desen ti gason epi yap montre tout sa yo wè nan kò yon ti gason nan laj 10-15. Yap mete tout sa yo konnen ti gason yo genyen lè yo kòmanse ti jèn jan nan laj sa. Lè yo fini y'ap eksplike sa yo konprann nan chanjman sa yo.

Lè patisipan yo fin fè travay la, fasilite a ap fè ti rezime sa pandan lap poze yo kèk kesyon yon fason pou fè sentèz sou aktivite a.

REZIME : ADOLESANS AK PIBÈTE KAY TI GASON YO

- **Kisa pibète ye pou ti gason ?**

Pibète a kòmanse nan peryòd adolesans lan ki vle di nan peryòd 10 pou rive 15 lane. Se yon peryòd ki enpòtan nan lavi ti gason paske gen anpil chanjman ki fèt nan kò yo, nan kè yo ak nan lespri yo menm jan ak pou ti fi yo.

- **Ki chanjman ki fèt?**

Nan peryòd sa yo, ti gason yo kòmanse gen ti plim (anba bra, anwo kòk la, lestomak), yo fè moustach, ti bab, ti bouton nan figi yo, vwa yo kòmanse chanje, epi ti kòk yo kòmanse grandi, le maten lè yo leve li kanpe, yo konn fè rèv ki fè yo konn voye lanwit. Yo swe plis, yo gen ti lodè fò. Lestomak yo kòmanse laji. Nan moman sa'a lè ti gason an fòm li ka pwodwi dechay ki ka fè yon fi ansent. Atirans pou lòt moun.

ENFÒMASYON POU MANTÒ A: Nan moman sa, granmoun ki responsab ti gason yo ba yo libète yo pou fè jèn jan. Nan peryòd sa a zafè diferans nan jan yo wè ak leve ti gason ak tifi vinn pi enpòtan.


Aprè rezime a fasilite ap itilize menm kesyon pretès yo ak menm ti gwoup yo pou fè pòstès la.

REFLEKSYON POU TIFI YO

Kòman enfòmasyon sa pral chanje relasyon'w ak gason ?

SEKANS 11

mwen wè san
nan kilot mwen
mwen pa konnen
sam genyen



SEKANS 11



| | |
|-----------------|---|
| Tit | RÈG LA |
| Objektif | 1. Aktivite sa ap pèmèt patisipan yo konprann pi byen sa ki konsène règ kay tifi. |
| Dire | 1 èd tan |



Kisa Nap bezwen (lis materyèl):

- Istwa Nana
- Makè
- Imanj sekans # 11

Anvan fasilitatè a rantre nan sijè a, lap envite patisipan yo fòme gwoup 5 moun pou reponn ak kesyon pretès yo .

| KESYON POU TESTE KONESANS | |
|----------------------------------|----------------------|
| • Kisa nou konnen sou zafè règ ? | • Kote règ la soti ? |



Konsiy : Avvan fasilitatè a envite patisipan yo al travay nan group pou fè egzèsis la, lap poze yo kèk kesyon nan gran gwoup:

- 1) Kisa règ la ye ?
- 2) Kòman nou fè konnen kilè nou pral gen règ nou ?

Fasililatè a ap tande repons kèk patisipan epi lap envite yo al travay nan group

AKTIVITE POU TOUT GWROUP

Mantò a ap montre timoun yo imaj sekans # 11

AKTIVITE 12 : ZAFÈ RÈG- ISTWA NANA LÈ LI TE FÈK FÒME- 30 MINIT

Bis la rive na yon kominote ki rele “Zafè Règ la”. Mantò a envite tifi yo desann bis la pou yal tandè istwa Nana.

Nana se yon tifi kite gen 9 lane. Li t’ap viv kay manman’l ki te madan sara ak papa’l ki te toujou nan lari pou chèche lavi. Nana te konn patisipe nan klèb timoun nan kominote a. Sa fè Nana te renmen toujou ale nan aktivite klèb la, pou’l ka jwenn ti zanmi, pou’l jwe, pale epi aprann anpil bagay. Pi bon ti zanmi’l nan klèb la te yon tifi yo te rele Mari.

Yon jou pandan Nana nan klèb la, li santi kilòt li mouye, li kouri al nan twalèt lè li rive, li te jwenn kilòt li te wouj ak san. Nana sezi li pete yon gwo rèl kriye paske li pa konprann sa ki te rive’l. Li panse li te blese. Bagay sa bay Nana anpil pwoblèm, l’ap reflechi nan kèl sou ki sa li pral di manman’l paske li toujou di Nana pa kouri pou’l pa pran gwo so.

Lè Mari pa janm wè Nana soti nan twalèt la, l’al chèche’l, se lè sa li wè l’ap kriye. Se nan fòse, Nana rakonte Mari sak pase’l epi li di’l se depi yè li wè li konsa. Mari menm pat konprann tou sa ki rive Nana, kidonk li paka di’l anyen. Mari ankouraje’l pou’l di manman’l sa, apre anpil refleksyon Nana dakò. Lè Nana rive lakay li, li te wont anpil men li pran kouraj li pou’l eksplike manman’l sa ki te rive’l. Manman’l met de men nan tèt epi li souri “pitit fi’m se yon bagay natirèl ki rive kay tout fi men sa vle di tou zafè tout jounen pou wa’p drive nan lari a koupe’m sa sèk”. Nana menm ki se yon tifi ki renmen konnen anpil tonbe poze manman’l kesyon. Manman Nana di’l li pa bezwen konn plis detay.

Fasilitatè a ap poze patisipan yo kesyon sa yo:

1. Kisa nou panse ki rive Nana?
2. Poukisa Nana pete kriye?
3. Sa nou panse de eksplikasyon manman Nana ba li?

Lè patisipan yo fin fè travay la, fasilitatè a ap fè ti rezime sa pandan lap poze yo kèk kesyon yon fason pou fè sentèz sou aktivite a.

REZIME – KISA RÈG LA YE EPI KÒMAN NOU KA JERE’L BYEN

- **Kisa règ la ye ?**

Règ se sa ki rive yon tifi lè li gen san ki soti nan bouboun li chak mwa. An jeneral san sa melanje ak anpil lòt bagay tankou : dlo, sekresyon, glè, ki soti nan vajen ak kò matris la, bakteri ak lòt dechè kò a pwofite mete deyò. Se yon bagay ki natirèl kidonk pa gen okenn rezon pou yon ti fi wont paske li gen règ li.

- **Kilè yon tifi ka gen premye règ li?**

Premye règ yon tifi ka vini ant 10 ak 13 lane. Laj sa koresponn ak pibète ki se kòmansman peryòd adolesans la. Toutfwa sa ka rive, yon tifi gen règ li anvan oswa yon ti kras pi ta. Men se pa yon pwoblèm. Chak moun gen yon jan kò’l fonksyone.

- **Kisa sa vle di lè yon tifi kòmanse gen règ li?**



Depi tifi a gen premye règ li, li ka ansent si’l ta gen relasyon seksyèl san li pa pwoteje tèt li. Tifi a ap genyen règ li chak mwa pandan yon bon bout tan nan lavi li, jiskaske li rive bò 49 lane konsa.

- **Ak kisa tifi a ka sèvi lè li gen règ li ?**

Lè tifi a gen règ li, li ka sèvi ak sèvyèt ijyenik yo rele kotèks. Men gen moun ki konn sèvi ak moso twal koton blan. Tifi a dwe mete kotèks la oubyen moso twal la nan fon kilòt li epi lap asire’l yo byen tache pou yo pa ni deplase, ni tonbe, ni sal rad li. Tifi ki sèvi ak moso twal la dwe asire’l twal sa yo trè pwòp yon jan pou evite mikwòb epi pou li pa gen enfeksyon. Fòk li lave yo ak bon dlo pwòp, savon, kloròks epi bouyi twal yo.

Aprè rezime a fasilite ap itilize menm kesyon pretès yo ak menm ti gwoup yo pou fè pòstès la.

SEKANS 12



SEKANS 12



| | |
|-----------------|---|
| Tit | SIK MANSTRİYÈL LA |
| Objektif | 1. Aktivite sa ap pèmèt patisipan yo konprann pi byen sik règ la pou yo gen pi bon kontwòl tèt yo |
| Dire | 1 èd tan |



Kisa Nap bezwen (lis materyèl):

- Fisèl
- Grenn madyòk (yon bon valè pou chak patisipan jwenn 35 grenn) – kolye sik manstryèl la
- Jwèt Marèl 28 karo
- Lakrè osinon chabon (pout rase marèl la)
- Imaj sekans 12-1, 12-2, 12-3

Objektif: Aktivite sa ap pèmèt tifi yo konprann pwosesis ki menmen règ pandan yap jwe yon jwèt yo konn fè nan kominote yo.

Anvan fasilitatè a rantre nan sijè a, lap envite patisipan yo fòme gwoup 5 moun pou reponn ak kesyon pretès yo .

KESYON POU TESTE KONESANS PATISIPAN YO

- Kisa ou ka di sou zafè sik manstryèl ?

Konsiy sou jwèt marèl 28 jou : Fasilitatè a ap fè yon ti rezime sou sentèz sekans sou règ la ye, apresa l'ap mande patisipan yo fè 2 gwoup. Li ka itilize youn nan ti teknik yo aprann deja yo pou fòme 2 gwoup yo.

Fasilitatè ap di patisipan yo, nou pral jwe yon jwèt marèl ki gen 28 kawo osinon wonn. Lap envite patisipan yo kanpe epi fè yon wonn.

AKTIVITE POU TOUT GWROUP

Mantò a ap montre timoun yo imaj sekans # 12-1 lan. Lap mande yo obsève imaj la anvan yo fè aktivite a.

AKTIVITE 13 : JWÈT MARÈL 28 KAWO - KÒMAN, KI MOMAN AK CHAK KI KILÈ YON TIFI GEN RÈG. Aktivite sa ap fèt pou tout gwoup – 45 MINIT

Aprè yo fin tande istwa Nana, tifi yo te byen kontan aprann yon seri koze sou zafè règ la nan kominote a. Pandan yap retounen nan bis la, tifi ki tap rakonte yo istwa a di yo anvan yo kite kominote'l la, gen yon ti jwèt pou yo jwe ki rele La marèl. Tifi yo te kontan anpil paske yo renmen jwe. Lizèt mande Roza fè yon ti tann.

Marèl la ap gen 4 pati ladann. Nap nap itilize kèk nan materyèl nan lis la pou mete remak ki ale ak chak nan 4 pati marèl la genyen an. Fasilitatè a ap eksplike timoun yo fason pou yo jwe marèl la. L'ap fè kèk timoun ale kanpe oubyen fè yon bagay nan karo marèl la.

- ✓ Fasilitatè a ap mande youn nan timoun yo kanpe nan premye karo marèl la.
- ✓ L'ap mande yon lòt kanpe nan dènye karo marèl la.
- ✓ L'ap mande yon lòt timoun mache vide sòs tomat kòmanse nan premye karo a pou rive nan 6zièm karo marèl la, epi pou'l kanpe nan liy sòs tomat la.
- ✓ L'ap mande 2 lòt timoun vin kanpe nan marèl la : youn nan 11/12zièm karo lòt la nan 16/17zièm karo.
- ✓ L'ap mande yon lòt timoun ale kanpe nan 14zièm karo marèl la.
- ✓ L'ap mande yon lòt timoun kanpe nan 27zièm karo marèl la.

Fasilitatè a ap poze kesyon sa yo:

1. Poukisa (site non timoun la) kanpe nan premye karo ak nan dènye karo a?
2. Sa nou konprann de jès (site non timoun nan) fè a kote li vide sòs tomat nan 1

rive nan 6zièm karo a?

3. Sa nou panse de (site non timoun nan) ki kanpe nan 14zyèm karo a?

Lè patisipan yo fin di sa yo panse. Fasilitatè ap bay chak moun ki kanpe yon moso papye ki gen yon enfòmasyon ladann. L'ap mande nenpòt timoun li sa ki ekri yo oswa lap li'l pou yo.

Lè patisipan yo fin fè travay la, fasilitatè a ap fè ti rezime sa pandan lap poze yo kèk kesyon yon fason pou fè sentèz sou aktivite a. Fasilitatè a ap itilize sekans imaj 12-2, 12-3 pou fè sentèz la.

REZIME – KÒMAN, KI MOMAN AK CHAK KI KILÈ YON TIFI GEN RÈG LI ?

- **Kisa yo rele sik règ la?**

Règ pa yon bagay ki vini brit soukou, gen tout yon pwosesis ki fèt nan kò tifi a pou'l rive gen règ, se pwosesis sa yo rele sik règ la.

- **Kilè sik règ la kòmanse?**

Sik règ la kòmanse premye jou règ la parèt la. Dire nòmal yon sik se 21 pou rive 35 jou. Gen moun ki gen sik regilye ki dire 28 jou. Fi a ka bay san pandan 3 pou rive 6 jou selon moun nan. Lè yon tifi fèk fome, kantite jou ki gen nan sik règ li ka varye detanzantan, li ka vin gen yon sik estab 2 lane apre premye règ la. Tanperaman tifi a ka chanje lè li pral gen règ li tankou move anpil, li nève, li paka byen manje elatriye sa pa yon bagay grav. Plizyè bagay ka enfliyanse sik règ tankou estrès, fatig, pwoblèm, la perèz, maladi, vwayaj, tanperati, ak jan ou manje elatriye. Lè sa yo rive tifi a konn gen ti reta nan moman pou règ la rive a. Se pa yon pwoblèm, men nan ka tifi a wè li pa gen règ pandan youn oubyen plizyè mwa san li pa ansent, fòk li ale touswit nan sant sante osinon ale wè doktè li.

- **Diferan pati nan sik la**

Sik la gen plizyè faz ladan'l:

- Premye faz la se règ la, li dire 3 a 6 jou. San soti nan matris tifi a, li pase nan kòl matris la pou'l rive nan vajen an epi li soti deyò. San sa kapab koulè rouj viv, rouj

pàl oubyen bren. Kòl matris fi a konn bay yon likid ki rele glè sèvikal, ki pa anpil epi ki yon ti jan mou, epè, blan nan moman sa (tankou yon jele)

- **Faz folikilè (periyòd avan ovilasyon)** : Nan faz sa, genyen yon òmon ki pèmèt ovè a prepare yon ze. Nan menm moman ovè a pwodwi yon òmon yo rele estrojèn ki pèmèt matris la prepare'l pou resevwa ze kwaze a, si toutfwa ze gason an ta kontre ak ze fi a apre yon rapò seksyèl. Lè sa glè sèvikal la vini anpil epi li vin pi klè li kòmanse vini file. Tout bagay sa yo fèt ant 7e a 14 jou. Faz sa ka dire 8/9 jou.
- **Faz pwodiksyon ze (Ovilasyon)**: Ovè a lage ze a nan twomp lan, se sa sa yo rele Ovilasyon. Si ou gen yon sik 28 jou, ze a fèt sou 14e jou sik la. Si sik la pa 28 jou, ze a ka fèt ant 11e – 16e jou a depandan dire sik moun lan.
- **Faz liteyal (faz pwochen règ la)** : Ze a kontinye mache nan twonp la pou l ale nan matris la. Li ka viv 24 èd pou rive 48 èd tan nan twonp la, si non l'ap mouri. Si ze gason an gentan kontre ak li, li pap mouri, li vin tounen ze kwaze epi l'ap kontinye mache pou ale nan matris la. Vwayaj sa ka dire 3 a 5 jou. Glè sèvikal la, vini pi likid (tankou yon blan ze ki poko kwit) pou'l ka ede ze gason an al kontre ze fi a nan twonp la byen vit avan li mouri. Ze gason an ka viv ant 3 a 5 jou nan twonp la.

- **Kisa ki pase si pa gen kwazman?**

Si pa gen kwazman ant 2 ze yo, pou nenpòt ki rezon (tankou: lè ze gason rive ze fi a te gentan mouri, ze gason an pa gen ase fòs pou'l kwaze ze fi a, pat gen ze gason nan twonp la, pat gen rapò seksyèl elatriye), matris la debarase l de tout sa li t'ap prepare pou resevwa ze kwaze a (san, manje elatriye). Tout san koule, se sa ki vini bay pwochen règ la.

- **Pouki sa tifi gen doulè nan periyòd règ li?**

Gen tifi ki konn gen doulè lè li gen règ li. Sa rive lè matris la ap debarase'l de ti kabann li te pare pou resevwa ze a. Tifi a santi doulè sa yo, paske lè sa kò'l ap sekrete anpil òmon ki pou fòse matris la jete tout sa li te prepare yo, se tankou yon batay k'ap fèt anndan kò a. Se sa'k fè tifi yo ka wè souvan se nan premye jou règ la doulè sa yo plis. Lè sa rive li ka mete yon moso twal ki mouye ak dlo cho sou vant li. Si tifi a te abitye ale kay doktè pou sa, lè sa li ka mete tout konsèy doktè a ba li yo an pratik.

Aprè rezime a fasilatè ap itilize menm kesyon pretès yo ak menm ti gwoup yo pou fè pòstès la.

REFLEKSYON POU TIFI YO

A pati jwèt marèl la, gade pou wè kilè ou te gen règ ou epi kilè ou ka gen pwochen règ ou?

Si ou gen yon sik ki regilye nan ki moman ou panse ovè pa w la ka bay ze a?

Kòman enfòmasyon sa pral chanje la vi w?

Fè yon ti kolye ap grenn madyòk pou w reprezante sik règ la

SEKANS 13



SEKANS 13



| | |
|-----------------|--|
| Tit | LIJYÈN KÒ KAY TIFI |
| Objektif | <ol style="list-style-type: none"> 1. Aktivite sa ap pèmèt patisipan yo konnen kisa lijyèn ye. 2. Aktivite sa ap pèmèt patisipan yo konprann enpòtans lijyèn sitou kay tifi ki nan peryòd adolesans. |
| Dire | 1 èd tan |



Kisa Nap bezwen (lis materyèl):

Nap bezwen (lis materyèl):

- Sèvyèt pou siye kò
- Bròs pou dan
- Savon
- Sèvyèt ijyenik (kotèks)
- Dlo
- Bikabonat (pou sèvi kòm dezodoran oubyen pat)
- Yon ti moso twal oubyen eponj
- Gwo poupe plastik
- Fisèl
- Imaj sekans # 13



Konsiy : Fasilitatè a ap ankouraje patisipan yo rete an gran gwoup, epi l'ap envite yo fè egzèsis sa.

Anvan fasilitatè a rantre nan sijè a, lap envite patisipan yo fòme gwoup 5 moun pou reponn ak kesyon pretès yo.

| KESYON POU TESTE KONESANS PATISIPAN YO | |
|--|--------------------|
| • Sa sa vle di lijyèn ? | • Ki enpòtans li ? |

AKTIVITE POU TOUT GWOUUP

Mantò a ap montre timoun yo imaj sekans # 13

AKTIVITE 14. POUKISA TIFI YO DWE PRAN SWEN EPI TOUJOU KENBE KÒ YO PWÒP – 45 MINIT

Fasilitatè a ap mande timoun yo sa yo panse sou kesyon sa yo :

- ✓ Dapre nou poukisa yon tifi dwe pran swen epi kenbe kò li pwòp?
- ✓ Ki rapò bon jan li jiyèn genyen ak tout sa nou te wè nan leson anvan yo ?

Fasilitatè ap ekri sou gran fèy papye lide timoun yo ap bay yo. Fasilitatè. Apresa, fasilitatè a ap mande yonn nan timoun yo pou fè yon ti rezime sou sa tout ti zanmi li yo sot di a.

Lè patisipan yo fin fè travay la, fasilitatè a ap fè ti rezime sa pandan lap poze yo kèk kesyon yon fason pou fè sentèz sou aktivite a.

REZIME : POUKISA TIFI YO DWE PRAN SWEN EPI TOUJOU KENBE KÒ YO PWÒP.

- **Ki sa li jiyèn ye ?**

Liyèn gen rapò ak la pwòpte, ak jan pou moun viv byen (byennèt).

- **Kisa nou jwenn nan li jiyèn an jeneral?**

Liyèn lavi a genyen 2 gwo konposant ladan l' se : li jiyèn alimantè ak li jiyèn endividyèl

Nan ka li jiyèn endividyèl la yo pale sitou :

- **li jiyèn vètman:** konsène fason ou pran swen ak eta rad w'ap mete chak jou.
- **li jiyèn domestik/li jiyèn kay/lojman:** ki konsène fason ou pran swen kote w'ap viv.
- **li jiyèn kò:** ki se fason ou pran swen tout pati nan kò w.

- **Kisa li jiyèn kò ye ?**

Liyèn kò: Se tout swen ak lapwopte w'ap bay kò w yon jan pou evite tout vye maladi ak

enfeksyon ki gen rapò ak salte, ak mikròb.

- **Poukisa liyèn kò enpòtan ?**

Moun tout laj dwe pwopte kò yo chak jou nan benyen youn ak 2 fwa pa jou depandan tan ak resous (dlo, savon, elatriye) pou retire tout mikròb ak salte ki poze sou kò a, oswa kò a pwodi yon fason pou pa trape maladi.

- **Pouki sa liyèn kò enpòtan kay adolesan yo?**

Liyèn enpòtan pou tout moun. Nan ka timoun ki nan peryòd adolesans, kò timoun yo pwodwi **anpil òmon epi timoun lan swe anpil sa ki konn pwovoke move lodè kèk fwa**. Kidonk pou tifi a rete an sante epi santi li byen fòk li pran abitid toujou kenbe kò li pwòp tout tan.

ENFÒMASYON POU MANTÒ A: Te gen yon gwo savan nan tan lontan ki te rele Louis PASTEUR, ki te di yon jou **“Le microbe n’est rien, le terrain est tout”**. Si nou ta mete ti mo sa an kreyòl nou ta p di **“Mikwòb pa anyen, se teren an ki tout bagay la”**. Sa fè nou konprann mikwòb yo ap toujou nan la nati, men se nou ki pou pran swen kò nou byen pou evite yo vin abite nan kò nou yon jan pou yo pa pote maladi ak enfeksyon pou nou. Kò yon moun se pwopriyete prive l, li responsab li pou tout lavi l, se li ki pou pran swen li.

Li enpòtan tou pou mantò a konnen, liyèn enpòtan pou lasante endividyèl chak grenn moun ak pou lasante tout sosyete a. Liyèn gen anpil rapò tou ak kèk mit, tabou nan sosyete a, bagay kiltirèl epi sitiyasyon lavi moun nan (lakay li, nan mitan zanmi li, lè l’ap travay).

Yon mit an Ayiti : tifi pa dwe benyen nan moman yo gen règ yo, paske la’p fè yo pran fred. Mantò a ka ankouraje timoun yo benyen ak dlo tyèd epi pa mete pye yo atè olye pou yo pa benyen ditou.

Mantò dwe asire ‘l pou l konnen abitid ak mès moun yo nan kominote l’ap travay la, tankou ki sa pwòpte ak salte vle di pou moun yo; Lè l’ap fè mesaj sou règ de baz yo pase, fòk li itilize anpil taktik pou timoun yo pa santi yo malalèz epi pou yo pa santi se ak yo Mantò a ap pale.

Pousa Mantò a itilize ti desen zanmi timoun yo te fè a, pou pale de sijè a.

Mantò a dwe poze tèt li kesyon sa: ki posibilite ak nesosite liyèn pou gwoup timoun sa yo an fonksyon nivo ekonomik fanmi yo ak anviwònman y'ap viv yo. Nan ka sa li konseye mantò a diskite kèk aspè liyèn an gwoup ak tout timoun yo, yon fason pou timoun yo menm ka ekspri sa yo panse sou kèk pwèn epi pataje fason yo jere difikite sa yo ki gen rapò ak liyèn. Bay adolesan enfòmasyon nan dialog, reyinyon, seyans, konferans elatriye; Mande timoun yo pataje “ki fason yo panse yo santi yo byen ak fè tèt yo plezi avan, fason yo ta vle fè lòt plezi tou”; Valorize timoun yo, fè yo pran konsyans de chanjman k'ap fèt nan kò yo ak fason pou yo valorize tèt yo pi byen nan aplike metòd liyèn ki mache ak moman sa nan lavi yo; Montre enpotans pou yo fokis sou swen kò yo ak tout chanjman k'ap fèt nan kò yo, pou lasante yo dabò epi pou sante tout sosyete a.

Aprè rezime a fasilite ap itilize menm kesyon pretès yo ak menm ti gwoup yo pou fè pòstès la.

REFLEKSYON POU TIFI YO

1. Si ti zanmi ou te fè nan desen an, gen laj 14 zan kounye a, epi li mande'w “ki enpòtans liyèn ” sa ou t'ap di'l ?
2. Kòman w santi'w, lè kò'w pwòp?

SEKANS 14



67

FÒMASYON SOU ZAFÈ SANTE SEKSYÈL POU TIFI "ESPAS PA'M YO"



SEKANS 14



| | |
|-----------------|---|
| Tit | LIJYÈN PATI SEKSYÈL KAY TIFI |
| Objektif | 1. Aktivite sa se pou fè demonstrasyon fason pou tifi pran swen kò li sitou pati seksyèl yo |
| Dire | 1 èd tan |



Kisa Nap bezwen (lis materyèl):

- Sèvyèt pou siye kò
- Bròs pou dan
- Savon
- Sèvyèt ijyenik (kotèks)
- Dlo
- Bikabonat (pou sèvi kòm dezodoran oubyen pat)
- Yon ti moso twal oubyen eponj
- Gwo poupe plastik
- Imaj sekans # 14



Konsiy : Fasilitatè a ap entwodwi yon ti jwèt sa pou ankouraje timoun yo detann yo pandan yo pral pwofite fè ti gwoup 2 ti zanmi pou fè egzèsis la. L'ap mande timoun yo fòme yon won, epi l'ap eksplike timoun yo jwèt la. L'ap di yo : Jodia nou vin nan ESPAS PA'Mpou asiste ak yon seyans byen espesyal, men tou nou pral pwofite konnen lòt ti zanmi yo ki la pi byen. Non sèlman nou pral fè zanmi youn ak lòt, men nou pral fè zanmi nou fèk fè yo byen youn ak lòt. Nou pral fè zanmi pandan n'ap chante yon ti chante ki rele zanmitay. Fasilitatè a pral aprann timoun yo chante a. Apresa, l'ap mande yo chante ak li pandan li pral tou pwofite ankouraje yo fòme gwoup travay yo. Lè y'ap chante fasilitatè a ap ankouraje yo mache kòm si se te sou yon plas piblik yo te ye.

Fasilitatè a ap di yo : kounye a nou pral fè ti gwoup zanmi, chak fwa nou fin chante yon kouplè nan chante a, m'ap di yon chif (ki ka 2,3,4,5 elatriye), depi nou tande chif la fòk nou fè gwoup a pati de chif nou tande a. Fasilitatè a fè ti jwèt sa jiskaske tan li genyen pou sa rive epi tou fè timoun yo mete yo nan tigwoup 2 moun pou egzèsis la.

Anvan fasilitatè a rantre nan sijè a, lap envite patisipan yo fòmè gwoup 5 moun pou reponn ak kesyon pretès yo.

| KESYON POU TESTE KONESANS | |
|--|--|
| <ul style="list-style-type: none"> • Poukisa lijyèn pati seksyèl tifi a enpòtan ? | <ul style="list-style-type: none"> • Kòman yo trete dlo ? |

AKTIVITE POU TOUT GWROUP

Mantò a ap montre timoun yo imaj sekans # 14

AKTIVITE 15. KÒMAN AK NAN KI MOMAN TIFI YO DWE PRAN SWEN KÒ LI, SITOU PATI SEKSYÈL YO – 30 MINIT

Lè yo fin kite kominote “Zafè Règ la”, vwayajè yo ap rapouswiv wout yo. Yo rive nan kominote ki rele “Lijyèn pati nan kò tifi”. Lè yo desann yo jwenn ak youn gwoup ti jèn fi ki bay yo chak yon pope ak kèk lòt materyèl: 1 poupe, 1 ti kivèt, 1 moso savon, 1 moso twal, yon bròs dan ak yon ti poud bikabonat. Yo mande vwayajè yo pwopte pope a pou yo ka travèse kominote a. Yap diskite ansanm ak ti zanmi ou a yon fason pou nou pwòpte kò poupe a. Chak sa yonn nan nou fè l’ap eksplike lòt ti zanmi an poukisa li fèl.

Aprè egzèsis la, fasilitatè a ap mande youn nan gwoup 2 timoun yo vini pataje eksperyans la ak lòt yo pandan y’ap reponn ti kesyon sa yo :

- ✓ Kisa yo te santi lè yo t’ap fè egzèsis la?
- ✓ Lè yo fin pwòpte kò pa yo kòman yo santi yo?
- ✓ Kòman yo jere lijyèn kò yo lè yo gen règ yo?

Pandan gwoup la ap pale, lòt gwoup yo ka konplete.

Lè patisipan yo fin fè travay la, fasilitatè a ap fè ti rezime sa pandan lap poze yo kèk kesyon yon fason pou fè sentèz sou aktivite a.

REZIME : KÒMAN AK NAN KI MOMAN TIFI YO DWE PRAN SWEN KÒ YO, SITOU PO YO AK LÒT PATI SEKSYÈL YO ?

- **Ki enpòtans po 'w genyen ?**

Po se youn nan pati kò a ki gen anpil wòl. Li pwoteje kò a kont anpil salte ak mikwòk ki nan anviwònman (li pwodwi sebòm pou goumen ak jèm mikwò yo) epi li kontwole tanperati kò a nan mete swe deyò (tranpirasyon).

- **Poukisa epi ak kisa ou dwe lave po w ?**

- Li enpòtan pou lave po w chak jou ak dlo pwòp epi savon yon jan pou li ka jwe tout wòl li genyen yo. Nan peryòd pibète, po a pwodwi anpil grès sitou nan vizaj, devan lestomak ak nan do, sa ki fè yon adolesan ka wè anpil ti bouton nan figi li. Se pou sa li dwe pran tan l pou lave vizaj li byen paske vizaj se youn nan kote ki an kontak anpil ak pousyè, lòt bagay ki nan anviwònman ak pwodwi makiyaj yo tou. Adolesan ka itilize yon ti moso twal oubyen yon eponj pou asire l li lave kò li byen ak vizaj li. Lè ou lave pò ou byen ak savon epi dlo, sa pèmèt ou retire tout salte ki ta pral pwodwi move lodè yo. Apre lavaj la, tifi a dwe rense kò li ak dlo pwòp epi siye li ak yon sèvyèt sèch. Asire kote ki ka kenbe dlo yo byen siye tankou : anba zèsèl yo, bò lèn yo (bò kwis), pye yo, koud yo, paske kote sa yo konn kenbe imidite (dlo) kote mikwòb ka vin kache.
- Li enpòtan pou benyen, apre ou sot mache anpil nan solèy oubyen ou sot fè espò, paske nan moman sa yo, ou swe anpil epi swè se bagay ki kenbe epi tolere mikwòb ak lodè ki fò. Sa pi enpòtan ankò kay adolesan yo kote kò a pwodwi anpil òmon ak lòt sekresyon.
- Apre tifi a finn benyen epi byen siye kò li, li ka mete ti dezodoran pou ede'l kontwole lodè yo. Men fè atansyon ak tip dezodoran yo, paske gen ladan yo ki fèt pou anpeche transpirasyon (kidonk anpeche swe). Alòs nou konnen swe se youn nan mwayen kò a itilize pou mete deyò kèk vye eleman nuizib pou sante. Nan ka pa ta gen kòb tou tan pou achete dezodoran, tifi yo ka itilize bikabonat ki se yon

pwodwi ki ede absòbe lodè fò. Yo ka itilize l pou anba zèsèl ak pye yo.

- **Poukisa pou lave men ak zong yo?**

Men se youn nan pati ki pote anpil mikwòb lakay moun paske ou gen tandans manyen tout sa ki nan anviwònman ak yo epi nou itilize men anpil pou fè anpil bagay. Kidonk toujou lave men nou detanzantan, espesyalman lè nou soti nan twalèt, lè tifi yo sot chanje sèvyèt kotèks yo, avan nou manje, apre nou fin mouche nen nou, apre nou sot pran machin piblik, apre ou soti nan lari, avan ti karès yo ak rapò seksyèl elatriye. Lè n'ap lave men pwofite lave zong yo tou paske anpil fwa mikwòb yo ale kache anba zong yo. Lè n'ap lave men, retire bag ak lòt bijou yo pou nou ka lave espas kote yo te ye a byen yon jan pou pa kite imidite ak kachèt pou mikwòb al sere.

- **Poukisa ak kòman pou lave bouch ak dan?**

Sante bouch ak dan enpotan anpil, paske moun itilize pati sa yo pou manje, pale an fas moun, nan fè ti bo ak ti karès kò elatriye. Li konseye pou brose dan pou pipiti 2 fwa pa jou (maten ak aswè) pandan w'ap itilize yon bròs ak yon pat pou dan. Si pat ou fini ou ka itilize yon ti bikabonat. Lè w'ap brose dan fòk ou netwaye jansiv yo tou. Fè mouvman monte desann ak bròs la nan dan/jansiv yo. Sa pèmèt ou elimine tout bakteri ki ka koze kari ak bay bouch move lodè. Li enpòtan pou evite manje ki gen anpil sik sitou lè se pa moman gwo manje yo ak anvan ou al domi.

- **Poukisa ak kòman pou lave pati entim kay tifi yo?**

Li enpòtan pou tifi a byen lave pati entim li, lè l'ap benyen 2 ou 3 fwa pa jou. Li ka itilize ti moso twal la pou byen netwaye bouboun nan (sitou lè yo ki ka kache mikwòb). Fòk dlo a se yon dlo ki pwòp. Souvan tifi yo konn santi yo sal epi mal alèz lè yo gen règ, sa ki konn ba yo anvil lave kò yo detanzantan ak dlo epi savon. Men, li pa oblije fè sa, ni tou li pa oblije fè twalèt li chak fwa li chanje kotèks sou li. Kò yon moun posede pwòp mwayen defans li. Si w pran abitid lave bouboun ou tout jounen pandan w'ap sèvi ak savon ki gen anpil pwodwi chimik, sa ka fè pati entim yo vin frajil epi ekspozè a kèk jèm mikwòb. Nan peryòd règ la, nan moman tifi a ap benyen fòk li pwofite byen lave pati entim li yo. Tifi a dwe sèvi ak kotèks pou evite kilòt li ak rad li sal. Li ka chanje yo detanzantan lè li santi li mouye anpil pou anpeche twòp imidite nan kilòt li pou pa ankouraje jèm devlope.

Gen kèk bagay ki konn pwovoke devlopman bakteri ki ka fè w grate epi pote enfeksyon nan pati entim. Pou sa gen kèk ti konsèy liyèn ki enpotan:

- Evite mete kilòt sere, kolan ak pantalon jin ki sere, ak lòt bagay ki ankouraje anpil fwotman, lè sa si pati entim tifi a sansib sa ka ba li pwoblèm, fè'l anvi grate epi evite'l santi 'l alèz pou jounen an;
- Lave men yo souvan pou evite enfeksyon, paske nan chanje kotèks men'w konn vin sal;
- Lè ou fin pou pou, pran abitud siye'w soti devan ale deyè. Si ou fè'l soti deyè vin devan ou ka fè mikwòk ki nan pou pou a vin kontamine boubounn nan ak vajan an.

- **Kijan yo trete dlo?**

Yo trete dlo 3 fason :

- Itilize aquatab pou yon galon oswa pou 5 galon
- Bouyi dlo a : kite dlo a bouyi pandan 30 minit, mete l repoze nan yon veso pwòp pou li ka frèt epi apre sa ou ka itilize'l pou benyen
- Trete dlo a ak kloròks likid.

ENFÒMASYON POU MANTÒ A: Jan nou te di nan kòmansman leson an, liyèn pati nan kò ki gen pou wè ak sante seksyèl ak fè pitit fè pati de liyèn kò an jeneral. Nan kontèks sa, prensip liyèn yo mande pou moun genyen yon konpòtman seksyèl responsab ki makonnen ak bon kontwol tèt ou, respè pou tèt ou ak respè pou lòt yo.

Aprè rezime a fasilite ap itilize menm kesyon pretès yo ak menm ti gwoup yo pou fè pòstès la.

REFLEKSYON POU TIFI YO

Gade nan tou sa nou di yo, kiyès ou ka aplike nan liyèn pa'w. Sa ou pa ka aplike yo, gade pou wè rezon ki fè ou pa ka aplike yo.

| GEN MOUN KI DI SA. E OU KISA W PANSE? | V/F |
|---|------------|
| Lè wap fè ti twalèt ou, ou fèl ak nenpòt dlo | F |
| Si ou ta wè kò'w ap degaje yon lòdè paske ou pa benyen, wap vide pafèn sou ou | F |
| Ou chanje kilòt chak de jou | F |
| Ou pa oblije benyen ak savon | F |
| Fòk ou lave bouboun ou plizyè fwa pa jou, chak tanzantan | F |
| Se lè règ ou sèlman pou ou swiv bon prensip liyèn | F |

SEKANS 15



74

FÒMASYON SOU ZAFÈ SANTE SEKSYÈL POU TIFI "ESPAS PA'M YO"



SEKANS 15



| | |
|-----------------|--|
| Tit | KÒMAN TIFI YO DWE PRAN SWEN KÒ YO, SITOU PATI SEKSYÈL YO NAN MOMAN DLO DIFISIL POU JWENN |
| Objektif | <i>1. Aktivite sa se pou pèmèt tifi Espas Pa'm yo diskite difikilte yo ka genyen nan moman pa gen anpil dlo epi jwenn kèk solisyon sou pou ede yo nan kad liyè kò yo</i> |
| Dire | 30 MINIT |



Kisa Nap bezwen (lis materyèl):

- Istwa
- Makè
- Flipchat
- Imaj Sekans 15



Konsiy : Fasilitatè a ap envite yo pou yo kontinye ti chita pale a sou zafè liyè kò yo nan brase lide sou ti egzèsis sa a. Yo pral travay nan gwoup.

AKTIVITE POU TOUT GWROUP

Mantò a ap montre timoun yo imaj sekans # 15

AKTIVITE 16. ISTWA PAN KAWOUTCHOU A. 15 MINIT

Pandan ti bis la sou wout, tifi yo ak tout Mantò yo pral vizite yon lòt kominote, yap pale, yap bay blag, yap chante... Yo kontan anpil poutèt yo fè ti promnad sa. Pandan timoun yo ap chante nan bis la, yo tande yon sèl bri pete Powwwwww. Roza, chofè a, mete 2 men nan tèt li di yo “Mesye woووоо gad kote mal pran yon pann kawoutchou. Kèrt”. Li te nan zòn 6zè diswa. Erèzman pot ko fè nwa. Roza di yo, moun ki pou leve pan nan rete

75

FÒMASYON SOU ZAFÈ SANTE SEKSYÈL POU TIFI “ESPAS PA'M YO”



byen lwen, kifè li blije mache yon bon ti distans pou'l al chèche l. Nan moman sa, tout lòt timoun yo ak mantò yo rete nan bis la. Genyen k'ap bay blag, genyen k'ap chante, genyen k'ap ri. Pandan tan sa, Nikòl ki chita bò kote Jesika d'il.

- **Nikòl:** OO mwen santi san ap koule sou mwen la wi, sanble mwen gen règ wi. Gade yon ka, sa'm pral fè la aswè a nan zòn ki pa menm gen yon larivyè pou'm ta benyen oubyen fè twalèt mwen an.
- **Jesika :** OO tèt chaje, kite mwen ale di Mantò a sa. N'ap tande sa l'ap di nou.

Jesika leve li ale kote Lizèt nan nan pòt bis la, epi li di'l sa ki rive Nikòl la.

Mantò di, rete sa pi rèd, mwen pa wè sam pou'm di la non...

Fasilitatè a di patisipan yo:

1. Imajine ou te la nan bis la, ki sa ou t'ap pwopoze Nikòl pou'l fè pou pwòpte kò li? Fasilitatè a ap ankouraje tout moun pale pou pwopoze yon bagay. Apre egzèsis la, l'ap mande yonn nan patisipan yo fè yon yon ti rezime sou sa tout ti zanmi li yo sot di a.

Lè patisipan yo fin fè travay la, fasilitatè a ap fè ti rezime sa pandan lap poze yo kèk kesyon yon fason pou fè sentèz sou aktivite a.

REZIME : KÒMAN TIFI KA PRAN SWEN KÒ YO, SITOU PATI SEKSYÈL YO, KOTE AK MOMAN KI PA PA GEN DLO.

Sa ka rive nan peryòd ijans oubyen pou yon rezon ak yon lòt pa gen dlo pou plizyè jou yon kote oubyen nan yon moman. Kòm nou konnen an jeneral, kò a gen kapasite pou netwaye tèt li pou kont li, nan elimine tout vye eleman li pa bezwen. Sa valab tou pou pati seksyèl yo tou, kote gen fenomèn natirèl ki fè kò a elimine kèk vye eleman li pa bezwen, tankou jan nou te wè lakay tifi yo nan moman règ la kote kò a pwofite elimine anpil bakteri ak lòt vye eleman.

Men nan ka pa gen dlo pou benyen, si gen yon ti dlo pou bwè, li konseye kanmenm pou timoun nan itilize yon ti twal mouye ki pwòp ak yon ti kal nan dlo l'ap bwè a pou li lave pati entim li yo sitou bòbòt la ak lèy yo ki ka kenbe mikwòb epi pase twal la bò lèn li pou netwaye pati sa tou.

Après, li ka itilize yon lòt ti twal mouye ankò pou lave anba zèzèl li (ki ka kenbe lodè fò).

Men si sa ta rive, pou youn oubyen 2 jou, li enpòtan pou jwenn yon solisyon nan chèche sa ki posib pou jwenn yon ti dlo ak savon pou lave kò a sitou pati entim yo tankou gran lèy yo ki se pòt pwoteksyon tout ògan seksyèl ki anndan kò a.

REFLEKSYON POU TIFI YO

Si ta gen yon desas natirèl ki ta rive pase nan zòn lakay ou epi dlo ta vinn difisil pou jwenn, koman ou tap fè liyèn kò w sitou pati seksyèl ou ?

SEKANS 16



78

FÒMASYON SOU ZAFÈ SANTE SEKSYÈL POU TIFI "ESPAS PA'M YO"



SEKANS 16



| | |
|-----------------|---|
| Tit | KISA SEKSYALITE YE |
| Objektif | <ol style="list-style-type: none">1. Patisipan yo ap konprann sa yo rele seksyalite ak anvi seksyèl2. Sekans la ap pèmèt patisipan yo santi yo pi alèz pou yo diskite sou zafè seksyalite nan Espas Pa'm la. |
| Dire | 1 èd tan |



Kisa Nap bezwen (lis materyèl):

- Revi
- Chante
- Flipchat
- Lakòl
- Sizo
- Papye
- Imaj sekans # 16



Konsiy : Nan aktivite sa n'ap jwenn konsiy pou 2 gwoup moun

- Mantò yo
- Gwoup timoun 10 – 14 lane ak Gwoup timoun 15- 19 lane

AKTIVITE POU MANTÒ YO

Mantò a ap montre timoun yo imaj sekans # 16

Konsiy: Ti pale sa ap fèt nan gran gwoup ak Mantò yo

AKTIVITE 17 - POU MANTÒ YO: 20 minit

Fasilitatè a enfòmè Mantò yo, yo pral pale sou yon sijè anpil moun jennen pale de li ki se zafè seksyalite. Fasilitatè a ap poze Mantò yo kèk kesyon pou kòmanse:

1. Kisa nou panse sou zafè pale seksyalite ak timoun?
2. Kòman nou santi nou nan lide sa ?
3. Kisa nou panse ki te ka jennen nou epi poukisa?

ENFÒMASYON POU MANTÒ A: Li pa toujou fasil pou yon granmoun abòde sijè seksyalite ak timoun oswa ak jèn moun. Sijè sa se yon sijè ki tabou epi ki konsidere pa plizyè moun tankou yon bagay ki si tèlman gen pou wè ak entimite, li pa ka yon sijè konvèsasyon menm pami granmoun, alewè pou yon granmoun ta chita pale ak timoun ak jèn sou zafè sa. Li enpòtan lè nap abòde kesyon sa yo pou nou alèz, pou timoun yo oswa jèn yo ka santi yo alèz pou pale pandan yap aprann epi pataje eksperyans yo. Seksyalite se yon bagay ki nòmal epi ki natirèl nan la vi yon moun. Alèkile timoun yo gade televizyon anpil, kidonk yo gen anpil egzanp sou zafè seksyalite sitou ak zafè feyton, videyo, entènèt elatriye. Nou pa bezwen panse yo pa konn anyen paske nou tap nan manti. Toutfw a li enpòtan pou nou konprann gen tifi ki enterese ak zafè seksyalite pandan gen tifi ki pa enterese ak sa.

PA ESEYE ENFLIYANSE TIMOUN YO AK PWÒP LIDE PA'W SOU KESYON AN.

Anvan fasilite a rantre nan sijè a, lap envite patisipan yo fòme gwoup 5 moun pou reponn ak kesyon pretès yo.

| KESYON POU TESTE KONESANS PATISIPAN YO | |
|--|---|
| <ul style="list-style-type: none"> • Kisa seksyalite ye ? | <ul style="list-style-type: none"> • A ki laj seksyalite yon moun kòmanse? |

AKTIVITE POU GWROUP 10-14 LANE

AKTIVITE 18: KISA SEKSYALITE YE? 10-14 lane – 30 MINIT

Objektif: Aktivite sa ap pèmèt patisipan yo fè ti pale, pataje epi konprann kisa seksyalite ye.

Fasilitatè a ap bay chak gwoup patisipan yon ti lo revi, oubyen kèk fèy papye ki gen ladan yo kèk refren mizik Ayisyen. Lap mande yo gade nan revi epi gade nan chante yo tout sa yo panse ki gen pou wè ak zafè seksyalite. Lè yo finn idantifye tout imaj yo, tout pawòl yo, yap dekoupe yo epi yap kole yo sou yon gwo fèy papye blan epi yap eksplike poukisa yo panse imaj sa yo oswa pawòl sa yo gen pou wè ak zafè seksyalite.

AKTIVITE POU GWROUP 15-19 LANE

AKTIVITE 18: KISA SEKSYALITE YE? 15-19 lane 30 MINIT

Objektif: Aktivite sa ap pèmèt patisipan yo fè ti pale, pataje epi konprann kisa seksyalite ye.

- Chak patisipan ap ekri oswa fè yon ti desen sou yon fèy papye pou eksplike ki sa li konprann lè'l tande mo "seksyalite". Lè patisipan yo fin fè ti travay sa, fasilitatè a ap mande yo al kole fèy papye a sou mi a. Patisipan yo ap gen 5 minit pou fè travay sa.
- Lè patisipan yo fin kole fèy papye a sou mi an, fasilitatè a ap envite patisipan yo kanpe devan mi an pou yo mete ansanm tout mo oswa desen ki sanble.
- Lè yo fin fè travay la, fasilitatè a ap mande patisipan yo eseye bay kèk esplikasyon ansanm sou sa gwoup mo yo vle di pou yo rive dakò sou kisa seksyalite yon moun ye.
- Lè patisipan yo fin dakò sou kisa seksyalite yon moun ye, fasilitatè a ap envite yo al chèche ti zanmi yo a (desen yo te fè a) epi reflechi sou yon jès zanmi a te ka fè pou'l eksprime seksyalite'l

Lè patisipan yo fin fè travay la, fasilite a ap fè ti rezime sa pandan lap poze yo kèk kesyon yon fason pou fè sentèz sou aktivite a.

REZIME : KISA SEKSYALITE YE?

• Kisa sa vle di seksyalite?

Seksyalite yon moun, enfliyanse relasyon'l ak moun epi fè'l anvi chèche chalè, lanmou, afeksyon, epi yon byennèt. Seksyalite pa vle di fè sèks. Nou ka rezime mo seksyalite a nan 4 pawòl tou senp:

- ❖ Sansyalite ki vle di sansasyon, dousè osinon frison w santi, jan w pran plezi ak sans ou yo
- ❖ Idantite seksyèl, se jan moun idantifye tèt yo nan sa ki konsène divès aspè nan vi seksyèl yo epi nan chwa yo fè.
- ❖ Entimite, ki vle di yon bagay pèsònèl ki pa piblik.
- ❖ Sante seksyèl, ki vle di, yon eta byennèt nan tèt, nan nanm, nan lespri ki gen pou wè ak aktivite seksyèl epi ki aji sou sante w an jeneral

• Kilè seksyalite yon moun kòmanse?

Seksyalite kòmanse depi lè yon moun fèt, kidonk se pa zafè granmoun sèlman. Lè tifi yo kòmanse nan laj adolesans yo kòmanse pran plis konsyans de seksyalite yo pa rapò ak chanjman kap fèt nan kò yo, nan sèvo yo.

• Kòman yon moun ka viv seksyalite'l?

Yon moun ka viv seksyalite'l plizyè jan. Li pa blije nan fè sèks. Sa ka fèt nan jwenn plezi nan manyen yon moun, nan manyen yon pati nan kò'l (pran dwèt- mastibasyon), nan chèche atire yon moun yon jan ki espesyal (file yon moun, bay tiz, bay jòf, pwovoke), nan karese, nan bo, nan jwe ak pati ki sansib nan kò'l. Yon moun ka viv seksyalite'l nanpanse oswa nan aksyon.

Aprè rezime a fasilite ap itilize menm kesyon pretès yo ak menm ti gwoup yo pou fè pòstès la.

REFLEKSYON POU TIFI YO

Aktivite sa ap fèt nan gwoup 3 pou rive 5 moun. Lap pèmèt patisipan yo interyorize nosyon yo aprann yo epi fè refleksyon nan lavi pa yo.

| MEN KISA YO KONN DI. E OU, SA W PANSE? | V/F |
|--|------------|
| Gason plis anvè fè sèks pase tifi | F |
| Fi pa gen dwa anvè fè sèks plis pase gason | F |
| Lè ou anvè fè sèks, fòk ou fè'l kèlke lanswa | F |
| Ou ka gen kèk anvè oswa fantas san ou pa oblije viv yo nan reyalye a | V |
| Anvè fè sèks avèk yon moun vle di renmen moun lan | F osinon V |
| Viv seksyalite w vle di fè sèks | F |
| Ou pa ka viv seksyalite w poukont ou | F |
| Lè yon moun di w li anvè w ou blije aksepte | F |
| Lè yon moun pratike sa yo rele mastibasyon li ka malad | F |
| Yon fi ki renmen fè sèks anpil pa fouti rete fidèl ak patnè'l | F |
| Viv seksyalite w vle di gen aktivite seksyèl san gad dèyè, san reflechi | F |
| Ou paka viv san ou pa fè sèks | F |
| Yon ti fi ki renmen atire moun nan fason li mache, li pale se yon ti pèlen | F |

SEKANS 17



SEKANS 17



| | |
|----------|--|
| Tit | RENMEN YON MOUN |
| Objektif | 1. Patisipan yo ap konprann kisa renmen ye? Epi kisa li pa ye? |
| Dire | 1 èd tan |



Kisa Nap bezwen (lis materyèl):

- Istwa Nikòl
- Flipchat
- Imaj sekans # 17



Konsiy: Nan aktivite sa n'ap jwenn konsiy pou 2 gwoup moun :

- Mantò yo
- Gwoup timoun 10 – 14 lane ak Gwoup timoun 15- 19 lane

AKTIVITE POU MANTÒ YO

AKTIVITE 19 AK MANTÒ YO – 15 MINIT

OBJEKTIF: Aktivite sa a pèmèt Mantò yo fè yon ti sonje koman bagay yo te ye nan tan pa yo epi konpare ak reyalyte timoun yo nan moman sa.

Konsiy: Fasilitatè a ap envite Mantò yo fòme gwoup 2 moun pou yo fè ti pale antre yo pou yo pataje premye eksperyans renmen yo. Yap rakonte nan peryòd pa yo koman zafè renmen an te ye, a ki laj tifi te konn renmen, ki kontrent ak ki avantak yo panse yo te genyen.

Lè yo fini fasilitatè a ap envite kèk patisipan ki ta renmen pataje eksperyans yo pataje ak rès gwoup la.

ENFÒMASYON POU MANTÒ A: Nan tan lontan renmen se te bagay jèn fi. Lè 2 ti jèn te renmen sa vle di yo ta pral marye. Alèkile, timoun renmen depi byen bonè epi renmen pa gen menm signifikasyon renmen te genyen an. Kidonk li enpòtan pou nou konprann timoun yo bezwen fè ti eksperyans yo epi akonpaye yo. Timoun yo ekspoze anpil ak eksperyans renmen sitou nan zafè feyton. Li enpòtan pou Mantò a diskite sou sijè sa ak timoun yo paske sa yo wè nan feyton yo se pa reyalite. Nan tan lontan ti gason te file tifi, koulye a tifi file ti gason alèz epi pa gen anyen ki pa nòmal nan sa. Li enpòtan tou pou nou fè atansyon ak kesyon laj. Pa gen laj pou renmen men timoun pa renmen ak granmoun.

Anvan fasilite a rantre nan sijè a, lap envite patisipan yo fòme gwoup 5 moun pou reponn ak kesyon pretès yo.

| KESYON POU TESTE KONESANS PATISIPAN YO | |
|--|-------------------------------|
| • Sa sa vle di renmen yon moun | • A ki laj yon moun ka renmen |

AKTIVITE POU GWROUP 10-14 LANE

Mantò a ap montre timoun yo imaj sekans # 17

AKTIVITE 20 : ISTWA NIKÒL KI RENMEN YON TI GASON/ 10-14 lane – 45minit

Nikòl se yon ti fi ki gen 13 lane. Li rete kay matant li. Nan katye kote li rete a gen yon ti gason ki rele Jinyò li gen 16 lane. Chak fwa lè Nikòl pra'l lan boutik pou matant li, li toujou wè li sou katye a. Pafwa Jinyò konn voye yon ti babay oswa yon ti bo ak men'l pou li, fè'l yon ti je dou, men yo pa janm pale. Li toujou ranje kò'l pou'l mete'l byen fre lè li pral nan boutik pou matant li dekwa pou Jinyò ka gade'l. Chak fwa Nikòl wè Jinyò, li santi li tou dwòl. Li konn santi kè'l ap bat fò; san'l tresayi, li konn santi li anvi pale avè'l, li konn santi li anvi kouri tou. Gen de lè li pa menm ka gade'l nan je. Li konn santi kilòt li mouye tou wi pafwa. La jounen kou lan nwit se ak jinyò lap panse, tout zanmi'l sou

katye a sispèk li. Li pè, li pa konn kiyès li te ka eksplike pwoblèm lan.

Sa kap pase Nikòl dapre ou? Eske ou panse se yon pwoblèm? Poukisa? Si sa ta rive w kisa w tap fè? Dapre ou kisa renmen yon moun vle di.

AKTIVITE POU GWROUP 15-19 LANE

AKTIVITE 20 : ISTWA NIKÒL KI RENMEN YON TI GASON /15-19 lane 45 MINIT

Nikòl se yon ti fi ki gen 16 lane. Li rete kay matant li. Nan katye kote li rete a gen yon jèn gason ki rele Jinyò li gen 19 lane. Chak fwa lè Nikòl pra'l nan mache pou matant li, li toujou wè li sou katye a. Yon fwa Jinyò voye yon ti bo ak men'l pou li epi li fè'l yon ti je dou, men yo pa janm pale. Nikòl toujou ranje kò'l pou'l mete'l byen fre lè lap sot nan lari a dekwa pou Jinyò ka gade'l. Epi lè li wè Jinyò, Nikòl mache chèlbè, li souke tout alonj ki nan tèt li. Chak fwa Nikòl wè Jinyò, li santi li tou dwòl. Li konn santi'l tresayi, li konn santi li anvi pale avè'l, li konn santi li anvi kouri tou, li konn santi li anvi bo'l. Li konn santi kilòt li mouye tou wi pafwa. La jounen kou lan nwit se ak Jinyò lap panse, tout zanmi'l sou katye a sispèk li. Li pè, li pa konn kiyès li te ka eksplike pwoblèm lan. Jinyò li menm, se yon jèn bredjenn, ti medam sou katye a di li swag. Yon jou pandan Nikòl ap pase, li rele Nikòl epi li di'l "Bebi mwen renmen wè w anpil wi cheri". Nikòl pa jwenn pawòl pou'l bay Jinyò. Depi jou a ti mesye dam yo kòmanse pale jis yo vin renmen.

Sa kap pase Nikòl dapre ou? Eske ou panse se yon pwoblèm? Poukisa? Si sa ta rive w kisa w tap fè? Dapre ou kisa renmen yon moun vle di.

Lè patisipan yo fin fè travay la, fasilitatè a ap fè ti rezime sa pandan lap poze yo kèk kesyon yon fason pou fè sentèz sou aktivite a.

REZIME : ZAFÈ RENMEN

- **Sa sa vle di santi lanmou oswa renmen yon moun?**

Renmen se yon bagay ki difisil pou defini. Renmen yon moun vle di santi ou gen yon atirans pou moun nan. Se yon santiman ki enpòtan. Lè ou renmen yon moun ou dwe

respekte moun nan, chwa li, santiman l, pèsonalite l' ak sa li panse. Se renmen'l ak defo'l epi kalite'l. Renmen yon moun se renmen pataje ti tan ak li, pale ak li epi pran plezi ak li. Gen plizyè fason ou ka montre yon moun afeksyon w pou li. Lè ou renmen yon moun ou ta renmen pwoteje moun lan epi pou moun la pwoteje w tou. Renmen yon moun pa vle di fè sèks, oswa bagay ou pa vle fè pou fè'l plezi.

- **Ki laj yon moun ka santi lanmou pou yon lòt moun?**

Lanmou se yon santiman ki nòmral. Pa gen yon laj pou yon moun renmen. Se lè'w santi ou pare ou ka deside renmen. Nan peryòd adolesans anpil moun fè premye eksperyans renmen yo. Renmen sa pa vle di nou oblije fè sèks, sa pa vle di nou gen entansyon marye oswa fè pitit. Ou pa dwe jwe ak santiman yon moun.

- **Eske renmen yon moun vle di aksepte tout sa moun la di'w, tout sa li fè'w menm lè sa pa fè w plezi?**

Renmen yon moun pa vle di aksepte tout sa moun la di'w, tout sa li fè'w menm lè sa pa fè w plezi. Renmen chita sou respè yonn pou lòt epi negosiyasyon ki vle di dyalòg.

- **Eske gen yon resèt pou w renmen?**

Chak moun renmen nan jan pa'l, chak moun gen yon jan pou'l di yon moun li renmen'l. Pa gen yon resèt ki mache pou tout moun tankou resèt fè pate oswa gato.

- **Pou ki rezon ou ka renmen yon moun?**

Li pa toujou fasil lè ou renmen yon moun pou w jwenn tout rezon ki fè ou renmen'l. Pafwa gen moun ki di, yo pa menm konnen poukisa yo renmen yon moun. Lesansyèl, ou santi'w byen, ou renmen jan moun la trete' w epi respekte'w. Sa ki enpòtan lè ou renmen yon moun, nou dwe respekte yonn lòt epi trete yonn lòt ak diyite. Okenn moun pa gen dwa frape yon moun paske li renmen'l. Renmen pa nan vyolans.

Aprè rezime a fasilite ap itilize menm kesyon pretès yo ak menm ti gwoup yo pou fè pòstès la.


REFLEKSYON POU TIFI YO

Envite patisipan yo reflechi lakay yo sou yon bèl ti pwezi tou kout pou di yon moun jan yo renmen'l. Nan pwezi sa fòk nou ta jwenn 3 pati sa yo:

1. Yon pati kote yo di moun lan yo renmen'l
2. Yon pati kote yo di poukisa epi kisa yo renmen nan moun lan
3. Yon pati kote yo di kijan yo vle pou moun lan trete yo

Nan demen ou ka envite patisipan ki vle yo pataje ti pwezi yo ak rèz gwoup la.

SEKANS 18



SEKANS 18



| | |
|-----------------|--|
| Tit | AKTIVITE SEKSYÈL |
| Objektif | <ol style="list-style-type: none">1. Konprann kisa kap pase nan yon relasyon seksyèl2. Konprann aspè plezi nan aktivite seksyèl |
| Dire | 45 MINIT |



Kisa Nap bezwen (lis materyèl):

- Fèy pou etid ka yo
- Makè
- Flipchat
- Imaj Sekans # 18



Konsiy: Fasilitatè a ap fòme gwoup epi chak gwoup ak resevwa yon ti papye ki gen yon ka pou yo reflechi sou li. Aktivite sa ka fèt ak tout gwoup yo.

ENFÒMASYON POU MANTÒ A: Anpil etid ak rechèch demontre gen timoun ki konn kòmanse bonè ak aktivite seksyèl. Anpil nan fwa yo paran yo oswa moun ki responsab yo ka pa rann kont de sa, pa konnen oubyen pran pòz yo pa konnen. Lesansyèl se pou Mantò a pa gen prejije parapò ak sitiyasyon sa, pou tifi yo pa gen enpresyon Mantò a ap jije yo sa ki ka anpeche yo pale ak Mantò a epi chèche bon jan konsèy. Objektif la se pa di timoun yo pa gen relasyon seksyèl, ni ankouraje yo gen relasyon seksyèl, se ba yo bon jan enfòmasyon kap pèmèt yo fè chwa ki bon pou lavi yo.

Anvan fasilitatè a rantre nan sijè a, lap envite patisipan yo fòme gwoup 5 moun pou reponn ak kesyon pretès yo.

KESYON POU TESTE KONESANS PATISIPAN YO

- Kisa ou konnen sou aktivite seksyèl

AKTIVITE POU TOUT GWROUP

AKTIVITE 21 : KESYON AKTIVITE SEKSYÈL POU PLEZI- 25 MINIT

Mantò yo ap prezante timoun yo tout ka ki nan aktivite sa. Men, yo ka deside pa fè tout ka yo si yo panse yo pa koresponn ak reyalyte oswa gwoup timoun ki anfàs yo.

Gwoup 10-14 lane

1. Mari gen 14 lane. Nan lekòl li a gen yon seri tifi kap fè dyòlè di yo fè sèks deja. Yo di'l li gen 14 lane, li te sipoze fè bagay deja. Sa w wè nan sa?
2. Stefani gen 11 lane. Lè lap benyen li renmen manyen bouboun li, li santi'l byen. Sa wap di'l nan sa?
3. Ou gen yon ti zanmi ki di'w li renmen pran foto'l oswa fè videyo'al ak telefonn li, lè yap fè kèk aktivite seksyèl. Sa w tap di'l? Sa w wè nan sa?

Gwoup 15-19 lane

1. Stefani gen 16 lane, li fèk renmen ak menaj li. Li santi li pare pou'l fè sèks ak li. Li pè paske li pa konn kòman pou'l fè. Li pale de sa ak yon ti zanmi'l ki konseye'l al pran yon fòmasyon sou sa. Sa w panse de sa?
2. Michèl se yon tifi ki gen 15 lane. Tout tan lap reve lap fè bagay men li santi li poko pare tout bon vre. Yon zanmi'l konseye'l eseye bay tèt li dwèt pou'l jwenn kèk sansasyon san li pa fè bagay. Sa w wè nan sa?
3. Miryèl gen 19 lane. Li gen yon ti mennaj ki renmen fè sèks men se pa tout tan Miryèl sou sa. Li pè pèdi mennaj li kidonk li pa janm di'l li pa sou sa. Sa w wè nan sa?
4. Patrisya gen yon ti menaj ki renmen pran foto'l oswa fè videyo'al ak telefonn li, lè

yap fè aktivite seksyèl yo. Patrisya pa janm gen pwoblèm ak sa paske li di se mennaj li. Yon you Patrisya kontre yon ekip ti mesye sou katye a kap gade yon seri foto sou yon telefòn epi lè yo wè Patrisya yo tonbe ri. Lè Patrisya pwoche, li wè se foto'l ak mennaj li yap gade. Sa w wè nan sa?

Lè patisipan yo fin fè travay la, fasilite a ap fè ti rezime sa pandan lap poze yo kèk kesyon yon fason pou fè sentèz sou aktivite a.

REZIME : ZAFÈ AKTIVITE SEKSYÈL POU PLEZI

- **Eske aktivite seksyèl vle di fè sèks?**

Gen aktivite seksyèl pa vle di fè sèks. Yon moun ka gen aktivite seksyèl san li pa fè sèks. Aktivite seksyèl ka sèlman bay tèt ou plezi nan manyen kò'w, nan manyen yon moun oswa nan kite yon moun ou vle manyen w.

- **Eske gen yon laj epi yon moman pou yon tifi gen relasyon seksyèl?**

Pa gen yon laj espesyal pou yon tifi gen relasyon seksyèl. Li enpòtan pou tifi a santi li pare epi pou li pa mete sante'l ni lavi'l an danje. Fòk li fè'l ak konsyans li, ak volonte'l san presyon. Gen relasyon seksyèl ak yon moun vle di ou santi'w byen ak moun lan epi li ba'w plezi.

- **Poukisa yo di aktivite seksyèl se yon bagay ki fèt nan entimite?**

Aktivite seksyèl se yon bagay ki fèt nan entimite, ki vle di ou pa fè sa nan piblik ni sou moun ni pou w fè espektak pou moun. Se yon bagay ki gen pou wè ak vi prive w.

- **Ki sa yo rele ògas?**

Ògas se sa ki rive lè yon moun gen yon kokenn chenn zansasyon plezi nan moman aktivite seksyèl. Yo konn di moun lan jwi. Lè sa, kè a bat pi fò, misk ki nan pati bouboun fi a kontrakte. Yon moun pa oblije gen yon ògas a chak fwa ou gen aktivite seksyèl. Lè yon moun fimen oswa li bwè twòp sa ka anpeche li jwi. Anpil fatig, pwoblèm, estrès, pa sousa tou ka anpeche moun nan pa rive gen yo ògas.

- **Sa sa vle di mastibasyon**

Mastibasyon se yon bagay ki natirèl pou fi kou pou gason. Se lè fi a oswa gason an fwote pati ki sansib nan bouboun yo oswa kòk yo jous yo rive a plezi (ògas) nan ka gason an yo pale de voye. Se yon bagay ki ede yon moun konnen pati sansib nan kò'l epi fè aprantisaj seksyalite'l. Se yon pratik ki pèmèt yon moun pran plezi zan danje. Yon moun ka mastibe tèt li oswa mastibe yon moun.

- **Ki bagay ki enpòtan ou dwe sonje lè ou kòmanse gen aktivite seksyèl ?**

Ou dwe sonje pwoteje tèt ou pou'w pa ansent epi pou'w pa pran maladi moun ka pran nan fè bagay. Li enpòtan pou'w fè tès epi ankouraje patnè 'w fè tès tou.

Fasilitatè a ap envite Patisipan yo koute yon ti istwa. Lap di yo li enpòtan pou yo koute byen, epi bay atansyon yo. Fasilitatè a dwe enfòme patisipan yo se pa yon istwa reyèl, yon fason pèsòn pa fache. Si gen patisipan ki gen menm non ak pèsònaj istwa a fasilitatè a ka chanje non an anvan li kòmanse egzèsis sa. Fasilitatè ap di patisipan yo imajine istwa sa se istwa ti zanmi yo te fè desen an.

Aprè rezime a fasilitatè ap itilize menm kesyon pretès yo ak menm ti gwoup yo pou fè pòstès la.

REFLEKSYON POU TIFI YO

Dapre ou ki bon rezon yon tifi ka genyen pou'l pran desizyon fè sèks oswa pa fè sèks?

SEKANS 19



SEKANS 19



| | |
|-----------------|---|
| Tit | VYOLANS SEKSYÈL |
| Objektif | <i>1. Konprann zafè relasyon ak aktivite seksyèl pa dwe fèt anba vyolans 2. konprann pèsonn pa gen dwa fòse yo fè sèks ak yo.</i> |
| Dire | 45 MINIT |

Kisa Nap bezwen (lis materyèl):

- Fèy pou etid ka yo
- Makè
- Flipchat
- Imaj sekans # 19

ENFÒMASYON POU MANTÒ A: Vyolans nan zafè sèks tout kote. Tifi yo sibi anpil vyolans nan sa ki gen pou wè ak sèks. Se pa sèlman moun yo pa konnen. Sa soti tou nan menaj yo, nan paran yo, nan pwofesè, nan granmoun anpil fwa ki plase pou pwoteje yo. Li pa janm fasil pou yon tifi pale oswa denonse vyolans li sibi. Ase souvan sosyete nou an rann tifi yo, ki vle di viktim yo, responsab pou zak vyolans sa yo. Kidonk, nou ka di yo viktim 2 fwa. Mantò a dwe chèche konnen tout rekou ki genyen nan kominote lap travay la si an ka yon tifi ta viktim yon zak vyolans seksyèl. Pafwa gen moun ki konprann yo blije aksepte vyolans nan men yon moun yo renmen swa pou po pa pèdi moun lan swa paske yo panse se yon prèv lanmou. Tifi yo dwe konprann sèks pa dwe fèt nan vyolans.

Anvan fasilite a rantre nan sijè a, lap envite patisipan yo fòme gwoup 5 moun pou reponn ak kesyon pretès yo.

| KESYON POU TESTE KONESANS | |
|---|---|
| <ul style="list-style-type: none"> • Ki lè ou ka pale de vyolans seksyèl ? | <ul style="list-style-type: none"> • Ki kote pou w ale lè w sibi vyolans seksyèl ? |

AKTIVITE POU GWOUPE 10-14 LANE

Mantò a ap montre timoun yo imaj sekans # 19

AKTIVITE 22 AKTIVITE SEKSYÈL ANBA PRESYON - ISTWA NIKÒL 10-14 lane / 25 minit

Yon jou pandan Nikòl sot fè yon komisyon pou Mantant li, li kwaze ak yon ti gason ki rele Bil ki vinn pale ak li. Nikòl konn wèl sou katye a. Li di Nikòl lap ba'l ti woulib pou'l pa mache poukont li paske fè nwa nan lari a, pa gen limyè. Pandan yap mache, Bil di Nikòl, li konn yon wout ki pral fè yo rive pi vit pou lapli pa gen tan bare yo. Nikòl menm byen kontan swiv Bil pou'l pa mouye. Lè yo rive nan yon koridò, Bil di Nikòl fè yon ti bo pou li. Nikòl menm di Bil, li pa nan bagay sa yo, se pa mennaj li, li pa renmen'l, li pa ka nan koze konsa ak Bil. Bil ale pou'l kenbe men Nikòl pou'l fòse'l kouche atè a. Bil gen tan foute menm'l nan kilòt Nikòl epi li manyen bouboun Nikòl. Se lè sa yon granmoun vin parèt epi li kouri dèyè Nikòl li joutè'l ti pèlen... Nikòl kouri pandan lap kriye epi li rantre lakay li. Li pa di pyès moun sa ki rive'l.

Lè fasilite a fin li istwa a l ap envite yo brase lide sou kesyon sa yo:

- 1) Kòman nou konprann istwa sa?
- 2) Ki kote nan istwa a nou wè Nikòl te an danje san li pa wè sa ?
- 3) Kisa nou panse de konpòtman Bil lan? De Granmoun lan?
- 4) Nan relasyon entim yon tifi ka genyen ki kaltite vyolans nou konn tande ki konn fèt?
- 5) Ki leson nou ka tire nan istwa sa epi kòman nou ka aplike'l nan lavi nou?

AKTIVITE POU GWROUP TIFI 15-19 LANE

AKTIVITE 22- AKTIVITE SEKSYÈL ANBA PRESYON - ISTWA NIKÒL 15-19 lane 25 MINIT

Yon ti tan apre Nikòl fin renmen ak Jinyò, Jinyò vin jwenn yon ti travay nan yon lòt kominote ki lwen kote Nikòl rete a. Chak fwa pou yonn al wè lòt, yo blije peye plizyè kous machin oswa pran moto. Yon jou dimanch, Nikòl fè tèt li byen bèl, li mete yon bèl ti jip kout, bèl ti mayo, yon fason pou fè mennaj li plezi epi ba'l yon ti tiz. Nikòl kanpe sou bò lari a nenpòt ki 1 èd tan, lap tann yon machin. Li pa janm jwenn machin ki deside al nan zòn lan. Se lè sa yon moto pase epi li wè se yon mesye nan zòn lakay li, yo rele Mesye Kiki ki rete pou'l ba'l woulib. Mesye Kiki se yon bon granmoun ki toujou pre pou'l ede tifi ak jèn fi yo sou katye a. Li toujou ap bayo kat telefon, li mennen yo bwè ti krèm, epi li toujou gen yon ti pawòl pou'l bayo. Mesye Kiki mande'l kote'l prale. Li eksplike Mesye Kiki epi li pran woulib la, li chita dèyè Moto Mesye Kiki a. Pandan yap woule, Mesye Kiki kanpe moto a nan yon koridò kote pa gen kras moun. Mesye Kiki di'l moto a pran pan gaz li pa ka kontinye woule. Mesye Kiki di'l pandan nap tann, ou ta tou pwofite banm yon ti sèvis. Nikòl mande'l "ki sèvis sa?". Mesye Kiki di'l "a ma chè ou konnen byen pwòp. Menm ti sèvis ou konn bay Jinyò yo" epi se wè Nikòl wè Mesye Kiki met la men sou li epi li kòmanse manyen li. Nikòl di'l sispann epi li fè yon sèl pete kouri...li sove anba men Mesye Kiki. Pandan Nikòl ap kouri li tande Mesye Kiki kap menase'l pou li pa di pèsòn sa, sinon l'ap avili Nikòl sou katye a. Li ka menm rive fè mennaj li Jinyò kite'l.

Lè fasilite a fin li istwa a l ap envite yo brase lide sou kesyon sa yo:

- 1) Kòman nou konprann istwa Nikòl la?
- 2) Ki kote nan istwa a nou wè Nikòl te an danje san li pa wè sa ?
- 3) Ki sa ou t'ap fè si'w te nan plas Nikòl ?
- 4) Nan yon relasyon mennaj ak mennaj ki kalite vyolans nou konn tande?
- 5) Ki leson nou ka tire nan istwa sa epi koman ou ka aplike'l nan lavi pa w?

Lè patisipan yo fin fè travay la, fasilite a ap fè ti rezime sa pandan lap poze yo kèk kesyon yon fason pou fè sentèz sou aktivite a.

REZIME: ZAFÈ FÈ SÈKS ANBA PRESYON, ANBA VYOLANS

- **Kisa sa vle di fè sèks anba presyon anba vyolans?**

Fè sèks anba presyon anba vyolans gen pou wè ak vyolans seksyèl. Lè sa rive, pa gen plezi ankò, se vyolans sa rele. Vyolans Seksyèl gen rapò ak pati seksyèl. Se tout aksyon kote yon moun fòse/menase yon moun (timoun/jèn/granmoun) pou fè bagay ak li (nan devan oubyen nan dèyè), yon moun fè bagay ak moun nan san li pa dakò, oubyen ou touche pati seksyèl li san volonte l (bay dwèt, woule tete, fè ti bo elatriye..) oswa fòse moun nan manyen pati pa'l. Sa rive tou lè se yon granmoun ki gen aktivite seksyèl ak yon timoun ki poko gen 18 lane menm si timoun nan dakò, paske lalwa entèdi sa. Pèson pa gen dwa fòse pèson fè sèks osinon lòt aktivite seksyèl si moun nan pa dakò. Fè sèks oswa aktivite seksyèl se yon bagay volontè. Yon moun ka chwazi fè sa oswa pa fè sa. La lwa entèdi tout sa ki gen pou wè ak vyolans seksyèl.

- **Ki kote zak sa yo plis fèt epi kiyès ki plis fè yo?**

Zak sa yo fèt tout kote. Nou jwenn yo fèt: Lakay ak nan fanmi; nan kominote; Sant/enstitisyon kote gen timoun oubyen tifi tankou òfelina; prizon, lekòl, legliz, nan gwoup, nan travay elatriye. Moun ki fè zak sa yo pa gen yon vizaj kap pèmèt ou idantifye yo. Li ka yon moun ou konnen byen, yon fanmi, mennaj ou, yon pwofesè elatriye, li ka yon moun ou pa konnen. Yo konn di pafwa se konn yon moun ou fè konfyans ki fè vyolans sa yo sou ou. Pafwa tou se ka ti mennaj ou ki ka fè presyon sou ou pou fòse w gen aktivite seksyèl ak li.

- **Kisa pou yon tifi fè lè li sibi vyolans ki gen pou wè ak aktivite seksyèl?**

Lè yon tifi santi li pa alèz oswa li sibi kèk vyolans nan kèk aktivite seksyèl li ka chèche pran konsèy nan men yon moun li fè konfyans. Li enpòtan pou tifi a konnen se moun ki fè vyolans la ki responsab se pa li ki responsab. Anyen pa jistifye yon moun fè vyolans sou yon lòt moun (fason moun nan abiye, ti pawòl moun nan di, ti bwòdè/chèlbè moun nan fè ak kò li elatriye).

- **Poukisa tifi yo bezwen chèche sipò ?**

Tifi yo, tankou tout moun gen dwa pou pwoteje tèt yo. Pousa, yo bezwen sipò fanmi yo, moun ki reponsab yo, kominote a ak Leta. Kapasite yo dwe ogmante pou yo kapab idantifye tout sitiyasyon ki kap mete yo an danje epi santi yo an sekirite pou denonse tout ka abi/vyolans yo te viktim.

- **Kèk konpòtman ou pa dwe asepte**

Pa asepte moun kole twòp sou ou epi manyen ou si ou pa vle, si ou pa santi w alèz. Lè ou gen mwens pase 18 lane yon granmoun paka vle fè sèks ak ou oswa manyen w ou swa mande w fè aktivite seksyèl ak li; Pa pran bagay ki ka fè'w pèdi kontwòl tèt ou (bwè, fimèn); fanmiy w pa dwe fè sèks ak ou oswa gen aktivite seksyèl ak ou.


- **Ki sa yon moun ka fè pou pote plent lè li viktim vyolans seksyèl?**

Genyen estrikti Leta ki egziste pou pote plent pou yon moun ki fè vyolans seksyèl sou ou tankou Byennèt Sosyal, Brigad Pwoteksyon Minè (BPM - Lapolis) elatriye. Estrikti sa yo mete kèk nimero disponib pou popilasyon an ka itilize pou rapòte oubyen denonse ka vyolans yo viktim oswa yo wè (temwen). Nimero sa yo gratis kèlkeswa rezo telefòn nan. Nou jwenn 188 pou BPM, 133 ak 511 pou Byennèt Sosyal, 572 pou AFASDA.

Lè patisipan yo fin fè egzèsis sa, envite yo fòme yon gwoup epi envite yo fè kat kominote a epi idantifye sou kat la moun ak enstitisyon yo ka fè konfyans si toutfw a yo ta rive gen yon pwoblèm menm jan ak Nikòl pou ya'l chèchè sipò. / **15 MINIT**

Aprè rezime a fasilite ap itilize menm kesyon pretès yo ak menm ti gwoup yo pou fè pòstès la.

SEKANS 20



SEKANS 20



| | |
|-----------------|---|
| Tit | CHWA SEKSYÈL |
| Objektif | <i>1. Aktivite sa ap pèmèt patisipan yo konprann chak moun gen dwa pou fè chwa seksyèl yo. 2. Lap pèmèt patisipan yo konprann epi respekte chwa chak moun genyen.</i> |
| Dire | 1 èd tan ak 30 minit |



Kisa Nap bezwen (lis materyèl):

- Fèy ak sekans desen yo
- Makè
- Flipchat
- Imaj sekans # 20-1, 20-2, 20-3
- Imaj sekans # 20-A, 20-B, 20-C



Konsiy: Nan aktivite sa n'ap jwenn konsiy pou 2 gwoup moun :

- Mantò yo
- Gwoup timoun 10 – 14 lane ak Gwoup timoun 15- 19 lane

AKTIVITE POU MANTÒ YO

AKTIVITE 23 AK MANTÒ YO– 20 minit

Objektif: aktivite sa ap pèmèt Mantò yo konprann pi byen zafè chwa seksyèl, pataje krent yo pa rapò ak kesyon an epi prepare pou yo fè diskisyon sa yo ak tifi Espas pa'm yo.

Fasilitatè a ap pataje ak Mantò yo yon imaj ki gen 2 tifi kap bo. Fasilitatè a ap envite yo fòme gwoup 5 moun pou yo reponn ak kesyon sa yo:

1. Kisa w konprann de imaj la ?
2. Koman w santi'w, lè ou wè yon imaj konsa?
3. Kòman sosyete a reyaji fas a ka sa yo?

4. Ki difikilte epi kòman ou panse ou te ka simonte difikilte ou te ka genyen nan kad travay ou nan Espas Pa'm la pou'w abòde kesyon omoseksyalite a?
5. Ki difikilte ou panse tifi yo fè fas lè yo se madivinez? Ki wòl nou antanke Mantò?

ENFÒMASYON POU MANTÒ A: KÈK DEFINISYON ENPÒTAN

Omoseksyèl/Masisi: Se yon moun ki gen relasyon renmen oswa seksyèl avèk yon moun ki gen menm sèks ak li. Nan tan lontan yon moun ki te omoseksyèl te konsidere tankou yon moun ki malad. Nan lane 1990, OMS retire omoseksyalite nan lis maladi mantal.

Biseksyèl: Se lè yon moun gen afeksyon oswa renmen moun ki nan tou le de sèks yo. Ki vle di se lè yon fi renmen fi ak gason oswa lè yon gason renmen ni fi ni gason.

Eteroseksyèl: Se lè yon moun gen atirans sèlman pou moun ki nan lòt sèks la. Ki vle di se lè fi renmen gason oswa gason renmen fi.

Omofobi: Pè, rayisman pou tout sa ki gen pou wè ak omoseksyalite. Lè yo pale de omofobi se lè gen entolerans, prejije, diskriminasyon kont moun ki omoseksyèl yo. Se menm bagay ak diskriminasyon kont yon moun pou tèt koulè'l, sèks li elatriye...

Anvan fasilite a rantre nan sijè a, lap envite patisipan yo fòme gwoup 5 moun pou reponn ak kesyon pretès yo.

| KESYON POU TESTE KONESANS PATISIPAN YO | |
|---|---|
| <ul style="list-style-type: none"> • Kisa sa vle di chwa seksyèl | <ul style="list-style-type: none"> • Bay kèk egzanp chwa seksyèl yon moun a fè |



Konsiy:

Lè yo fini fasilite a ap envite patisipan yo fòme 2 gwoup pou yo fè pwochen egzèsis



la. Pou fòmè gwoup yo, fasilite a ap mete 2 flipchat devan dèyè kidonk patisipan yo pa dwe wè kisa ki sou lòt fas flipchat la. Fasilite a ap mande patisipan yo chwazi yonn nan flipchat yo epi kanpe dèyè'l. Lè tout patisipan yo fin chwazi flipchat yo, fasilite a ap vire flipchat la pou'l bay patisipan yo fas. Depi anvan fasilite a ap kole seri desen chak sekans yo sou flipchat yo. Gen 2 sekans desen ki diferan kidonk chak gwoup ap gen pou yo travay sou yon sekans desen. Yon Flip chat ap gen seri 20-1, 20-2, 20-3 epi lòt la ap gen desen 20-A, 20-B, 20-C


Mantò a ap montre timoun yo imaj sekans # 20

AKTIVITE POU TIFI YO




AKTIVITE 24 : ANALIZE 2 SEKANS DESEN – 30 minit Tout gwoup laj

Premye sekans la ap gen 3 desen -

| | |
|--|--|
| <p>20-1</p> <p>Yon ti fi kap pale ak yon ti gason epi ki kenbe men'l</p>  | <p>20-2</p> <p>Ti fi a kap kwoke ak ti gason an epi li di ti gason an li renmen'l</p>  |
| <p>20-3</p> <p>Yon ekip moun kap di yo "laj sa nap fè tenten pou nou bay granmoun pwoblèm"</p> | <p>20-4</p> <p>?</p> |



Dezyèm sekans la ap gen 3 desen:

| | |
|---|--|
| <p>20-A</p> <p>Yon ti fi kap pale ak yon lòt tifi epi ki kenbe men'l</p>  | <p>20-B</p> <p>2 tifi yo ap bo</p>  |
| <p>20-C</p> <p>Yon ekip moun kap di 2 tifi yo move pawòl</p>  | <p>20-D</p> <p>?</p> |

Fasilitatè a ap mande patisipan yo:

- 1) Eksplike chak desen ki nan sekans la

- 2) Fè katriyèm desen an pou konplete istwa a, jan yo panse li ta dwe fini
- 3) Kisa nou panse de istwa sa ? Ki leson nou tire de li

Lè patisipan yo fin fè travay la, fasilite a ap fè ti rezime sa pandan lap poze yo kèk kesyon yon fason pou fè sentèz sou aktivite a.

REZIME AKTIVITE LESON SOU CHWA SEKSYÈL

- **Sa sa vle di fè chwa seksyèl?**

Adolesans se yon peryòd kote timoun ap fè eksperyans epi yap aprann konnen tèt yo epi viv ak seksyalite yo. Nan moman sa a anpil adolesan aprann viv epi konnen seksyalite yo, yo santi yo gen atirans swa ak moun ki nan lòt sèks la (eteroseksyèl) swa ak moun ki nan menm sèks ak yo (omoseksyèl), swa nan tou le de sèks yo (biseksyèl). Pandan peryòd adolesans la, tifi yo aprann fè kèk chwa. Chwa sa yo ka chanje. Chak moun gen dwa pou fè chwa seksyèl, ki vle di chwazi oryantasyon seksyèl li. Kelkeswa chwa ou fè, li enpòtan pou w sonje aji yon jan ki responsab pou pwoteje tèt ou, sante w ak patnè'w.

- **Eske gen bon chwa seksyèl epi move chwa seksyèl?**

Zafè chwa seksyèl yon moun se yon sijè anpil moun, anpil peyi ap pale nan moman sa. Yon tifi oswa yon ti gason ka fè chwa seksyèl li panse ki bon pou li a san li pa dwe sibi okenn presyon. Kidonk yon tifi ka santi li atire pa gason oswa tifi parèy li oubyen tou le de sèks yo. Nan tan lontan yo te konsidere sa tankou yon bagay ki pa nòmal, tankou yon maladi. Nan moman sa yo, moun pale de dwa moun genyen pou fè chwa seksyèl li vle fè a. Yon moun ka:

- omoseksyèl (Se yon moun ki gen relasyon renmen oswa seksyèl avèk yon moun ki gen menm sèks ak li);
- *Biseksyèl*: Se lè yon moun gen afeksyon oswa renmen moun tou le de sèks yo
- *Eteroseksyèl*: Se lè yon moun gen atirans sèlman pou moun ki nan lòt sèks la.

- **Eske nou ka fè vyolans sou moun sou baz chwa seksyèl yo?**

Yon tifi ki santi li atire pa yon lòt fi pa dwe viktim diskriminasyon, ni vyolans. Yo pa dwe fawouche l. Chak moun gen dwa pou fè chwa seksyèl pa'l. Diskriminasyon kont moun

poutèt chwa seksyèl yo menm ak diskriminasyon yon moun te ka sibi poutèt koulè'l oswa relijyon'l, sèks li elatriye.

Lè patisipan yo fin fè egzèsis la, fasilitatè a ap envite yo fè yon jwèt wòl sou kèk ka.

AKTIVITE POU TOUT GWROUP

AKTIVITE 25– JWÈT WÒL – 45 MINIT

1. Gen yon zanmi nan Espas Pa'm lan ki di nou li renmen tifi parèy nou. Kisa nap fè?
2. Pandan nou nan bis la, youn nan pi bon ti zanmi 'w ki se yon tifi parèy ou di'w li damou'w epi li anv'i'w, sa w'ap fè ?
3. Ou gen yon zanmi ki nan bis la avè nou ki lesbyèn/madivinèz. Pandan nap mache nan lari a yon seri moun ap pase'l nan betiz. Kiza wap fè? Kisa wap di yo?
4. Nan fen mwa a yap selebre jounen entènasyonal dwa moun. Tèm yo chwazi pou selebrasyon an se “yon mond kote pa gen okenn diskriminasyon kont moun ki renmen moun ki nan menm sèks ak yo”. Ou gen pou pran la pawòl nan Espas Pa'm lan pou w defann dwa yo. Kisa wap di?

Aprè rezime a fasilitatè ap itilize menm kesyon pretès yo ak menm ti gwoup yo pou fè pòstès la.

SEKANS 21



SEKANS 21



| | |
|-----------------|---|
| Tit | GWOSÈS |
| Objektif | 1. <i>Konnen ki sa gwosès ye epi kòman yon fi ka gwòs</i> |
| Dire | 1 ÈD TAN AK 30 MINIT |



Kisa Nap bezwen (lis materyèl):

- Ògan seksyèl fi ak gason
- Imaj sekans # 7-3, 8-2, 21-1, 21-2, 21-3
- Flipchat
- Ti zanmi



Konsiy: Nan kad seyans sa, fasilite a ap gen pou fè rapèl sou pati nan kò ak ògan fi ak gason ki gen pou wè ak zafè fè pitit nou te deja wè depi anvan. Fasilite a ap retounen tou sou zafè règ la ak sik règ la kidonk tout materyèl sa yo dwe disponib.

Nan aktivite sa n'ap jwenn konsiy pou 2 gwoup moun :

- Mantò yo ak Gwoup timoun 15- 19 lane
- Gwoup timoun 10 – 14 lane

Anvan fasilite a rantre nan sijè a, lap envite patisipan yo fòme gwoup 5 moun pou reponn ak kesyon pretès yo.

| KESYON POU TESTE KONESANS PATISIPAN YO | |
|--|--|
| <ul style="list-style-type: none"> • Site pati nan kò tifi ak tigason ki gen pou wè ak zafè fè pitit ? • Sa ou konnen sou gwosès ? | <ul style="list-style-type: none"> • Kisa yon tifi ka fè pou'l pa gwòs san'l pa vle lè lap menen aktivite seksyèl ? |

ENFÒMASYON POU MANTÒ A: Nan tout peyi sou latè, chak ane anpil tifi tonbe ansent sanzatan. Nan peyi d’Ayiti nan enfòmasyon EMMUS 4 pataje, sou chak 1000 tifi ki poko gen 20 lane 78 gen tan fè pitit.

Sa rive pou rezon sa yo: yo vyòle yo, yo pa konn ki sa pou yo fè pou evite tonbe ansent, yo pa jwenn sèvis planin nan kominote yo, lè gen sèvis, li pa adapte ak bezwen yo ... elatriye. Si yo pa jwenn yon solisyon ak pwoblèm sa yo, ap toujou gen anpil tifi nan kominote yo ki ansent sanzatan. Kidonk li enpòtan pou tout tifi kap patisipe nan fòmasyon sa jwenn bon jan enfòmasyon ki pou pèmèt yo gen konpòtman pou anpeche yo fè pitit twop bonè epi san yo pa pare. Aksè ak enfòmasyon se yon dwa.

Konsiy: Fasilitatè a ap fè yon ti rapèl sou leson Pati nan kò tifi a, pandan l’ap poze kesyon sa yo? Kisa nou sonje sou leson ògan ki gen pou wè ak zafè fè pitit (fi ak gason)? Pou fè sa, lap mande patisipan yo fè yon wonn epi lap pran yon boul (li ka prepare boul sa ak papye). Chak fwa yo voye boul la sou yon moun lap di sa’l sonje.

Mantò a ap montre timoun yo imaj sekans # 7-3, 8-2, 21-1, 21-2, 21-3

AKTIVITE POU TOUT GWROUP

AKTIVITE 26 : RAPÈL SOU PATI NAN KÒ KI GEN POU WÈ AK FÈ PITIT –Tout gwoup 10 MINIT. Imaj 7-3 ak 8-2

Fasilitatè a ap fè yon ti rapèl sou leson Pati nan kò tifi a, pandan l’ap poze kesyon sa yo?

Kisa nou sonje sou leson ògan ki gen pou wè ak zafè fè pitit (fi ak gason)? Pou fè sa, lap mande patisipan yo fè yon wonn epi lap pran yon boul (li ka prepare boul sa ak papye). Chak fwa yo voye boul la sou yon moun lap di sa’l sonje.

Lè patisipan yo fin fè travay la, fasilitatè a ap mete presizyon kote ki merite pou patisipan yo. L’ap pran foto kò fi ak gason, li ap kanpe yon kote pou tout patisipan yo ka wè’l. L’ap touche epi di non ak wòl tout ògan yo, li ka mande patisipan repete non yo kèk fwa.

110

FÒMASYON SOU ZAFÈ SANTE SEKSYÈL POU TIFI “ESPAS PA’M YO”



AKTIVITE POU TOUT GWROUP YO

Konsiy: Fasilitatè a ap mande Mantò yo pou yo li istwa Janin nan. Lè yo fini, yap fòme gwoup 4 moun pou yo pataje eksperyans sou kesyon sa yo. Chak gwoup ap antann yo pou yo fè yon rezime epi pataje eksperyans yo nan 5 minit.

AKTIVITE 27 – SI’M TE KONNEN TOUJOU DÈYÈ –20 MINIT

Janin ap viv nan katryèm Belvi, li se premye pitit yon fanmy ki gen 5 timoun. Manman’l se yon machann, li desann lavil chak jou al vann. Papa’l, pase jounen’l nan jaden. Janin se yon bèl tifi, li nan dezyèm ane nan sèl lekòl primè ki gen nan bouk la.

Chak Dimanch, Janin al patise nan reyinyon Espas pa’m ki nan zòn la. Mantò Espas pa’m la panse zòn nan se yon bon zòn timoun pa kouri ris pou moun fè abi sou yo, li jije li pa bezwen louvri lespri yo ak pakèt enfòmasyon sou sekyalite li konn tande yo.

Yon jou Janin wè yon san koule nan kilòt li, li twouble, li pa konprann sak rive’l. Li pè pale ak manman ak Papa’l, li al pale sa ak mèt Jan, ki pa moun nan zonn, men ki se pwofesè nan lekòl la, epi ki abite tou pre lakay li. Depi jou sa, yo vinn zanmi anpil. Mèt jan envite’l vinn pran leson gratis chak jou lakay li.

Yon jou li di Janin, li ta renmen wè kote san te koule a. Janin montre’l, li fe’l anpil konpliman. Chak jou, lè’l fin bay Janin leson, li di’l li gen yon bagay pou’l montre’l, lè’l vle. Men se yon sekre, fòk li pwomèt li li pap di okenn moun sa. Janin dakò, epi nan jwèt konsa, apre kèk mwa, yon apremidi, mèt la gen rapò seksyèl ak Janin. Janin te byen kontan. Depi lè sa tanzantan lè mèt la fin bay Janin leson, yo gen rapò seksyèl. Kèk tan apre, vant Janin ap gwosi, manman’l ak papa’l panse lap devlope. Yon swa, Janin gen yon gwo vant fè mal, yo kouri lopital ak li. Lè li rive, li fè yon pitit fi. Menm apre akouchman Janin pa fin two byen konprann sa ki te rive’l. Mis la di’l se pitit li, li pa vle kwè. Apre akouchman mis nan lopital la pran yon ti tan pou eksplike Janin ki jan moun rive fè pitit, se lè sa Janin pran yon ti tan pou reflechi sou tout sa mèt Jan te konn di’l yo ak tout aksyon yo te konn fè ansanm apre leson yo. Janin vin byen konprann sa ki rive’l la. Malerèzman nan peryod Janin akouche a mèt Jan te gentan kite zonn nan. Jis jounen jodi a moun nan kominote Bèlvi, pa janm blye istwa Janin nan.

1. Kisa istwa Janin nan fè'w konprann?
2. Eske sa konn rive kèk fwa, akòz, religyon, tabou, prejije, gen kèk enfòmasyon ou pa pataje ak tifi yo? Kijan ou santi w?
3. Ki dwa Janin ki pa respekte?

Lè patisipan yo fin fè travay la, fasilite a ap fè ti rezime sa pandan lap poze yo kèk kesyon yon fason pou fè sentèz sou aktivite a. Lap itilize imaj 21-2, 21-3 pou fè sentèz la. Mantò a ka fè yon ti rale sou zafè règ la tou ki jwe yon wòl enpòtan nan zafè ansent.

REZIME: KOMAN YON FI KA GWÒS

- **Kisa ki fè yon fi gwòs?**

Pou gen gwosès, fòk 2 ze kontre: ze yon fi ak ze yon gason. Ze sa yo ka kontre nan aktivite seksyèl yon fi ak yon gason, oswa nan laboratwa. Sa ki fèt nan laboratwa a rele “ensemasyon”. Pi souvan, yon fi ponn yon ze chak mwa, kidonk li ka ansent yon fwa pa mwa, pou yon sèl gason a la fwa. Mènm si sa ta rive fi annafè ak plizyè gason, men se yon sèl papa, pitit la ka genyen.

- **Ki sa yo rele timoun marasa?**

Sa rive kèk fwa, yon fi ansent fè yon sèl kou 2 oswa 3 pitit ansanm se sa yo rele marasa.

- **Eske gwosès se yon maladi?**

Gwosès pa yon maladi. Men yon fanm ki ansent dwe pran swen tèt li ak ti bebe ki nan vant li a pou yo tou lè de jwi yon bon sante. Yon fanm ansent pa dwe fimen, li pa dwe bwè alkòl ni pran lòt bagay tankou dwòg, li dwe manje byen epi toujou al nan sant sante pou'l pwoteje lavi'l ak la vi ti bebe an. Fòk nou sonje tout sa yon manman manje oubyen bwè timoun nan pran li tou (nan vant oubyen lè timoun nan tete).

- **A ki laj yon fi dwe fè pitit?**

Pa gen yon laj espesifik pou fi fè pitit. Depi yon fi gen règ li premye fwa jous li pa genyen'l ankò li ka fè pitit. Sepandan, li enpòtan pou konprann fè pitit mande matirite nan kò, nan lespri, tan ak kapasite ekonomik pou okipe timoun la.

Aprè rezime a fasilatè ap itilize menm kesyon pretès yo ak menm ti gwoup yo pou fè pòstès la.

REFLEKSYON POU TIFI YO

A pati de enfòmasyon ou jwenn nan leson sa, ki desizyon sou fason pou jere vi seksyèl ou? Ou pa bezwen pataje'l ak moun, men toujou sonje'l, chak fwa li nesesè.

SEKANS 22



SEKANS 22



| | |
|-----------------|---|
| Tit | RESPONSABLITE NAN ZAFÈ FÈ PITIT |
| Objektif | <i>1. Konprann ki responsablite ki genyen nan zafè fè pitit</i> |
| Dire | 1 èd tan |

Kisa Nap bezwen (lis materyèl):

- Ògan seksyèl fi ak gason (pati anndan ak deyò ti zanmi)
- Flipchat
- Imaj sekans # 22

Anvan fasilite a rantre nan sijè a, lap envite patisipan yo fòme gwoup 5 moun pou reponn ak kesyon pretès yo.

| KESYON POU TESTE KONESANS PATISIPAN YO | |
|---|---|
| <ul style="list-style-type: none">• Di tout responsablite ou konnen ki mache ak zafè fè pitit ? | <ul style="list-style-type: none">• Kisa sa matirite vle di ?• Ki matirite yon tifi bezwen pou'l pare pou fè pitit ? |



Konsiy: Mantò a ap li istwa pou patisipan yo oswa lap envite kèk volontè li istwa a. Apre lap envite yo reflechi nan gwoup sou istwa a.

Mantò a ap montre timoun yo imaj sekans # 22

AKTIVITE POU GWROUP TIFI 10-14 LANE

AKTIVITE 29 ISTWA JESIKA 10-14 LANE – 30 MINIT

Fasilitatè ap mande yon timoun li ti istwa a oubyen l'ap li istwa pou yo.

Jesika, se yon tifi ki gen 13 lane, se yon bèl jèn ti fi, li soti nan ras gwo zo. Li parèt gen plis laj. Lap viv nan yon zòn nan Pòtoprens, li se sèl pitit manman'l epi yo ap viv ansanm. Manman'l genyen yon ti laye kote l'ap pwomennen vann pistach griye. Li nan twazyèm ane fondamantal. Kèk fwa lè li sot lekòl, li pa ka etidye paske'l pa jwenn manje. Yon jou pandan l'ap sot lekòl, li kontre ak Jozèf, ki gen 17 lane, k'ap travay nan faktori. Apre kèk semèn yo renmen. Jozèf konn bay Jesika ti kòb pafwa. Li toujou di Jesika fòk yo gen rapò seksyèl. Finalman Jesika fini pa asepte kont li menm paske li renmen Josèf epi li pa vle Josèf fache pou'l pa jwenn ti kòb la ankò. Se konsa, apre kèk tan Jesika vin ansent, li blye kite lekòl. Pandan li ansent, vant li gwo li pa ka soutmi kò'l, li vin piti ou ta di timoun nan souse tout sa ki nan kò'l, li pat ka jwe, li te chagren anpil. Manman toujou ap joure'l sitou lè pou li jwenn yon ti manje pou li bali, pou'l al ka doktè elatrye. Akouchman'l pat fasil, doktè pa kite'l pouse pitit la, li fè'l sezaryèn, paske doktè pè pou li pat chire akòz laj li, epi matirite ògan li yo. Apre akouchman, li pat vle bay ti bebe a tete, de tanzantan timoun nan gen dyare, timoun nan malad tou tan, li soufri ak malnitrisyon, li gen vèminn chak semèn lap kouri kay doktè. Sa'k pi rès li pa janm wè Josèf pou pote lajan pou li pou timoun nan. Lè Jesika al jwe ak lòt ti zanmi manman'l kouri deyè'l paske lè sa li kite timoun nan ap kriye paske li pa vle chita pou ba'l manje. Bagay sa toujou fè Jesika move paske li panse manman'l deranje'l nan jwèt li.

Apre lekti istwa a, Fasilitatè a ap poze timoun yo kesyon sa yo:

1. Kisa, ki fè Jesika tonbe ansent?
2. Dapre ou, kisa ki fè akouchman Jesika te difisil ?
3. Poukisa li pa't vle bay ti bebe a tete ?
4. Kisa ki fè timoun la toujou malad ?
5. Kòman ou ka eksplike reyaksyon Jesika, ki kite timoun la, pou'l jwe ak ti zanmi li yo?

AKTIVITE POU GWROUP TIFI 15-19 LANE

Fasilitatè ap mande yon timoun li ti istwa a oubyen l'ap li istwa pou yo.

AKTIVITE 29: ISTWA MICHLIN. 30 MINIT

Michlin gen 17 lane, li sot nan egzamen sizyèm ane fondamantal, li nan kay ak yon gran sè'l ki pap travay. Michelin toujou reve vin yon avoka pou li ka defan dwa fanm viktim vyolans nan kominote'l. Manman yo ap viv nan pwovens li pa gen anyen kidonk li paka okipe ti medam yo. Pou Michelin ka viv, kontinye ale lekòl epi pou'l ka rive reyalize rèv li, li blije renmen ak Makso, ki se yon mesye marye k'ap viv ak madanm li ak 3 timoun. Pou Michelin pa ansent, li antann ak Makso, pou yo itilize kapòt. Yon bon jou Makso di'l li si tèlman damou li, jodia li ta renmen fè bagay ak li san kapòt yon jan pou'l pran plis plezi ak li. Michelin pat fin dako, men Makso telman move li blije dako paske li renmen Makso anpil epi li pat vle pou li te kite'l. De mwa apre Michelin ansent. Lè li di Makso sa, li pete koken li di pitit pa pou li. Apre plizyè mwa, Michelin lage pou kont li ak yon ptit sou bra li, san rele san reponn. Michelin blije abandone lekòl, abandone tout ti rèv li yo, pou'l kreye tan epi degaje'l kou mèt JanJak pou jwenn lajan pou okipe timoun nan. Se konsa, li jwenn Jak yon granmoun 49 lane, k'ap ba li ti pawòl, Michelin blije al plase nan kay ak Jak.

Apre lekti istwa a, fasilitatè ap mande timoun al reflechi nan gwoup 4 moun ak kesyon sa yo, answit lap mande chak gwoup pou yo fè yon ti prezantasyon ki pap dire plis ke 3 minit.

- Ki sa ki fè Michelin tonbe ansent ?
- Kisa timoun nan te bezwen konsa pou'l viv?
- Ki sa ki pouse Michelin al plase ak Jak?
- Sa 'w panse de yon moun ki di'w li si tèlman damou li vle fè lanmou ak ou san pwoteksyon?

Lè patisipan yo fin fè travay la, fasilitatè a ap fè ti rezime sa pandan lap poze yo kèk kesyon yon fason pou fè sentèz sou aktivite a.

REZIME : RESPONSABILITE NAN ZAFÈ FÈ PITIT

- **Ki responsabilite ki genyen nan fè timoun?**

Fè pitit mache ak anpil responsabilite, tankou matirite ògan pou fè pitit yo pou timoun nan ka byen devlope, matirite emosyonèl pou fè fas ak tout pwoblèm ki mache ak prezans timoun nan, bon jan enfòmasyon pou byen jere timoun nan, tan ak lajan pou pran swen timoun nan, ba'l manje, kay pou'l domi, voye'l lekòl elatriye... pou'l ka byen devlope kidonk jwi tout dwa'l. Fè yon pitit se yon gwo responsabilite. Se yon responsabilite pou papa epi pou manman. Yon moun pa ka deside jis paske li renmen pou'l fè yon pitit san li poko pare

- **Kisa sa vle di matirite ògan pou fè pitit? Lè timoun fè pitit lè kò yo pa pare, kisa yo ka genyen?**

Matire ògan fè pitit vle di ògan la fin devlope, li gen kapasite pou li akeyi yon timoun epi tou pèmèt li grandi jiskaske li rive lè pou'l fèt. Lè yon tifi tonbe ansent san ògan fè pitit li yo poko pare, gen anpil ris pou tifi a oswa tibebe a mouri nan bay anpil san oswa kèk lòt konplikasyon.

- **Kisa matirite emosyonèl ye?**

Se kapasite fi a pou'l jere epi fè fas ak yon seri difikilte ki mache ak zafè fè pitit. Tankou bay timoun nan tete, pèdi nwit ak li, ba'l lanmou, afeksyon elatriye. Epi tout lòt bagay timoun la bezwen pou'l devlope byen pandan premye ane lavi li.

- **Ki enfòmasyon ki enpòtan yon moun dwe genyen pou'l okipe yon timoun?**

Zafè fè pitit bezwen anpil planifikasyon, sa mande tan, konesans sou prensip ijyèn, jan pou bay timoun swen, manje, edikasyon elatriye ..

- **Ki enplikasyon ekonomik fè yon timoun genyen?**

Fè yon pitit san w poko pare se yon bagay pou yon moun evite, paske non sèlman li mande lajan men li mande anpil tan tou. Responsablite sa mache ak lajan pou pèmèt timoun nan jwi dwa'l, tankou: dwa pou'l jwenn bon swen sante, manje, viv yon kote ki pwòp, pou'l gen distraksyon (lwazi), al lekòl, elatriye.

Aprè rezime a fasilite ap itilize menm kesyon pretès yo ak menm ti gwoup yo pou fè pòstès la.

REFLEKSYON POU TIFI YO

Mande tifi yo idantifye 2 moun bò lakay yo ki gen pitit epi poze kesyon sa :

1. “Eske ou ka di’m ki responsablite ou genyen pa rapò ak pitit ou?

Lè ou fin jwenn repons nan men kèk moun (5 moun konsa), poze tèt ou kesyon sa: eske mwen pare pou mwen fè pitit jounen jodia?

Enfòmè patisipan yo yap gen pou pataje rezilta pou premye pati a nan pwochen reyinyon nap fè sou sijè a.

SEKANS 23



SEKANS 23



| | |
|-----------------|---|
| Tit | PLANIN |
| Objektif | 1. <i>Konnen metòd modèn ki ka anpeche yon tifi gwòs.</i> |
| Dire | 2 èd tan |



Kisa Nap bezwen (lis materyèl):

- Piki senkan (Noplan)
- Kapòt
- Grenn planin
- Piki konfyans
- Fo bouboun pou demonstrasyon kapòt fanm.
- Esterilè.
- Ti zanmi
- Lemman
- Bouchon kola
- Flipchat
- Fo kòk oswa bannann (pou demonstrasyon kapòt gason)
- Imaj sekans # 23-1, 23-2, 23-3, 12



Konsiy: Nan sekans sa, pral gen anpil demonstrasyon sou zafè planin. N'ap jwenn konsiy pou 2 gwoup moun :

- Mantò yo
- Gwoup timoun 10 – 14 lane ak Gwoup timoun 15- 19 lane

AKTIVITE POU MANTÒ

AKTIVITE 30- PLANIN - 15 MINIT

Fasilitatè ap envite patisipan yo brase lide sou keksyon sa yo :

- Ki sa nou panse de dwa tifi yo pou yo jwen enfòmasyon sou planin epi pwatike yon metòd planin ?
- Ki difikilte nou panse nou ka genyen pou nou pale de planin ak yo ?

ENFÒMASYON POU MANTÒ A:

Lè timoun yo jèn tifi oswa ti gason yo bezwen fè anpil eksperyans, yo enstab, yo pa gen relasyon ki twò serye, men tou yo gen pou yo fè fas ak anpil baryè. Yo pa gen konesans sou ki jan pou yo evite ansent, yo pa jwen sèvis oswa sa'k genyen pa reponn ak bezwen yo elatrye. Se konsa tou, yo gen anpil pwoblèm, yo ansent sanzatan, yo pran maladi moun ka pran nan fè bagay elatryee... Se sa'k fè ESPAS PA'MYO se yon bon kote pou abòde tout sijè sa yo, tout tabou ki antoure sijè sa yo nan kominote a pou edè ti jèn yo gen konesans pou yo ka devlope konpòtman ki pap mete lavi yo an danje.

Anvan fasilite a rantre nan sijè a, lap envite patisipan yo fòme gwoup 5 moun pou reponn ak kesyon pretès yo.

| KESYON POU TESTE KONESANS PATISIPAN YO | |
|---|--|
| <ul style="list-style-type: none">Dapre ou menm kisa planin ye? | <ul style="list-style-type: none">Pale sou tout metòd planin ou konnen ? |

AKTIVITE POU TIFI YO

AKTIVITE 31 – JWÈT LEMAN – 25 MINIT Tout Gwoup

Fasilite a ap pran yon moso leman ak yon bouchon kola, lap mete yonn pre lòt, epi lap kite patisipan yo wè ki jan moso leman ap atire bouchon kole. Lè'l fini lap mete yon ti tè sou moso leman, lap pwoche bouchon kola a bo kote'l pou yo wè sak kap pase. Nan brase lide Fasilite a ap ede patisipan yo reflechi ak kesyon sa yo:

1. Ki sa nou konprann ki pase an bouchon kola a ak leman an premye fwa a?
2. Kisa ki pase lè nou mete tè a? Poukisa nou panse sa rive?
3. Si'm ta di nou Lemman an reprezante ze fi (ovil) a epi bouchon kola te reprezante ze gason an (spèmatozoyid), pa kisa nou tap ranplase tè a? (pou dènye kesyon sa

a, patisipan yo pral travay nan gwoup epi yap vin prezante apre)

Lè patisipan yo fin fè travay la, fasilite a ap fè ti rezime sa pandan lap poze yo kèk kesyon yon fason pou fè sentèz sou aktivite a.

REZIME : KISA SA VLE DI PLANIN

- **Kisa planin ye?**

Planin se tout sa ki ka anpeche ze yon fi rankontre ak ze yon gason, sa vle di fè pitit.

- **Eske fè planin se yon bagay ki legal?**

La Lwa Ayiti pa di ki lè yon tifi gen dwa kòmanse fè planin, men kòm planin fèt pou ede yon fanm kontwole pouvwa fè pitit li, depi yon tifi kòmanse gen aktivite seksyèl li ta dwe chwazi yon metòd planin.

- **Eske yon fi ka deside pou kont li fè planin?**

Yon fi ka deside pou kont li fè planin sepandan, doktè rekòmande pou'l ale nan sant sante pou pesonèl medikal ka ede'l chwazi yon metòd planin ki bon pou li, (sante, aktivite lap mennen)

Lè patisipan yo fin konprann kisa planin la ye, fasilite a ap envite yo kontinye travay sou metòd ki itilize nan kominote yo. La envite patisipan yo

Mantò a ap montre timoun yo imaj sekans # 23 ak sekans 12 yo te itilize pou Gwosès la lè yo fin fè aktivite yo anvan sentèz la.

AKTIVITE POU TOUT GWROUP

AKTIVITE 32 : METÒD PLANIN - 30 MINIT

Mantò a ap mande patisipan reyini nan gwoup 4 moun, epi reflechi sou ka sa:

“Ti zanmi’w ap diskite ak lòt ti zanmi’l, sou kijan yo ta fè pou yo pa ansent, paske yo

konnen gen anpil responsabilite ki mache ak zafè fè pitit, yonn ap bay lòt konsèy. Sa ou panse yap di ? Ki konsèy ou panse yonn ap bay lòt? "

Nan ti prezantasyon tou kout chak gwoup ap pataje rezilta travay yo.

Lè patisipan yo fin fè travay la, fasilite a ap fè ti rezime sa pandan lap poze yo kèk kesyon yon fason pou fè sentèz sou aktivite a.

REZIME : METÒD PLANIN

- **Ki diferan kalite metòd planin ki genyen?**

Gen metòd natirèl ak metòd modèn:

- Metòd natirèl vle di fi pa itilize okenn medikaman, okenn materyèl, yo sèlman swiv ki lè ze fi a ka tonbe osinon kèk bagay ki ka fè yo sispèk ze a pral tonbe. Tankou sa nou te wè nan leson ki gen pou wè ak sik règ la; yo swiv kalite glè sèvikal la, nan moman sa li sanble tèt koupe ak yon blan ze ki pa kwit, gen tou metòd kalandriye, sa nou te wè nan jwèt marèl la. Metòd sa ka pratike si fi a gen yon sik regilye epi ki dire 28 jou, sa vle di ze a ap tonbe sou 14 zièm jou a, kidonk 3 ou 4 jou avan 14 zièm ak 2 jou apre, li pap fè bagay.
- Metòd modèn se
 - ❖ metòd òmonal yo. Yo aji sou ògan repwodiksyon fi epi yo anpeche, ze a devlope (grenn/pilil, pike 2/3 mwa, nòplan elatriye.)
 - ❖ Metòd baryè, yo anpeche ze yo kontre ak ze fi, tankou, kapòt, esterilè elatrye...

Fasilite a ap montre patisipan yo, yon katon nan chak kalite grenn li genyen. Fè chak moun touche pou yo ka fè konesans ak li. Sa'k plis itilize nan peyi Ayiti se Pilplan, ojonon, ovrèt elatrye.

REZIME AK DEMONSTRASYON METOD MODÈN YO – 20 MINIT

GRENN PLANIN

- **Kisa yon fi bezwen sonje lè lap pran grenn planin ?**

Kèlkeswa grenn planin la se menm prensip la. Yon fi ki chwazi pran grenn, dwe sonje pran yon grenn chak jou. Si'l sote jou, li gen anpil chans pou'l ansent.

- **Konbyen tan yon katon grenn planin dwe dire ?**

Chak katon grenn dire yon mwa. Lè yonn fini, fi a dwe tann règ la koule avan li kòmanse ak yon lòt sou senkièm jou règ la.

- **Ki konsekans planin sou sante tifi.**

Lè yon fi fèk kòmanse ap pran grenn planin, li ka gen anv vomi, ti san ka koule nan kilòt li. Tout bagay sa yo pa grav, men si san ogmante plis chak jou, fi a dwe tounen al wè doktè'l. Grenn planin pa gate nati, grenn pa anpeche yon fi fè pitit.

Sonje: Nan peyi kote, fi yo gen dwa fè avòtman, gen yon grenn yo rele “pilil demen” fi a ka itilize'l 3 jou apre lè' l gen rapò seksyèl nan yon peryod kote li ka ansent. An Ayiti, yo itilize yo nan ka vyol.

PIKI PLANIN

- **Ki piki planin ki plis itilize nan peyi Ayiti?**

Piki ki plis itilize yo se piki 2 ak 3 mwa epi piki 5 lane, Noristera, Konfyans, Noplan

- **Kisa Nòplan ye?**

Noplan oswa enplan se piki 5 lane paske li ka anpeche w fè pitit pandan 5 lane. Se senk ti baton yo mete nan bra fi a. Se nan lopital yo mete'l, se la tou yo retire'l.

METÒD BARYÈ

- **Sa sa vle di metòd baryè?**

Se yon metòd ki anpeche ze yo kontre oswa kwaze.

- **Kisa ki gen nan metòd sa?**

Kapòt, ligati twonp epi vazektomy. 2 dènye yo fèt pou toutan. Ligati twomp se pou fi, vazektomy pou gason. Metòd sa yo, se pou fi ak gason ki fin fè pitit, ki deside rete nèt pou yo ka kontinye jwi lavi yo san kè sote.

Fasilitatè a ap mande patisipan yo pou reyini nan gwoup 4 moun pou yo fè pwochen aktivite a.

AKTIVITE POU TOUT GWROUP

AKTIVITE 32– KAPÒT- Tout Gwoup – 15 MINIT

- Di tout sa nou konn tande nan kominote a sou kapòt (ni sak bon, ni sak pa bon)
 - Ki jan jèn yo jwenn li nan kominote ya ?
 - Kisa yo konnen sou jan yo konsève kapòt?
- Mande pou chak gwoup pataje rezilta travay li.

Demonstrasyon: fasilitatè a ap kanpe nan pozisyon pou tout moun we'l, ak materyèl li pote l'ap fè demonstrasyon itilizasyon kapòt fi ak gason. Lap mande chak patisipan pase devan fin pwatike.

REZIME – KAPÒT

- **Ki sa kapòt ye? Pou kisa yo itilize'l?**

Kapòt, se yon nan pi bon manyè pou yon moun pwoteje tèt li kont maladi li ka pran nan fè bagay.

- **Di kèk prensip pou byen itilize kapòt?**

Fòk kapòt la byen konsève. Fòk li pa ekspire, sa vle di dat li la. Yon kapòt ka sèvi sèlman yon sèl fwa. Ou pa ka itilize menm kapòt la 2 fwa. Si se kapòt gason, fòk gason an retire kòk li tou swit apre lè li fin voye.

- **Kòman yo itilize kapòt fi ?**

Ouvè kapòt la men nou kote li make pou sa. Pa itilize zong, dan nou, oswa lòt materyèl (sizo, kouto, jilèt razwa elatriye) ki ka koupe kapòt la. Peze sèk anba kapòt la pou'l vin an fòm wit. Pran yon pozisyon ou santi w alèz pou w mete'l. Kanpe epi mete yon pye w sou yon chèz, ou ka akwoupi epi ouvè 2 pye'w byen laj oswa kouche ak 2 pye w ouvè. Se pa

pwoblèm si w mete kapòt la yon bon ti tan anvan rapò seksyèl la. Antre sèk ou te peze a tou dousman anndan bouboun nan. Atansyon pou kò kapòt la pa tòde. Foure dwèt ou anndan kapòt la epi pouse'l jouk li rantre byen fon nan bouboun nan. Dezyèm sèk la dwe rete deyò bouboun nan epi li dwe kouvri 2 arebò bouboun nan. Fi a dwe kenbe 2 arebò kapòt la pou gason an mete kòk li anndan kapòt la. Atansyon pou kòk la pa pase sou kote. Gason an pa blije wete kòk la anndan bouboun nan anvan kòk la mouri. Pou wete kapòt la, fi a dwe tòde sèk ki deyò a pou anpeche dechay la tonbe epi rale kapòt la tou dousman. Mare'l epi jete'l yon kote pou moun pa jwenn li.

- **Kòman yo itilize kapòt gason?**

Fòk kòk la byen rèd oswa bande. Ouvè kapòt la men nou kote li make pou sa. Pa itilize zong, dan nou, oswa lòt materyèl (sizo, kouto, jilèt razwa elatriye) ki ka koupe kapòt la. Devlope kapòt la nan bon sans li sou kòk la. Kenbe tèt kapòt la ak 2 dwèt yon jan pou pouse van an soti ladan'l. Si lè a pa soti, kapòt la ka pete pandan rapò seksyèl la epi tout kalite malè ka rive (maladi oswa gwosès). Si gason an pa sikonsi, rale po pwent kòk la desann anvan ou mete kapòt la. Toujou kenbe tèt kapòt la pandan wa'p mete'l sou kòk la epi devlope'l nèt jouk anba ak anpil prekosyon. Pa janm met 2 kapòt youn sou lòt. Sonje toujou mete kapòt la anvan tout kontak pou'w ka pwoteje tout bon vre kit se pou fè sèks nan devan oswa nan dèyè. Lè gason an fin voye, li pa dwe kite kòk la mouri anndan bouboun nan. Li dwe kenbe kapòt la pa anba lè lap wete kòk la nan bouboun nan. Wete kapòt ak prekosyon pou dechay la pa tonbe. Mare kapòt la epi jete'l yon kote pou moun pa jwenn li.

- **Ki kote nou ka jwenn enfòmasyon sou planin?**

An Ayiti an jeneral moun jwenn enfòmasyon sou planin nan nenpòt sant sante ak dispansè epi nan lokal kèk enstitisyon tankou Profamil, Maison des Jeunes VDH, klinik plis kontwòl FOSREF yo, elatriye.

ENFÒMASYON POU MANTÒ A: An Ayiti, sou chak 100 moun gen anviwon 3 ki enfekte ak jèm SIDA, plis soti nan kategori ki pi jèn yo. Laj lajènès se lè timoun yo bezwen fè anpil eksperyans nan zafè seksyalite ak fè bagay, yo chanje patnè souvan, yon sèl bagay ki ka pwoteje yo kont maladi yo ka pran nan fè bagay sitou SIDA k'ap detwi lavi moun

se kapòt. Kidonk li enpòtan pou tout timoun, tifi oswa ti gason gen kapasite pou yo itilize korèkteman yon kapòt. Fòmasyon sa se yon bon espas pou apran yo itilize'l epi diskite de tout kwayans kap sikile nan kominote a sou zafè kapòt.

Gen yon lòt bagay ki pwoteje moun kont tout pwoblèm moun ka kontre nan fè bagay : gwosès sanzatan, enfeksyon ak maladi, elatriye, li rele **PA FÈ BAGAY DITOU** oswa abstinans. Se sèl metòd ki pwoteje moun a san pou san (100%) kont tout sa moun ka trape nan fè bagay.

Nòt pou mantò yo:

Nan peyi Ayiti, gen anpil bagay moun kwè nan yo sou zafè planin ak gwosès se sa ki fè nou mete yon lis bagay nou konn tande moun fè, nou rele yo son lari a. Li ka sèvi baz pou diskite ak patisipan yo sou koze planin ak gwosès. Ou ka toujou mete lòt bagay nan lis la nan diskisyon ak patisipan yo nan fòmasyon an.

Son lari a:

| Planin | Pou jete pitit (avòtman) |
|--|--|
| Grenn maskrikiti (yonn pou chak lane) | Te ti bom, te pèsy. |
| Dlo sale avan rapò seksyèl | Dlo sale, dlo glase, byè glase ak saridon, koka glase +sel avan manje, dlo digo avan manje, koka glase, diven+ginès, |
| | Grenn sitotèks, klowokin, grenn kamoken, grenn kamomiy, “grenn koupe tèt,” |
| | Lavaj nan matris, ale kay chalatan |

Li enpòtan pou Mantò a eksplike patisipan yo metòd sa yo se pa metòd la syans rekonèt, kidonk nou pa ka di si yo mache ou pa ni konsekans sa ka genyen sou sante yon moun.



Aprè rezime a fasilatè ap itilize menm kesyon pretès yo ak menm ti gwoup yo pou fè pòstès la.

REFLEKSYON POU TIFI YO

Si ou konnen yon tifi gen anpil aktivite seksyèl epi li di'w kisa li ta ka fè pou li pa tonbe ansent, sa ou t'ap di li ?

Ou menm kòman enfòmasyon sa pral chanje lavi ou?

SEKANS 24

Mwen pwoteje
tèt mwen,
mwen pwoteje
w

Nou pap fè bagay
san pwoteksyon
pou nou pa pran
maladi





| | |
|-----------------|---|
| Tit | MALADI MOUN KA PRAN NAN FÈ BAGAY (FÈ SEKS) SAN PWOTEKSYON |
| Objektif | <ol style="list-style-type: none"> 1. Konnen kèk maladi moun ka pran nan fè bagay, siy yo ak tretman ki genyen. 2. Konnen tout fason pou pwoteje tèt ou kont maladi sa yo. 3. Konnen kisa SIDA ye, kijan li aji, tretman ki genyen 4. Enpòtans pou yo chache konnen si yo gen jèm maladi sa yo sitou SIDA epi konnen ki kote yo bay swen pou yo 5. Konnen kijan pou yo viv ak yon moun ki gen SIDA san yo pa pè'l, ni imilye' l. |
| Dire | 1èd tan ak 30 minit |



Kisa Nap bezwen (lis materyèl):

- Istwa yo
- Flipchat
- Imaj Sekans #24



Konsiy: Mantò a ap li istwa pou patisipan yo oswa lap envite kek volontè li istwa a. Apre lap envite yo reflechi nan gwoup sou istwa a.

Anvan fasilite a rantre nan sijè a, lap envite patisipan yo fòme gwoup 5 moun pou reponn ak kesyon pretès yo.

| KESYON POU TESTE KONESANS PATISIPAN YO | |
|--|---|
| <ul style="list-style-type: none"> • Site tout maladi ou konnen moun ka pran nan fè bagay ? • Ki konsekans yo sou lavi moun? | <ul style="list-style-type: none"> • Ki sa pou yon fi ka fè pou pwoteje tèt li kont maladi sa yo ? |

AKTIVITE POU GWROUP TIMOUN 10-14 LANE

AKTIVITE 33- JWÈT MANMAN AK PAPA – TIMOUN 10-14 LANE 30 MINIT

Ryana gen 10 lane, manman 'l mouri lè'l te gen laj 5 lane ak maladi SIDA, lap viv nan kay ak sè'l ki gen 20 lane, ki se yon machann, li pase jounen li nan lari. Ryana pase jounen pa'l, ap fè jwèt manman ak papa ak pitit vwazen' l yo ki se 3 ti gason ak 2 tifi. Nan jwèt sa, ti gason yo fwote ti kòk yo nan ti boubounn ti fi yo, san panse sou okenn konsekans oswa posiblite pou yo trape enfeksyon oswa maladi moun ka pran nan fè bagay. Yon jou, Ryana gen vant fè mal, sè'l pa al vann pou'l mennen'l nan sant sante a. Li fè plizye vwayaj konsa kay doktè, yo preskri'l anpil lòt medikaman tankou, medikamen pou vèmin elatrye ... se sèlman lè li komanse gen gwo lafyèv epi dlo k'ap koule nan kilòt li gèn move lodè, doktè fini pa wè se yon maladi moun ka pran nan fè bagay Ryana genyen.

Aprè lekti istwa a, Fasilitatè a ap poze timoun yo kesyon sa yo :

- Kisa yo menm yo konprann de maladi Ryana?
- Pou kisa dapre yo doktè pat wè tou swit sa Ryana genyen ?
- Si Ryana pa jwenn bon jan swen ki sa ki ka rive'l ?
- Ki konpòtman pou'l genyen lè li fin trete ?

AKTIVITE POU MANTÒ AK GWROUP TIMOUN 15-19 LANE

AKTIVITE 33 - ISTWA MARIA – 30 MINIT 15-19 LANE

Maria gen 15 lane, lap viv ak grann li nan lokalite Gran Boulaj. Li se sèl timoun ki nan kay la. Li pa konn papa'l. Manman'l mouri depi lè li te gen 10 lane. Lap fè 4iem ane fondamantal. Li gen yon bon zanmi, Janin kap viv nan menm lokalite ak li. Yo toujou ansanm.

Yon swa pandan medam yo ap jwe marèl ansanm, Joslen ki se gran frè Janin kap viv

Pòtoprens tounen nan bouk la. Li kontan wè kijan Maria grandi, li tounen yon jènn fi. Li di Janin kijan li damou zanmi'l lan. Janin te byen kontan pou Maria vin bèlsò'l. Li ankouraje l' renmen ak Joslen. Maria tonbe damou. Chak swa, li pase yon bout nwit sou galeri lakay li ak Joslen. Yon jou yo decide fè lanmou, depi lè sa yo youn pa ka viv san lòt. Sitiyasyon an kontinye konsa pandan plis pase 4 mwa. Yon jou bouboun Maria kòmanse grate'l. Yon dlo ki gen move lodè, tankou yon pwason pouri tap koule nan kilòt li. Apre plizyè jou, li pale ak Joslen ki konseye al lopital. Lè'l rive nan sant sante a mis la ki konn grann li menase'l. Li di'l li pral pale grann li pou li si pa soti la paske sèvis sa se pou granmoun.

Li tounen lakay li, epi 2 zan apre joslen tounen Pòtoprens. Maria kontinye lavil'l, la'l lekòl. Anpil ane vin pase, li vin tounen pi yo gwo koutiryèz nan bouk la. Li marye ak yon grandon nan zon nan. 2 zan apre mariaj la, li wè li pa ka fè pitit, lè li ale kay doktè, yo fè tès pou li, yo wè kanal fè pitil li bouche. Doktè a di'l, li te gen yon enfeksyon ki rele gonore lè li te pi jèn ki bouche kanal fè pitit li kidonk li pap ka fè pitit. Lè sa, li tou tris, men li sonje, ti istwa nan jenès li, lè li pat ka jwenn sèvis nan sant sante a. An Ayiti, kèk moun kwè moun ka trape enfeksyon lè li chita sou yon bagay ki cho.

Apre lekti istwa a, Fasilitatè a ap poze timoun yo kesyon sa yo:

1. Poukisa daprè yo menm Maria gen enfeksyon epi mennaj li pa genyen?
2. Ki dwa Maria ki pa respekte?
3. Ki lòt maladi yo konnen moun ka pran nan fè bagay? Bay siy ki fèw ka rekonèt yo epi di konsekans yo genyen sou lavi moun?
4. Kòman li te ka pwoteje tèt li ?

Lè patisipan yo fin fè travay la, fasilitatè a ap fè ti rezime sa pandan lap poze yo kèk kesyon yon fason pou fè sentèz sou aktivite a.

REZIME – MALADI MOUN KA TRAPE NAN FÈ SÈKS

- Eske fi ak gason menm jan nan zafè maladi moun ka pran nan fè bagay?

Nan zafè enfeksyon moun ka pran nan fè bagay, akòz jan kò fi yo fèt, yo pi frajil pase gason pou yo trape kèk nan maladi yo.

- **Ki dwa Maria ki pa respekte.**

Tifi yo gen dwa pou yo gen aksè ak bon jan enfòmasyon, ak sèvis ki koresponn ak bezwen yo.

- **Ki maladi moun ka pran nan fè bagay epi ki konsekans yo ka genyen?**

Gen anpil lòt maladi moun ka prann nan fè bagay tankou :

Klamidya. Enfeksyon sa, pi souvan li pa bay okenn siyn, lè li manifeste li bay siyn sa yo: kanal brile, ekoulman kay fi oswa gason, lè se yon fi ki genyen li pi grav sitou lè dire anpil, li fè fi pa ka fè pitit, osinon li fè pitit la al devlope deyò matris la.

Sifilis. Li menm li manifeste sou fòm yon ti bouton di, ki pa fè mal ki parèt andan bounboun pati ki pa gen pwal la osinon sou tèt kok la, epi tou bouton sou po ki pa grate. Kèk tan apre ou ka gen enpresyon guerizon fèt, men se mikwòb la ki kache kòl' pou'l al atake, sèvel moun nan, kè'l, zye'l, nè'l, kanal san'l, elatrye, li ka menm fè yon fi fè pitit ki gen malfòmasyon (andikape).

Hèpès. Li parèt nan bouboun, kòk, twou deyè oswa bouch, sou fòm ti bouton ki fè mal anpil. Lè se fi ki genyen'l si li pa trete li ka atake pitit li pandan li ansent.

VIH. *Nap wè sa pi ba.*

Tretman : Pi fò maladi moun ka pran nan fè bagay gen tretman pou yo. Men yon tifi yo pa dwe deside pran oubyen achete yon medikaman konsa. Souvan an Ayiti yon zanmi'w ka konseye'w achete yon medikaman paske lè li te gen menm pwoblèm ou genyen an doktè li te preskri'l li. Ou pa dwe fè sa, paske chak moun diferan, pa gen anyen ki di'w sa doktè a te preskri li a ap bon pou ou. Kidonk, li enpòtan pou yon moun konnen li dwe ale nan sant sante ki pi pre lakay pou chèche tretman ki bon pou li. Answit fòk moun nan ankouraje patnè li ale kay doktè pou yo ka trete li tou si non se lave men siye atè.

- **Kisa moun nan dwe fè ?**

Yon tifi ki gen yon vi seksyèl aktif, dwe veye kalite sekresyon kap koule nan kilòt li, depi li

wè kantite a ap ogmante epi li gen lodè, fòk li pale sa ak patnè epi ale nan sant sante pou'l ka jwenn swen ki mache ak pwoblèm nan. Fòk li ta evite pran medikaman doktè te preskri zanmi li. Kidonk, tout moun ki vle gen yon vi seksyèl aktif, dwe toujou veye sante li. Li enpòtan tou pou'l jwenn bon jan sèvis ak enfòmasyon ki ka pèmet li pwoteje tèt li kont maladi li ka trape nan fè bagay.

AKTIVITE POU TOUT GWROUP

AKTIVITE 34 - Istwa Jakòb – Tout gwoup 30 MINIT

Jakòb se yon bon ti gason, se yon pwofesè lekòl li ye. Li gen yon mennaj ki rele Lwiz. Lwiz se yon timoun Legliz. 3 mwa avan Jakòb marye ak Lwiz, li ale nan yon fèt chanpèt ak zanmi'l, li bwè yon ti kleren, li sou. Zanmi'l yo pwopoze' l yon tifi nan zòn nan pou li pase sware a. Li asepte epi li fè bagay ak ti fi sa san pwoteje tèt li.

Men apre chanpèt la, li pa jam wè tifi a ankò. Kòm li te gen pou li marye ak mennaj li, li kontinye mennen lavi li nòmalman epi twa mwa apre li marye. Anvan maryaj la, li menm ak Lwiz fè tout tès pastè a mande tankou SIDA. Tout tès yo negatif pou tou lè 2, epi li marye ak mennaj li.

Kèk mwa pa pase li kòmanse malad. Lè li ale kay doktè yo di li gen jèm SIDA nan san'l.

Sitiyasyon an te vin di anpil pou fanmi sa. Sa ki pi rèd, lè kèk moun nan kominote a enfòme de istwa maladi Jakòb la, yo kòmanse pa vle ale lakay yo ankò, yo ralanti sou Jakòb ak madanm li. Menm direktè lekòl kote Jakòb t'ap travay la ap reflechi pou revoke'l.

Apre lekti istwa a, Fasilitatè a ap poze timoun yo kesyon sa yo:

- Kisa nou panse de istwa Jakòb la?
- Ki kote Jakòb pran SIDA?
- Ki konsèy nou te ka bay madan Jakòb?
- Kijan pou Madanm Jakòb mennen vi'l ak Jakòb?
- Pou kisa moun kominote a ak direktè lekòl la te aji konsa ak Jakòb?

Lè patisipan yo fin fè travay la, fasilite a ap fè ti rezime sa pandan lap poze yo kèk kesyon yon fason pou fè sentèz sou aktivite a.

REZIME – MALADI SIDA

- **Ki jan moun ka pwoteje tèt li kont maladi moun ka pran fè bagay?**

Gen plizyè jan ou ka pwoteje tèt ou pou w pa pran maladi nan fè sèks oswa nan aktivite seksyèl ou. Tout moun fèt pou gen yon pozisyon, ki koresponn ak vizyon'l pou'l pwoteje tèt li kont maladi moun ka pran nan fè bagay. Yon moun ka chwazi

- Pa fè bagay ditou yo rele sa abstinans
- Fè bagay ak yon patnè ki pa gen lòt mennaj, epi ki pa deja gen jèm maladi, yo rele sa fidelite
- Mete kapòt.

- **Kilè ak kòman yon moun konnen li fè sida?**

SIDA gen sa yo rele ladan yon peryòd ki rele peryòd fenèt. Nan peryòd sa, mèm si moun gen jèm SIDA, tès la pap pozitif, se sa ki fè, mèm si ou fè yon tès pou yon moun li negatif sa pa vle di li pa gen SIDA, fòk yo tann yon lòt peryòd 3 mwa pou ou refe tès la.

- **Eske gen tretman pou maladi ?**

Pa gen tretman pou maladi SIDA. Men gen medikaman moun nan ka pran pou ede'l viv pi byen epi fè tout aktivite'l menm jan ak tout lòt moun.

- **Ki konsèy nou ta bay madan Jakòb?**

Madan Jakòb ka mennen yon vi nòmal ak mari 'l. Madan Jakòb dwe fè tès SIDA pou'l konnen si'l pa gentan gen jèm SIDA nan san' l. Lap toujou gen rapò seksyèl ak kapòt ak mari'l. Si li vle gen pitit li dwe al pale ak doktè'l. Lap swiv tout entriksyon doktè a rekòmande'l.

- **Kòman ou dwe trete moun ki gen VIH SIDA?**

Fòk nou trete moun ki gen SIDA ak tout respè epi respekte dwa li. Nou pa dwe pè moun ki gen SIDA. Lè moun gen bon enfòmasyon sa pèmèt yo pran bon jan desizyon epi pa mete a kote (diskriminasyon ak stigmatizasyon) moun ki malad ak SIDA. SIDA pa vle di lavi fini. Yon moun ki gen SIDA ka kontinye fè tout aktivite'l pandan l'ap aplike tout bon

konsèy yo ba li nan sant sante kote l'ap swiv la tankou pran medikaman (sil bezwen), byen manje, konpòtman seksyèl ki adapte ak maladi a, rete motive, toujou kwè nan rèv li elatriye. Nou ka manje ak yon moun ki gen SIDA, bo li, ba li lanmen, itilize menm twalèt, douch ak li elatriye.

Aprè rezime a fasilite ap itilize menm kesyon pretès yo ak menm ti gwoup yo pou fè pòstès la.

REFLEKSYON POU TIFI YO

Si ou ta gen yon moun nan katye ou, ki nan men sitiyasyon ak Jakòb ak madanm li, ki sa ou t'ap konseye moun nan kominote a ?

SEKANS 25



138

FÒMASYON SOU ZAFÈ SANTE SEKSYÈL POU TIFI "ESPAS PA'M YO"



SEKANS 25



| | |
|-----------------|---|
| Tit | NEGOSIYASYON POU PRAN BON JAN DESIZYON |
| Objektif | 1. <i>Konnen fason pou negosye, nan koze aktivite seksyèl, pou w pran bon jan desizyon.</i> |
| Dire | 1èd tan ak 30 MINIT |

Kisa Nap bezwen (lis materyèl):

- Flip chat
- Makè
- Chimen jennen
- Imaj sekans 25



Konsiy: Nan sekans sa, patisipan yo pral aprann kisa desizyon ye, fason pou yo pran desizyon k'ap pèmèt byen negosye pozisyon'w yo nan zafè aktivite seksyèl ou ak koze fè pitit.

ENFÒMASYON POU MANTÒ A: Desizyon se yon bagay yon moun ap pran tou lejou. Nan peryòd sa tifi yo ap viv la, yap jwenn moun fè yo yon seri pwopozisyon ki pa nesèsman bon pou yo, oswa koresponn ak objektiv yo fikse pou tèt yo sitou nan sa ki gen pou wè ak vi seksyèl yo. Kidonk li enpòtan pou mantò a ankouraje tifi yo fè anpil analiz yon jan pou yo ka pran bon jan desizyon nan koze aktivite seksyèl nan relasyon yo genyen ak patnè yo. Nan laj sa, tifi yo vilnerab epi moun ka yo ka enfliyanse yo fasil. Si nou pran egzanp kote ti mesye yo ap mande tifi yo pou “bay prèv yo renmen yo, sinon y'ap koupe relasyon ak yo”. Pawòl sa ka fè yo pèdi tèt yo epi fè sa yo pa vle fè.

Anvan fasilite a rantre nan sijè a, lap envite patisipan yo fòme gwoup 5 moun pou reponn ak kesyon pretès yo.

| KESYON POU TESTE KONESANS PATISIPAN YO | |
|---|--|
| <ul style="list-style-type: none"> • Sa nou panse sou negosiyasyon ? | <ul style="list-style-type: none"> • Ki wòl negosiyasyon genyen nan pran desizyon ? |

Mantò a ap montre timoun yo imaj sekans # 25

AKTIVITE POU TOUT GWROUP

AKTIVITE 35- CHIMEN JENNEN – Tout gwoup 30 MINIT

Fasilitatè a ap mande patisipan yo fè 4 gwoup epi l’ap pataje ak chak gwoup yon fèy papye ki gen yon desen “**chimen jennen**”. L’ap ba yo eksplikasyon sou sa yo pral fè nan gwoup yo.

Patisipan yo ap gen pou pati de yon pwen A pou rive a yon pwen B. Y’ap gen plizyè wout devan yo kap pèmèt yo rive nan pwen B, men nan chak wout sa yo gen divès kalte obstak. Gwoup la ap gen pou l’ chwazi yon wout/chimen li panse k’ap pi bon pou li, kote li panse l’ap ka gen bon kontwòl oubyen jwenn enfòmasyon ak kapasite k’ap pèmèt li jere tout obstak li rankontre yo.

Fasilitatè a ap bay 20 minit pou jwèt la. Apre sa, chak gwoup ap vini prezante travay la kote y’ap pwofite reponn ak kesyon sa yo :

- Ki chimen ou chwazi ? Pouki rezon ?
- Sou kisa ou te chita pou chwazi chimen sa ?
- Ki etap ou te swiv pou w pran desizyon w nan? Eksplike kisa ou di tèt ou lè ou tap pran desizyon ou te chwazi a nan chimen jennen an.

Lè patisipan yo fin fè travay la, fasilitatè a ap fè ti rezime sa pandan lap poze yo kèk kesyon yon fason pou fè sentèz sou aktivite a.

REZIME – FASON OU KA PRAN DESIZYON AK PWOSESIS NAN PRAN DESIZYON

- **Kisa desizyon ye?**

Chak jou moun pran anpil desizyon. Gen ladan yo ki enpòtan anpil ki ka make lavi moun nan pou tout rès vi li, konsa gen lòt ki gen mwens enpòtans. Yon desizyon se chwa yon moun fè pami yon pakèt posiblite li genyen devan l. Pran desizyon, se yon egzèsis enpòtan moun fè nan plizyè sitiyasyon nan lavi yo. Moun nan ka gen plizyè posiblite/opsyon ki prezante devan'l. Lè sa a, li chwazi posiblite ki fè plis sans nan je li. Se yon pwosesis ki pa toujou senp.

- **Sou kisa ou chita pou fè chwa sa yo ?**

Chwa sa chita an jeneral sou plizyè bagay tankou valè pèsonèl, rèv, objektif, analiz ki fèt sou sitiyasyon an, enfòmasyon, obsèvasyon, kwayans, eksperyans, konsèy lòt moun, kontrent ki ka prezante elatriye. Sa ki enpòtan oswa ki fè sans pou yon moun ka pa parèt menm jan pou yon lòt moun. Sonje diferan repons nou te jwenn pou chimen jennen an.

- **Lè yon moun ap pran yon desizyon, ki etap li franchi pou l pran desizyon sa ?**

Nou kapab rezime pwosesis pou pran bon jan desizyon nan 4 etap :

- ✓ Tabli byen klè **pwoblèm nan, oswa sitiyasyon** an ki merite ou pran desizyon an. Etap sa a enpòtan anpil. Si ou pa konnen ki sa pwoblèm nan ye ou pap kapab pran yon desizyon ki apwopriye. Tankou yo di nan kreyòl la si ou di doktè a ou gen yon mal dan alòs ou gen yon doulè nan do, doktè a pap kapab ba w medikaman ki pou geri w vre.
- ✓ **Idantifye tout chwa ki genyen.** Pa kouri fè premye chwa a. Idantifye epi analize tout lòt altènativ yo. Sonje chimen jennen an. Ou pat pote boure sou premye wout la. Ou te reflechi anvan epi ou te analize chak grenn wout.
- ✓ **Analize chak chwa ou genyen epi evalye rezilta oswa enpak chak grenn chwa.** Chwa a ka gen efè sou ou, sou fanmi ou, biznis ou elatriye. Gen nan efè ki ka pozitif konsa tou genyen ki ka negatif.
- ✓ **Deside epi fè chwa** ki pi bon pou ou a. Desizyon sa dwe chita sou rezilta tout analiz ou fè yo.

Lè fasilitatè a fin fè rezime sou desizyon an, l'ap mande patisipan si yo gen kesyon. Si wi l'ap pote klarifikasyon pou yo apres a l'ap anchene ak lòt egzèsis la sou pati sa.

AKTIVITE POU TOUT GWROUP

AKTIVITE 36- NEGOSIYASYON POU RIVE PRAN DESIZYON – Tout gwoup 30 MINIT

Fasilitatè a ap mande patisipan yo kenbe menm ti gwoup egzèsis chimen jennen an. Kounye a l'ap mande gwoup yo retounen pou reflechi sou istwa Michlin ak Jesika (Aktivite 29 nan sekans 20).

- ✓ 2 gwoup ka travay sou istwa Michlin la.
- ✓ 2 lòt gwoup yo ap travay sou istwa Jesika.

Fasilitatè a ap mande yo itilize kesyon sa yo, pou gide refleksyon nan gwoup yo.

- Kisa ki fè medam yo te asepte san reflechi ak pwopisizyon mesye yo?
- Kòman nou panse Michlin oubyen Jesika te ka negosye ak mennaj yo, yon jan pou pran desizyon ki pa kontrè ak rèv yo epi objektif yo, san yo pa fwase mesye yo, ni kraze relasyon yo genyen ak yo?
- Kòman medam yo ta ka kominike desizyon sa yo bay mesye?

Lè patisipan yo fin fè travay la, fasilitatè a ap fè ti rezime sa pandan lap poze yo kèk kesyon yon fason pou fè sentèz sou aktivite a.

REZIME – NEGOSIYASYON POU RIVE PRAN EPI KOMINIKE YON DESIZYON

- **Sa sa vle di negosye?**
 - ❖ Negosye se diskite ansanm,
 - ❖ Se diskite ak yon moun sou yon pwoblèm oswa yon sijè ki merite pou w pran yon desizyon.

- ❖ Li pemèt yon koup evite yon seri pwoblèm epi pran desizyon tèt frèt kap bon pou avni yo.
- ❖ Pou sa fèt byen ou ka swiv etap sa yo:
 - Defini objektif ou ki vle di konn ki sa ou vle
 - Chèche enfòmasyon pou agiman w yo ka gen plis fòs
 - Inisyè dialog ak moun ki konsène a pandan wap fè yon rapèl sou sijè ki te merite ou pran desizyon an
 - Pataje objektif ou
 - Eksprime pozisyon w byen klè. Itilize rezilta analiz ou yo pou ka pataje rezon desizyon ou an byen.
 - Fè envantè teren dantant ki posib epi eseye wè pi lwen
 - Li enpòtan pou w tandè pozisyon patnè w la, kite moun nan pale tou
 - Bay pwopozisyon patnè w la valè.
 - Montre l ou konprann pozisyon li, pandan w'ap reprann desizyon w la pou li.
- **Kisa pou w fè pou w mennen bon jan negosiyasyon ak patnè w sou aktivite seksyèl ak zafè fè pitit ?**
 - ❖ Anvan w pran yon desizyon fòk ou toujou analize diferan posiblite ki prezante epi analize tout enpak yo ka genyen sou la vi w, rèv ou ak objektif ou fikse pou tèt ou. Kidonk, toujou tounen sou pwosesis pou pran desizyon.
 - ❖ Lè w finn pran desizyon an pou tèt ou, li enpòtan pou w diskite 'l ak moun ki konsène a. Sou zafè aktivite seksyèl ak koze fè pitit, li enpòtan pou pran tan'w ak san'w pou byen diskite desizyon ou pran ak patnè w. Itilize tout agiman oubyen rezon ki jistifye desizyon'w la.
- **Ki jan pou 'w kominike desizyon ou pran?**

Lè wap kominike desizyon an, li enpòtan pou'w konnen epi fè patnè'w la konnen negosye pa vle di goumen. Ou dwe kite'l pale epi tandè'l ak anpil atansyon, ak respè epi san jije li. Li enpòtan tou pou w diskite desizyon an ak li, pa paske ou pral chanje desizyon'w lan, men se pou w ka rive fèl byen konprann pozisyon'w ak tout rezon ki fè se desizyon sa ou pran.

Avan wa'l diskite sou yon desizyon ou pran sou aktivite seksyèl ak zafè fè pitit ak patnè w li enpòtan pou'w :

- byen konprann sa'w vle,
- byen analize konsekans chwa,
- chèche tout bon agiman ak bon pawòl pou w pataje pozisyon'w yon jan pou'w ka konvenk patnè w la de desizyon ou panse k'ap bon pou nou tou lè de.


• **Ki avantaj ki genyen nan negosye aktivite seksyèl ak zafè fè pitit ak patnè'w?**

Negosye aktivite seksyèl ak zafè fè pitit ak patnè w pèmet ou gen tan pou byen jere lavi'w, aktivite'w, mache sou wout ou vle. Li pèmet ou tou fè bon chwa nan pran bon jan desizyon ki koresponn epi makonnen ak rèv ou ak objektif ou fikse pou tèt ou.

Aprè rezime a fasilite ap itilize menm kesyon pretès yo ak menm ti gwoup yo pou fè pòstès la.

REFLEKSYON POU TIFI YO

Aprè ou fin konn tout etap ki genyen nan pran desizyon ak negosiyasyon, si'w ta gen pou konseye Joslin ak Jesika sou jan pou yo diskite ak meyse yo konsènan zafè aktivite seksyèl, ki agiman ak pawòl ou t'ap di yo itilize yon jan pou yo di mesye yo, desizyon fè sèks san pwoteksyon an pa ale ak rèv yo epi objektif yo? Fè'l nan yon ti jwèt wòl.



FÒMASYON SOU ZAFÈ SANTE SEKSYÈL POU TIFI "ESPAS PA'M YO"